



Kode Mapel : 748GM000

MODUL PENGEMBANGAN KEPROFESIAN BERKELANJUTAN TERINTEGRASI PENGUATAN PENDIDIKAN KARAKTER

MAPEL BAHASA SUNDA SMA/SMK KELOMPOK KOMPETENSI J

PEDAGOGIK:

Réfléksi Pangajaran jeung Penelitian Tindakan Kelas (PTK)

PROFESIONAL:

Wanda Téks jeung Drama Basa Sunda

Penulis

Dr. H. Dingding Haerudin, M.Pd.; 081321994797; dingding_haerudin@yahoo.co.id

Perevisi

Haris Santosa Nugraha, M.Pd.; 085721753378; harisssantosa89@upi.edu

Penelaah

Dr. Hj. Ruhaliah, M.Hum.; 0818215087; ruh_2006@yahoo.com

Ilustrator

Yayan Yanuar Rahman, S.Pd., M.Ed.; yyanuar_r@yahoo.co.id; 081221813873

Cetakan Pertama, 2016

Cetakan Kedua, 2017

Copyright© 2017

Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan
Bidang Taman Kanak-kanak & Pendidikan Luar Biasa, Direktorat Jenderal Guru
dan Tenaga Kependidikan

Hak cipta dilindungi Undang-undang

Dilarang mengcopy sebagian atau keseluruhan isi buku ini untuk kepentingan
komersial tanpa izin tertulis dari Kementerian Pendidikan Kebudayaan



PPPPTK TK DAN PLB BANDUNG
© 2017

ii

KATA SAMBUTAN

Peran guru profesional dalam proses pembelajaran sangat penting sebagai kunci keberhasilan belajar siswa. Guru profesional adalah guru yang kompeten membangun proses pembelajaran yang baik sehingga dapat menghasilkan pendidikan yang berkualitas dan ber karakter prima. Hal tersebut menjadikan guru sebagai komponen yang menjadi fokus perhatian Pemerintah maupun pemerintah daerah dalam peningkatan mutu pendidikan terutama menyangkut kompetensi guru.

Pengembangan profesionalitas guru melalui Program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan merupakan upaya Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan melalui Direktorat Jenderal Guru dan Tenaga Kependidikan dalam upaya peningkatan kompetensi guru. Sejalan dengan hal tersebut, pemetaan kompetensi guru telah dilakukan melalui Uji Kompetensi Guru (UKG) untuk kompetensi pedagogik dan profesional pada akhir tahun 2015. Peta profil hasil UKG menunjukkan kekuatan dan kelemahan kompetensi guru dalam penguasaan pengetahuan pedagogik dan profesional. Peta kompetensi guru tersebut dikelompokkan menjadi 10 (sepuluh) kelompok kompetensi. Tindak lanjut pelaksanaan UKG diwujudkan dalam bentuk pelatihan guru paska UKG pada tahun 2016 dan akan dilanjutkan pada tahun 2017 ini dengan Program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan bagi Guru. Tujuannya adalah untuk meningkatkan kompetensi guru sebagai agen perubahan dan sumber belajar utama bagi peserta didik. Program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan bagi Guru dilaksanakan melalui tiga moda, yaitu: 1) Moda Tatap Muka, 2) Moda Daring Murni (online), dan 3) Moda Daring Kombinasi (kombinasi antara tatap muka dengan daring).

Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan (PPPPTK), Lembaga Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan Kelautan Perikanan Teknologi Informasi dan Komunikasi (LP3TK KPTK) dan Lembaga Pengembangan dan Pemberdayaan Kepala Sekolah (LP2KS) merupakan Unit Pelaksanaan Teknis di lingkungan Direktorat Jenderal Guru dan Tenaga Kependidikan yang bertanggung jawab dalam mengembangkan perangkat dan melaksanakan peningkatan kompetensi guru sesuai bidangnya. Adapun perangkat pembelajaran yang dikembangkan tersebut adalah modul Program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan bagi Guru moda tatap muka dan moda daring untuk semua mata pelajaran dan kelompok kompetensi. Dengan modul ini diharapkan program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan memberikan sumbangan yang sangat besar dalam peningkatan kualitas kompetensi guru.

Mari kita sukseskan Program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan ini untuk mewujudkan Guru Mulia Karena Karya.

Jakarta, April 2017



Direktur Jenderal Guru dan Tenaga
Kependidikan,

Sumarna Surapranata, Ph.D.

NIP 195908011985031002

KATA PENGANTAR

Kebijakan Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan dalam meningkatkan kompetensi guru secara berkelanjutan, diawali dengan pelaksanaan Uji Kompetensi Guru dan ditindaklanjuti dengan Program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan. Untuk memenuhi kebutuhan bahan ajar kegiatan tersebut, Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan Taman Kanak-Kanak dan Pendidikan Luar Biasa (PPPPTK TK dan PLB), telah mengembangkan Modul Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan Mata Pelajaran Bahasa Sunda jenjang SD, SMP, SLB, SMA dan SMK yang terintegrasi Penguatan Pendidikan Karakter dan merujuk pada Peraturan Menteri Pendidikan Nasional Nomor 16 Tahun 2007 tentang Standar Kualifikasi Akademik dan Kompetensi Guru, Peraturan Gubernur Jawa Barat Nomor 69 Tahun 2013 tentang Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada Jenjang Satuan Pendidikan Dasar dan Menengah, serta Permendikbud No. 79 Tahun 2014 tentang Muatan Lokal Kurikulum 2013.

Kedalaman materi dan pemetaan kompetensi dalam modul ini disusun menjadi sepuluh kelompok kompetensi. Setiap modul meliputi pengembangan materi kompetensi pedagogik dan profesional bagi guru Bahasa Sunda. Subtansi modul ini diharapkan dapat memberikan referensi, motivasi, dan inspirasi bagi peserta dalam mengeksplorasi dan mendalami kompetensi pedagogik dan profesional guru Bahasa Sunda.

Kami berharap modul yang disusun ini dapat menjadi bahan rujukan utama dalam pelaksanaan Program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan Mata Pelajaran Bahasa Sunda. Untuk pengayaan materi, peserta diklat disarankan untuk menggunakan referensi lain yang relevan. Kami mengucapkan terimakasih kepada semua pihak yang telah berperan aktif dalam penyusunan modul ini.





PPPTK TK DAN PLB BANDUNG
© 2017

DAPTAR EUSI

KATA SAMBUTAN	iii
DAPTAR EUSI.....	vii
DAPTAR GAMBAR.....	ix
DAFTAR TABEL	xi
DAPTAR LAMPIRAN.....	xiii
BUBUKA	1
A. Kasang Tukang	1
B. Tujuan	3
C. Peta Kompeténsi.....	5
D. Ambahan.....	5
E. Cara Ngagunakeun Modul.....	6
KOMPETÉNSI PÉDAGOGIK	9
KAGIATAN DIAJAR 1 RÉFLÉKSI PANGAJARAN BASA SUNDA DI SMA/SMK.....	11
A. Tujuan	11
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi.....	11
C. Pedaran Matéri.....	11
D. Kagiatan Diajar	26
E. Latihan/Pancén.....	26
F. Tingkesan	26
G. Uji balik jeung Lajuning Laku	28
KAGIATAN DIAJAR 2 PTK DINA PANGAJARAN BASA SUNDA DI SMA/SMK	29
A. Tujuan	29
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi.....	29
C. Pedaran Matéri.....	29
D. Kagiatan Diajar	63
E. Latihan/Pancén.....	64
F. Tingkesan	64
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku.....	66

KOMPETÉNSI PROFÉSIONAL	67
KAGIATAN DIAJAR 3 WANDA TÉKS BASA SUNDA DI SMA/SMK	69
A. Tujuan	69
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi.....	69
C. Pedaran Matéri.....	69
D. Kagiatan Diajar.....	108
E. Latihan/Pancén.....	108
F. Tingkesan	109
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku.....	110
KAGIATAN DIAJAR 4 DRAMA BASA SUNDA	111
A. Tujuan	111
B. Indikator Kahontalna Kompetensi.....	111
C. Pedaran Matéri.....	111
D. Kagiatan Diajar.....	127
E. Latihan/Pancén.....	128
F. Tingkesan	128
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku.....	128
KONCI JAWABAN LATIHAN	131
EVALUASI	135
PANUTUP	145
DAFTAR PUSTAKA.....	147
GLOSARIUM.....	149
LAMPIRAN-LAMPIRAN.....	151

DAPTAR GAMBAR

Gambar 1.1 Peta Kompeténsi Basa Sunda Tahap J	5
Gambar 2.1 Desain PTK	55
Gambar 8. 1 Conto Iklan Baris	104
Gambar 8. 2 Conto Iklan Wawaran Berita	104
Gambar 8. 3 Conto Iklan Tanda (bersandi)	105
Gambar 8. 4 Conto Iklan komik	105
Gambar 8. 5 Iklan teu meunang ngaroko	105
Gambar 8. 6 Conto (2) Iklan bahaya ngaroko.....	106
Gambar 8. 7 Conto Iklan Miara Lingkungan	106
Gambar 8. 8 Conto Iklan Budaya Antri	106
Gambar 8. 9 Iklan ulah miceun runtah dimana waé.....	107



PPPPTK TK DAN PLB BANDUNG
© 2017

DAFTAR TABEL

TabéI 1.1 Réfléksi jeung Lajuning Laku	28
Tabel 2.1 Réfléksi jeung Lajuning Laku.....	66
Tabel 3.1 Réfléksi jeung Lajuning Laku	110
TabéI 4.1 Réfléksi jeung Lajuning Laku.....	129

DAPTAR LAMPIRAN

Lampiran 1 (Sampul Proposal/Laporan PTK).....	151
Lampiran 2 (Lambar Pengesahan Proposal/Laporan PTK)	152
Lampiran 3 (Lambar Observasi Guru)	153
Lampiran 4 (Lambar Observasi Siswa).....	155
Lampiran 5 (Catatan Lapangan)	157



BUBUKA

A. Kasang Tukang

Dina Peraturan Menteri Negara Pendayagunaan Aparatur Negara dan Reformasi Birokrasi (Permen PAN-RB) Nomor 16 Taun 2009 ngeunaan Jabatan Fungsional Guru dan Angka Kreditna ditétélakeun yén guru diwajibkeun pikeun ngumpulkeun sajumlah angka krédit tina kgiatan Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan (PKB). Éta hal téh ngandung harti yén tugas guru teu ngan saukur ngajar, ngabingbing, jeung meunteun wungkul, tapi ogé kudu mekarkeun kamampuh patali jeung profésionalismena.

Lian ti éta, dina Permendiknas No. 16 tahun 2007 ngeunaan Standar Kualifikasi Akademik dan Kompetensi Guru dijéntrékeun yén guru satékahpolah kudu ngalakukeun tindakan réfléktif pikeun ngaronjatkeun kualitas pangajaran. Dina ieu hal, guru ditungtut kudu ngalakukeun réfléksi kana pangajaran nu geus dilaksanakeun di kelas tur ngamangpaatkeunana pikeun ngoméan jeung ngamekarkeun pangajaran satuluyna. Kgiatan réfléksi anu dilakukeun sacara tuluy-tinuluy bisa mantuan ngaronjatkeun profésionalisme guru dina ngalaksanakeun pancén jeung tanggungjawabna.

Salah sahiji unsur dina ngamekarkeun kamampuh profésionalismena téh nyaéta nyusun publikasi ilmiah. Publikasi ilmiah nu ilahar dilakukeun ku guru nyaéta nyusun laporan Panalungtikan Tindakan Kelas (PTK). Ku kituna, PTK kudu dikawasa jeung bisa dilarapkeun ku guru dina raraga ngamekarkeun profésionalisme jeung mantuan dina maham karakteristik muridna (peserta didik).

Dina Peraturan Menteri Pendidikan Nasional Nomer 16 Taun 2007 dijéntrékeun yén salah sahiji Kompeténsi anu kudu kacangking ku guru nyaéta ngawasa karakteristik murid nu patalina jeung aspék fisik, moral, sosial, kultural, émosional, jeung inteléktual. Sajaba ti éta, guru ogé diperedih pikeun ngaderes, neuleuman, maham, jeung mampuh matéahkeun dasar-dasar atikan.

Pikeun nyumponan katangtuan katut program anu kaunggel di luhur, PPPPTK TK PLB Bandung nyusun modul J minangka sarana pikeun ngaronjatkeun kamampuh Guru Basa Sunda boh widang pédagogik boh widang profésional.

Dina widang pédagogik, dipedar ngeunaan konsép jeung prakprakan Penelitian Tindakan Kelas (PTK) dina pangajaran basa Sunda di SMA/SMK. Ari dina widang profésional dipedar konsép wanda téks sarta aprésiasi drama basa Sunda.

Kompeténsi pédagogik jeung kaprofésional éta téh diadumaniskeun kana konsép ngukuhan atikan karakter anu ngawengku lima ajén-inajén dasar, nyaéta réligius, nasionalis, mandiri, gotong royong, jeung integritas. *Ajén réligius* bisa katingali tina paripolah ngalaksanakeun ibadah jeung kataatan kana ajaran agama nu dicepengna, ngajénan kana rupaning agama, tur ngariksa kana sakumna ciptaan Mantenna. *Ajén nasionalis* katitén tina cara mikir jeung paripolah anu satia, *peduli*, tur ngajén kana bédana basa, lingkungan fisik, sosial, budaya, ékonomi, sarta pulitik. *Ajén mandiri* bisa katitén tina sikep anu teu gumantung ka nu séjén jeung daék mikir tur bajoang pikeun ngahontal harepan jeung angen-angen. *Ajén gotong royong* ébréh tina paripolah anu daék gawé bareng, rempug jukung sauyunan dina nyanghareupan pasualan, resep nyarita jeung teu kurung batok, sarta daék nulung ka nu butuh nalang ka nu susah. Pamungkas, *Ajén integritas* mangrupa ajén anu ngadadasaran hiji jalma dina ngalaksanakeun pagawéan sangkan bisa dipercaya, boga komitmen jeung tuhu kana ajén kamanusaan katut moral.

Lima ajén-inajén di luhur ngajanggélék dina proses pangajaran nu aya dina ieu modul. Sanggeus medar ieu modul, guru dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuhna tur ngalarapkeun ajén-inajén Penguatan Pendidikan Karakter (PPK) dina hirup kumbuh sapopoé, boh keur dirina sorangan boh népakeun ka nu séjén.

B. Tujuan

Tujuan anu baris dihontal dina matéri Modul Program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan Basa Sunda Kelompok Kompeténsi J, diwincik dina Kompeténsi Inti (KI), Standar Kompeténsi Guru (SKG), jeung Indikator Kahontalna Kompeténsi (IPK) kalawan dibarung ku ajén inajén atikan karakter réligius, nasionalis, mandiri, gotong royong, jeung integritas.

Kompetensi Inti (KI)

10. Melakukan tindakan reflektif untuk peningkatan kualitas pembelajaran.
23. Mengembangkan keprofesionalan secara berkelanjut-an dengan melaku-kan tindakan reflektif.
20. Menguasai materi, struktur, konsep, dan pola pikir keilmuan yang mendukung mata pelajaran yang diampu.

Standar Kompetensi Guru (SKG)

- 10.1 Melakukan refleksi terhadap pembelajaran yang telah dilaksanakan.
Memanfaatkan hasil refleksi untuk perbaikan dan pengembangan
- 10.3 pembelajaran dalam mata pelajaran yang diampu.
Melakukan penelitian tindakan kelas untuk meningkatkan kualitas pembelajaran dalam mata pelajaran yang diampu.
- 23.1 Melakukan refleksi terhadap kinerja sendiri secara terus-menerus.
- 23.2 Memanfaatkan hasil refleksi dalam rangka peningkatan keprofesionalan.
- 23.3 Melakukan penelitian tindakan kelas untuk peningkatan keprofesionalan.
- 20.4 Memiliki keterampilan berbahasa Sunda (menyimak, berbicara, membaca, dan menulis).
- 20.5 Memahami teori dan genre sastra Sunda.
- 20.6 Mampu mengapresiasi karya sastra Sunda, secara reseptif dan produktif.

Indikator Pencapaian Kompetensi (IPK)

- 10.1.1 Menentukan komponen pembelajaran yang perlu diperbaiki berdasarkan hasil refleksi pembelajaran.
- 10.2.1 Menggunakan hasil refleksi untuk perbaikan pembelajaran bahasa Sunda.
- 10.2.2 Menggunakan hasil refleksi untuk pengembangan pembelajaran bahasa Sunda.
- 10.3.1 Menggunakan PTK dalam pembelajaran bahasa Sunda.
- 23.1.1 Mengidentifikasi kegiatan-kegiatan refleksi atas kinerja sendiri.
- 23.2.1 Menetapkan tindak lanjut hasil refleksi kinerja.
- 23.3.1 Mengubah hasil penelitian tindakan kelas untuk peningkatan profesi guru bahasa Sunda.
- 20.4.8 Menemukan isi teks (wacana) percakapan bahasa Sunda.
- 20.4.9 Menemukan isi teks (oto)biografi bahasa Sunda.
- 20.5.14 Mengidentifikasi bentuk cerita drama.
- 20.6.14 Menemukan unsur- unsur intrinsik cerita drama.

Tina KI, SKG, jeung IPK di luhur tujuan ieu modul diwincik deui sangkan Sadérék mibanda pangaweruh jeung kamampuh ngeunaan dua hal, nyaéta:

- 1. Ngawasa konsép jeung prakprakan réfléksi pangajaran sarta lajuninglakuna ngaliwatan PTK dina raraga ngaronjatkeun kualitas pangajaran kalawan sinambung tur mayeng, jeung
- 2. ngawasa konsép wanda téks jeung nyusun bahan/naskahna sarta hakékat drama tur aprésiasina nu ngarojong kana pangajaran basa Sunda di SMA/SMK.


Anapon tujuan husus anu kudu dihontal tina pedaran ieu modul nyaéta sangkan Sadérék ngawasa:

- a. konsép jeung prakprakan réfléksi pangajaran basa Sunda di SMA/SMK;
- b. lajuning laku hasil répléksi ngagunakeun PTK;
- c. téori jeung konsép wanda téks basa Sunda di SMA/SMK katut nyusun bahan/naskahna; jeung
- d. konsép drama basa Sunda di SMA/SMK jeung aprésiasina.

Opat tujuan husus di luhur kudu dihontal ngaliwatan paripolah kagiatan diajar kalawan diwewegan ku ajén-inajén atikan karakter réligius, nasionalis, mandiri, gotong royong, jeung integritas. Satuluyna, bisa maham tur biasa ngalarapkeun éta ajén-inajén karakter dina gawé jeung kahirupan sapopoé.

C. Peta Kompeténsi

Peta Kompeténsi kagiatan diajar Pembinaan Kompetensi Guru Basa Sunda pikeun Guru basa Sunda tahap J Sekolah Menengah Atas/Sekolah Menengah Kejuruan (SMA/SMK) katitén saperti gambar ieu di handap.



Gambar 1.1 Peta Kompeténsi Basa Sunda Tahap J

D. Ambahan

Matéri anu dipidangkeun dina ieu modul nyoko kana wengkuan téori jeung prak-prakan réfléksi pangajaran sarta lajuninglakuna ngaliwatan PTK dina raraga ngaronjatkeun kualitas pangajaran basa Sunda di SMA/SMK, sarta matéri ngeunaan téori jeung konsép wanda téks jeung drama katut aprésiasina. Saluyu jeung ambahan éta bahan, péréléan ieu matéri diwangun ku 4 Kagiatan Diajar saperti ieu di handap.

- Kagiatan Diajar 1: Medar réfléksi pangajaran basa Sunda di SMA/SMK (hakékat réfléksi pangajaran, ngalaksanakeun réfléksi pangajaran, ngamangpaatkeun hasil réfléksi pangajaran, jeung lajuning laku hasil réfléksi pangajaran)
- Kagiatan Diajar 2: Medar PTK dina Pangajaran Basa Sunda di SMA/SMK (hakékat, rarancang, prakprakan, jeung nyarungsum proposal tur laporan PTK)
- Kagiatan Diajar 3: Medar wanda téks basa Sunda di SMA/SMK (wangenan, watesan, usur, jeung conto téks paguneman, biografi jeung otobiografi, iklan, sarta warta)
- Kagiatan Diajar 4: Medar drama basa Sunda (wangenan, kamekaran, watesan, wanda, unsur-unsur, jeung aprésiasi drama)

E. Cara Ngagunakeun Modul

Sangkan eusi ieu modul bisa kacangking kalawan gembleng, ieu di handap aya sawatara hal anu perlu diperhatikeun ku Sadérék.

1. Kudu yakin yén ieu modul téh aya mangpaatna keur sadérék. Kudu ditarékahana sangkan Sadérék meunang informasi atawa luang tina modul nu dibaca.
2. Baca kalawan imeut unggal bagian nu aya dina unggal kagiatan pangajaran, kayaning tujuan, indikator kahontalna Kompeténsi, pedaran matéri, Kagiatan Diajar, latihan-pancén boh individual boh kelompok, tingkesan, uji Balik jeung lajuning lakuna.
3. Titénan jeung pigawé latihan nu dipidangkeun dina unggal ahir jejer pedaran kalawan daria. Sangkan teu poho, jieun catetan husus tina unggal bahan nu dipidangkeun.
4. Kamampuh atawa kompeténsi Sadérék dina ngawasa bahan ieu kagiatan diajar baris dipeunteun ku hasil tés jeung laporan pancén pribadi, anu ngawengku (1) hakékat PTK, (2) prosedur PTK dina pangajaran basa

Sunda di SMA/SMK, (3) wanda téks basa Sunda, sarta (4) hakékat jeung aprésiasi unsur drama basa Sunda.

5. Dina maca, nengetan, jeung ngulik bahan-bahan nu aya dina ieu modul Sadérék dipiharep pikeun maca jeung ngulik sacara sistematis tur taliti, turta dibarung ku sikep-sikep nu némbongkeun karakter réligius, nasionalis, mandiri, gotong-royong, jeung integritas.
6. Lamun manggihan bangbaluh dina nyangkem bahan jeung ngajawab latihan atawa soal, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung kancamitra séjénna atawa nanyakeun ka instruktur.

KOMPETÉNSI PÉDAGOGIK

RÉFLÉKSI PANGAJARAN

JEUNG PENELITIAN TINDAKAN KELAS

(PTK)

KAGIATAN DIAJAR 1

RÉFLÉKSI PANGAJARAN BASA SUNDA DI SMA/SMK

A. Tujuan

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar 1, Sadérék dipiharep nyangking pangaweruh jeung kamampuh ngeunaan 1) hakékat réfléksi pangajaran; 2) ngalaksanakeun réfléksi pangajaran; 3) ngamangpaatkeun hasil réfléksi pikeun Pengembangan Profési Berkelanjutan (PKB); jeung 4) lajuning laku réfléksi pangajaran binarung ajén atikan karakter réligius, nasionalis, mandiri, gotong royong, jeung integritas.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalna kompeténsi dina ieu kagiatan nyaéta Sadérék bisa

1. ngaidéntifikasi hakékat réfléksi pangajaran kalawan tanggung jawab;
2. ngalaksanakeun réfléksi pangajaran kalawan gawé bareng;
3. ngamangpaatkeun réfléksi pikeun Pengembangan Profési Berkelanjutan (PKB) kalawan kréatif; jeung
4. idéntifikasi lajuning laku réfléksi pangajaran kalawan percaya diri.

C. Pedaran Matéri

1. Hakékat Réfléksi Pangajaran

Wangenan Réfléksi Pangajaran

Dina Permendiknas No. 16 Tahun 2007 ngeunaan *Standar Kualifikasi dan Kompetensi Pendidik*, pendidik atawa guru dikudukeun ngalakukeun tindakan réfléktif dina raraga ngaronjatkeun kualitas pangajaran. Lian ti éta, réfléksi pangajaran ogé mangrupa bagéan tina kompeténsi pédagogik anu kudu dilakukeun ku guru profésional. Guru ditungut bisa ngalaksanakeun kagiatan réfléktif kana pangajaran anu geus dilaksanakeun di kelas, sarta ngamangpaatkeun hasil réfléksina éta pikeun ngoméan jeung ngamekarkeun pangajaran anu diampuna.

Aya sababara wangenan réfléksi anu di tétélakeun ku para ahli. Di antarana nurutkeun Knowles & Cole (1994) réfléksi dihartikeun salaku prosés *inquiri* anu dilakukeun sacara kritis jeung tuluy tinuluy ngeunaan hiji kabiasaan atawa paripolah guru dina pangajaran dina raraga ngoméan pangajaran anu dilakukeunanna. Éta pamadegan téh dirojong ku sawangan nu ditétélakeun ku Reid (1995) anu nganggap yén réfléksi téh salaku hiji prosés ngalenyepan atawa nengetan (*review*) pangalaman pangajaran nu dilakukeun ku guru ku cara ngadéskripsiéun, nganalisis, jeung ngévaluasi prak-prakan pangajaran anu geus dilakukeun ku hiji guru.

Lian ti disawang salaku prosés, réfléksi ogé dihartikeun salaku métode atawa cara ngahontal tujuan pangajaran. Éta hal téh kungsi diunggelkeun ku Chruckshank (1987) anu nétélakeun yén réfléksi mangrupa métode pikeun ngahontal pangajaran anu geus ditangtukeun saméméhna. Hartina, kgiatan réfléksi téh mangrupa kgiatan sistematis nu ngatur jeung ngontrol kahontal henteuna tujuan pangajaran. Ari disawang tina mangpaatna Ostermén & Kottkamp (2000) nyawang kgiatan réfléktif salaku dasar dina ngamekarkeun kompetensi profésional nu luhur dina prakték pangajarna anu kompléks. Pamikiran réfléksi éta kacida pentingna pikeun guru dina ngontrol pangajaran sarta méré kakuatan dina nyokot kaputusan.

Leuwih jembarna deui Blound (1985) dina Payong (2011) nétélakeun yén réfléksi mangrupa istilah generik pikeun kgiatan intelektual nu éféktif salaku bagian tina prosés diajar sarta individu-individu nu kalibet dina éta prosés satékah polah maluruh pangalamanana pikeun mantuan nyangkem, ngaprésiasi, jeung nganalisa naon anu geus dilakukeun, nahe dilakukeun, kumaha prak-prakan, jeung kumaha hasilna. Ku kituna réfléksi pangajaran mangrupa tindakan guru pikeun ngalenyepan jeung intropéksi kana prosés diajar ngajara nu geus dilakukeun, ngawengku rarancang, prakprakan, jeung hasil pangajaran anu dilakukeunana. Tina hasil réfléks pangajaran, guru kudu bisa numuwuhkeun parobahan-parobahan boh dina wengkuán paradigma, konsép, stratégi, jeung pamarekan anu leuwih édukatif, parobahan

kurikulum, boh parobahan kawijakan. Tindakan réfléktif éta mangrupa bagian anu teu bisa dipisahkeun tina tarékah ngaronjatkeun kualitas atikan.

Lian ti éta, Herry Susilowati (2015) kungsi nétélakeun yén réfléksi minangka hiji kgiatan anu dilaksanakeun dina proses diajar-ngajar anu prinsipna mangrupa kgiatan ngajén nu dilakukeun ku murid ka guruna. Éta hal bisa dilaksanakeun kalawan tinulis atawa lisan – upamana ku cara dialog antara guru jeung murid. Perkara anu ditepikeun murid bisa mangrupa ébréhan eusi haténa, kesan, pesen, harepan, sarta saran atawa koméntar anu sipatna ngadeudeul ngaronjatna prosés pangajaran. Ku lantaran kitu, naon waé hasil kgiatan réfléksi kudu ditarima kalawan wijaksana boh ku guru boh ku murid anu tujuanana sangkan prosés jeung hasil diajar leuwih nyugemakeun. Kgiatan réfléksi dilaksanakeun kalawan didadasaran ku ayana kodrat (sunatullah) yén salaku manusa (boh guru boh murid) nu teu salawasna aya dina bener. Ku cara réfléksi sagala rupa hal anu jadi bangbaluh dina pendidikan bakal bisa kaungkulán. Ku lantaran kitu penting pisan pikeun saurang guru ngabogaan jiwa ‘jembar manah’ (lapang dada), nya kitu ogé salaku murid kudu diaping ku guru sangkan boga jiwa sonagar, teu ngemu hiji masalah, terbuka, sarta diajar wani nepikeun hal anu sabenerna.

Dumasar sawangan para ahli di luhur, bisa dicindekkeun yén réfléksi mangrupa hiji prosés ngalenyepan prak-prakan pangajaran kalawan kritis jeung tuluy-tinuluy pikeun nyangking déskriptif, hasil analisis, jeung évaluasi hiji pangajaran anu geus dilaksanakeun ku pendidik atawa guru. Ari aspék anu jadi objék dina prak-prakan réfléksi bisa mangrupa modél atawa métode pangajaran, média anu digunakeun, wengkuan matéri anu geus ditepikeun, atawa évaluasi anu dilaksanakeun ku guru pikeun nganalisa naon anu geus dilakukeun, naha dilakukeun, kumaha prak-prakanan, jeung kumaha hasilna.

Réfléksi teu ngan saukur diarahkeun pikeun maluruh hal-hal anu sipatna rutin, tapi ogé bisa dipaké maluruh hal-hal anu leuwih jembar, saperti halna kualitas interaksi guru jeung siswa, kalibetna siswa dina pangajaran, kamekaran sikep siswa, luhur handapna pangaweruh jeung

kamampuh nu dicangking ku siswa, situasi diajar, hasil diajar, jrrd. Legana diménsi réfléksi gumantung kana kabutuhan jeung urgensi informasi anu diperlukeun pikeun ngarojong perbaikan kualitas pangajaran anu dilaksanakeun. Lian ti éta réfléksi ogé mangrupa bagian prosés pengembangan profésionalisme guru.

Tujuan Réfléksi Pangajaran

Réfléksi pangajaran penting dilakukeun pikeun tujuan mantuan guru dina

- a. méré informasi positif ngeunaan kumaha cara guru ngaronjatkeun kualitas pangajaranana sakaligus bahan observasi pikeun mikanyaho tepi ka mana kahontalna tujuan pangajaran;
- b. nganalisis tingkat kahontalna prosés jeung hasil diajar siswa;
- c. ngalakukeun évaluasi diri ngeunaan prosés diajar nu geus dilakukeun’;
- d. ngaidéntifikasi faktor-faktor nu nyababkeun gagal atawa hadéna pangajaran;
- e. ngararancang tarékah optimalisasi prosés jeung hasil diajar; jeung
- f. ngoméan jeung ngamekarkeun pangajaran saluyu jeung mata pelajaran nu diampu atawa matéri ajar nu ditepikeun.

Ari tujuan réfléksi panngajaran keur siswa mah nyaéta pikeun ngahontal kasugemaan diri siswa dina nyangking wadah anu merenah dina ngalakukeun komunikasi positif jeung guru.

Prinsif Réfléksi Pangajaran

Sangkan réfléksi pangajaran bisa dilaksanakeun sacara éfektif jeung éfisién, aya sababaraha prinsip anu kudu diperhatikeun. Éta prinsip-prinsip téh ngawengku prinsip tuluy-tinuluy (berkelanjutan), gembleng (komprehensif), gabung (terintegrasi), jujur, sistematis, jeung kontéktual

- a. Tuluy-tinuluy (berkelanjutan)

Réfléksi pangajaran dilakukeun sacara tuluy tinuluy jeung sinambung. Hartina nalika manggihan hiji hal (temuan) dina réfléksi kudu aya lajuning lakuna dina raraga ngoméan pangajaran satuluyna.

b. Gembleng (komprehensif)

Réfléksi pangajaran dilaksanakeun pikeun sakabéh dimensi pangajaran, boh rarancang, prak-prakan, boh hasil pangajaran. Réfléksi kana prakték pangajaran kudu dilakukeun dina raraga nyokot gambaran sabenerna boh kinerja guru atawa siswa, situasi pangajaran, boh diménsi séjén dina prak-prakan pangajaran. Tapi tangtu aspék rarancang jeung hasil diajar anu dihontal téh kudu dijadikeun réfléksi atawa gambaran tina nyusun rencana tindakan perbaikan nu rék dilaksanakeun.

c. Gabung (terintegrasi)

Réfléksi pangajaran kudu dilakukeun sacara gabungan (integrasi) antar aspék pangajaran. Réfléksi kana prak-prakan pangajaran teu bisa leupas tina rarancang pangajaran anu geus dilakukeun saméméhna. Kitu ogé prak-prakan jeung rarancang kudu dipatalikeun jeung hasil anu dihontal siswa. Hartina dina ngalaksanakeun réfléksi teu bisa sawilah-sawilah tapi kudu diintegrasikeun antara hiji aspék jeung aspék séjenna sangkan guru bisa nyangking gambaran pangajaran anu gembleng patali jeung prak-prakan tugas profésina.

d. Jujur

Réfléksi pangajaran kudu dilakukeun sacara jujur pikeun nyangking hasil anu sabenerna. Guru teu kudu nutupan fakta atawa informasi anu kapanggih tina hasil réfléksi lantaran sieun ngaragragkeun harga dirina nalika aya kakurangan. Jujur dina ngalakukeun réfléksi, bisa jadi pamiangan kana kapaluruhna tarékah ngungkulon atawa ngoméan éta pasualan.

e. Sistematis

Réfléksi pangajaran kudu dilakukeun kalawan léngkah-léngkah anu jelas jeung terencana (sistematis) sangkan hasilna leuwih nyugemakeun jeung gampang maluruhna. Réfléksi anu dilakukeun tanpa rencana jeung léngkah anu teu jelas atawa kumaha engké

(*spontanitas*), ilaharna hasilna tara nyugemakeun tur hésé disusud atawa dipaluruhna lebah mana kakurangan éta pangajaran. Ahirna mah hasil réfléksi teu bisa ngungkulan pasulanan sangkan ngaronjatkeun kualitas pangajaran anu dipiharep.

f. Kontéksstual

Réfléksi pangajaran dilakukeun ku cara merhatikeun lumangsungna situasi atawa kontéks pangajaran anu dilaksanakeun. Réfléksi pangajaran teu meunang ngan saukur ngandelkeun tina tiori atawa pamadegan para ahli, tapi kudu merhatikeun sacara gemet situasi atawa konték nalika lumangsungna pangajaran ogé. Ieu hal dipiharep bisa mantuan guru dina nyindekkeun hasil réfléksi anu saluyu jeung kontéksna nu karandapan langsung.

2. Ngalaksanakeun Réfléksi Pangajaran Basa Sunda di SMA/SMK

Réfléksi pangajaran dilaksanakeun ku cara ngimeutan tujuan pangajaran nu hayang dihontal, prosés pangajaran, jeung hasil pangajaran nu dilaksanakeun.

Refleksi Tujuan Pangajaran

Réfléksi pangajaran bisa dimimitian ku nyurahan tujuan/udagan Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KIKD) nu nyampak dina Kurikulum 2013. Sacara substansial aya opat Kompeténsi Inti nu dipiharep dipibanda ku murid SMA/SMK dina Kurikulum 2013, nyaéta: (1) sikep kaagamaan anu pengkuhagamana– iman jeung takwa ka Allah Swt. (*spiritual quotient*), (2) sikep kamasarakatan – ngabogaan ahlak mulia tur jembar budayana (*emotional quotient*), (3) ngawasaa élmu pangaweruh, tehnologi, jeung seni – luhung elmuna (*intellectual quotient*), jeung (4) ngabogaan kaparigelan tur mandiri – rancagé gawéna (*actional quotient*).

Dumasar kana éta hal, tujuan pangajaran basa Sunda ogé kudu diadumaniskeun jeung kahontalna kompeténsi anu dicangking saréngséna pangajaran. Jadi hasil tina diajar basa Sunda téh dipiharep

sajaba ti jadi jalma anu iman ka Nu Maha Kawasa, sikep anu hadé ka sasama mahlukna, ogé ngabogaan pangaweruh ngeunaan basa, sastra, katut budayana, sarta boga kaparigelan ngagunakeunana dina kgiatan komunikasi sapopoé kalawan hadé tur bener boh lisan bon tulisan.

Aya sawatara tinimbangan umum sangkan udagan di luhur kacangking ku murid saréngséna diajar basa Sunda di sakola.

- a. Murid ngabogaan pangalaman diajar ngagunakeun basa nu bener (*berbahasa*), neuleuman, ngébréhkeun pikiran katut rasa dina wangun karya sastra (*bersastra*) Sunda ku cara lisan jeung tulisan.
- b. Murid miboga sikep nu hadé (menghargai) jeung reueus kana basa Sunda minangka basa daerah di Jawa Barat, anu ogé mangrupa basa indung (*bahasaibu*) pikeun sabagian gedé masarakatna.
- c. Murid maham basa Sunda ditilik tina wangun, harti, jeung fungsi, sarta mampuh tur parigel ngagunakeunana kalawan merenah tur luyu jeung kontéksna (tujuan, kaperluan, jeung kaayaan).
- d. Murid mampuh ngagunakeun basa Sunda pikeun ngaronjatkeun kamampuh inteléktual, émosional, jeung sosial.
- e. Murid ngabogaan kamampuh jeung disiplin dina ngagunakeun basa Sunda (nyarita, nulis, jeung mikir).
- f. Murid mampuh neuleuman jeung ngamangpaatkeun karya sastra Sunda pikeun ngaronjatkeun pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun basa Sunda, mekarkeun kapribadian, jeung ngajembaran pangaweruh dina kahirupanana.
- g. Murid méré ajén tur ngarasa reueus kana karya sastra Sunda minangka khazanah budaya jeung gambaran intelektual manusa Sunda.

Tinimbangan-tinimbangan umum di luhur satulunya digédéngkeun jeung Kompetensi Inti (KI) nu kudu di hontal di unggal jenjang sakola. Ari KI nu aya di jenjang SMA/SMK nyaéta miharep murid bisa:

- a. *Menghayati dan mengamalkan ajaran agama yang dianutnya;*
- b. *Menghayati dan mengamalkan perilaku jujur, disiplin, tanggungjawab, peduli (gotong royong, kerjasama, toleran, damai), santun, responsif*

dan proaktif dan menunjukkan sikap sebagai bagian dari solusi atas berbagai permasalahan dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam serta dalam menempatkan diri sebagai cerminan bangsa dalam pergaulan dunia;

- c. Memahami, menerapkan, menganalisis pengetahuan faktual, konseptual, prosedural berdasarkan rasa ingintahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya, dan humaniora dengan wawasan kemanusiaan, kebangsaan, kenegaraan, dan peradaban terkait fenomena dan kejadian, serta menerapkan pengetahuan prosedural pada bidang kajian yang spesifik sesuai dengan bakat dan minatnya untuk memecahkan masalah;
- d. Mengolah, menalar, dan menyaji dalam ranah konkret dan ranah abstrak terkait dengan pengembangan dari yang dipelajarinya di sekolah secara mandiri, dan mampu menggunakan metoda sesuai kaidah keilmuan.

Lian ti KI anu di jadikeun bahan umum réfléksi pangajaran aya ogé Kompetensi Dasar (KD) nu mangrupa hal nu leuwih spésipik patali jeung tujuan pangajaran basa sunda di SMA/SMK. Anapon KD nu aya di jenjang SMA/SMK secara spesifik diwincik deui dina poko bahasan matéri diunggal jenjang kelas. Poko bahasan pikeun Kelas 10 ngawengku: *biantara, paguneman, biografi dan otobiografi, aksara Sunda, dongéng, carita wayang, carpon, guguritan, jeung sisindiran*. Poko bahasan matéri pikeun Kelas 11 ngawengku: *rumpaka kawih, sajak, mantra, novel, bahasan, déskripsi, warta, jeung wawancara*. Ari poko bahasan matéri pikeun Kelas 12 ngawengku: *wawacan, carita pantun, artikel, memandu acara, terjemahan, jeung drama*.

Tina pedaran di luhur, jéntré pisan udagan-udagan nu kudu dihontal dina pelajaran basa Sunda dina kurikulum 2013 di SMA/SMK. Mun seug guru geus maham kana naon-naon waé udagan dina pangajaran di luhur, saéstuna guru geus bisa ngaréfléksi pangajaran naon anu can nyumponan éta udagan. Mun seug udagan-udagan di luhur can bisa kacumponan hartina aya pasualan dina prosés atawa hasil pangajaran.

Réfléksi Prosés Pangajaran

Réfléksi prosés pangajaran mangrupa hiji hal anu teu gampang dilakukeun ku guru atawa pendidik. Dina émprona réfléksi kana prosés pangajaran ngabutuhkeun kamampuh mikir analitik jeung kritis kana sakabéh data, fakta, atawa fénoména anu patali jeung rumusan, tujuan, sarta lajuning laku tindakan salaku solusi ngungkulan pasualan. Ieu hal tangtu kudu dilenyepan jeung dipikiran kalawan gemet tur nyosok jero, sangkan hasilna bisa nepi kana konsép, prinsip, jeung léngkah praktis dina nyusun rencana tindakan satuluyna.

Réfléksi prosés pangajaran dilakukeun pikeun maluruh gambaran kahontalna rencana pangajaran anu geus disarungsum dina Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP). Hasil réfléksi penting pikeun dilakukeun sangkan bisa nangtukeun léngkah nu kudu dilakukeun dina pangajaran satuluyna. Pikeun ngalaksanakeun réfléksi prosés anu hadé tur bener diperlukeun data-data anu geus dianalisis, diinterpretasikeun, jeung dijéntrékeun dumasar sababaraha informasi anu kacangking tina prak-prakan pangajaran. Data atawa informasi anu geus kakumpul kudu dianalisis tur diévaluasi sangkan bisa digunakeun pikeun maluruh faktor-faktor nu nyababkeun pangajaran teu kahontal atawa gagal. Léngkah satuluyna nyaéta nyieun rencana perbaikan pangajaran pikeun ngungkulan faktor nu nyababkeun teu kahontalna tujuan pangajaran dina lawungan saméméhna.

Objék réfléksi bisa dipaluruh tina luhur-handapna kompléksitas matéri pangajaran. Bahan pangajaran naon anu geus diajarkeun tapi teu kacangking ku murid. Bisa jadi aya matéri pangajaran anu dianggap hésé ku murid atawa boa teu katepikeun kalawan merenah. Lian ti éta, bisa ogé métode, modél, téknik, atawa média pangajaran anu kurang ngitritur siswa dina diajar kana éta matéri. Mun seug hasil réfléksi nuduhkeun ayana pasualana dina éta hal, hartina guru kudu ngaropéa deui desain pangajaranana.

Réfléksi Hasil Pangajaran

Réfléksi dilaksanakeun enas-enasna mah pikeun ngahontal hasil diajar. Kahontalna hasil diajar bakal gedé pangaruhna kana kasugemaan batin boh ka guru boh ka murid. Hasil pangajaran basa Sunda salah sahijina didadasaran ku kahontalna Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM).

Nangtukeun KKM ogé kudu didadasaran ku minimal tilu hal, nyaéta:

- a. *intake*, kamampuh rata-rata murid;
- b. *kompléksitas, ngaidéntifikasi indikator anu jadi ciri kahontalna kompténsi diajar;*
- c. *kamampuh daya dukung, nu oriéntasina kana sumber diajar.*

Éta tilu hal téh silih rojong anu huluwotanana tina balik deui disusud tina udagan pangajaran anu nyampak dina Kompeténsi Inti jeung Kompeténsi Dasar (KIKD). Jadi mitembayan ngalaksanakeun pangajaran teu bisa lésot tina maluruh heula KI jeung KD. Dina KI jeung KD ditangtukeun kompeténsi anu kudu kahontal ku murid katut matéri naon anu kudu diajarkeun ka murid luyu jeung jenjang atikanana.

Hal anu dilakukeun ku guru saupama peunteun murid henteu ngahontal KKM nyaéta nuliskeun peunteun kalawan dibéré keterangan can kahontal. Sajaba ti éta dilaksanakeun remedial kalawan merhatikeun aspék-aspék séjénna anu diajén, kayaning tugas proyék, portopolio, obyéktif, ulangan harian, jeung unjuk kerja. Lian ti éta, bisa ogé ngalaksanakeun pangajaran rémédial (*remedial teaching*) nu tujuanana pikeun ngalayanan murid ngaronjatkeun préstasi diajarna nepi ka bisa ngahontal kritéria katuntasan nu geus ditetepkeun.

Harepan umum tina hasil kagiatan réfléksi nyaéta kahontal tangtungan guru anu ideal, nyaéta guru anu altruis (paniténnna museur pikeun ngamotivasi atawa ngabantu muridna kalawan teu miharep dipulang tarima, pujian, jeung sajabana), guru anu demokratis, professional, sarta guru anu teu mahing dikiritik.

3. Ngamangpaatkeun Hasil Réfléksi pikeun Pengembangan Profési Berkelanjutan (PKB)

Saperti anu geus dijéntrékeun di luhur, lian ti pikeun ngoméan pangajaran prak-prakan réfléksi téh bisa ogé pikeun ngarojong guru ngamekarkeun profési sacara tuluy-tinuluy. Prosés ngalaksanakeun réfléksi mangrupa prosés diajar anu kacida hadéna pikeun guru dina maham situasi pangajaran, ngararancang, jeung ngalaksanakeun *perbaikan*. Prosés samodél kitu téh mun seug terus diasah bakal nyeukeutan pikiran jeung paripolah guru dina ngamekarkeun pangajaran nu hadé jeung profésional jeung tujuan dina Pengembangan Profési Berkelanjutan (PKB)

Dumasar kana Peraturan Menteri Negara Pemberdayaan Aparatur Negara dan Reformasi Birokrasi Nomer 16 Taun 2009 ngeunaan Jabatan Fungsional Guru jeung Angka Kréditna, PKB mangrupa unsur pokok nu rupaning kagiatanana ditibanan angka krédit pikeun mekarkeun karir guru, salian ti dua unsur pokok lianna nu ngawengku atikan sarta pembelajaran jeung/atawa tugas tambahan. Komponén PKB nu nyumponan kana hal sarupa kitu téh ngawengku pengembangan diri, publikasi ilmiah, jeung karya inovatif. Tilu komponén éta téh bakal bisa kahontal ku cara ngamangpaatkeun hasil réfléksi pangajaran.

a. Mekarkeun Diri

Mekarkeun diri nyaéta rupaning tarékah pikeun mekarkeun profésionalisme diri sangkan nyangking kompeténsi-kompeténsi pédagogis, profésional, kapribadian, jeung sosial anu luyu jeung aturan minangka dadasar dina ngalaksanakeun tugas pokok jeung kawajiban guru dina prakna pembelajaran, kaasup prakna ngalaksanakeun pancén-pancén tambahan nu luyu jeung fungsi sakola. Wujud kagiatan pengembangan diri anu pangpokona ngawengku diklat fungsional jeung kagiatan koléktif guru. Ari pikeun mekarkeun kompeténsi dina prakna ngalaksanakeun pancén-pancén tambahan, kagiatan pengembangan dirina dipuseurkeun kana kagiatan mekarkeun kompeténsi anu luyu jeung pancén

tambahanana, contona kompeténsi salaku laboran, pustakawan, kapala sakola, jsté.

Diklat fungsional wujudna mangrupa kagiatan latihan jeung atikan dina dangka waktu anu tangtu anu tujuanana pikeun ngahontal tur ngundakkeun standar kompeténsi profési anu geus ditetepkeun. Ari kagiatan koléktif guru, wujudna dina kagiatan-kagiatan ilmiah atawa kagiatan babarengan anu tujuanana pikeun ngahontal kaompeténsi anu leuwih luhur ti batan standar anu geus ditetepkeun, kayaning lokalarya, seminar, KKG, MGMP, jsté.

Kagiatan pengembangan diri anu kawengku dina diklat fungsional jeung kagiatan koléktif guru sawadina ngutamakeun pangabutuh guru dina ngahontal standar jeung ngundakkeun kompeténsi profésina, utamana patali jeung prakna kagiatan diajar ngajar. Éta kagiatan-kagiatan dipiharep ngobét hal-hal kayaning: 1) kompeténsi maham kontéks di mana guru ngajar; 2) matéri jeung kurikulum; 3) métode ngajar; 4) évaluasi siswa; 5) kamampuh ngawasa téknologi informasi jeung komputer (TIK); 6) kamampuh nyanghareupan inovasi dina sistem atikan; 7) kompeténsi nyanghareupan gelarna tiori-tiori anyar; jeung 8) kompeténsikompeténsi lianna anu luyu jeung pangabutuh dina prakna kagiatan diajar ngajar jeung pancén-pancén tambahan.

b. Publikasi Ilmiah

Publikasi ilmiah nyaéta karya tulis ilmiah anu geus dipublikasikeun sacara lega di masarakat minangka kontribusi guru dina ngundakkeun kualitas diajar ngajar di sakola jeung dunya atikan secara leuwih lega. Dina prakna, kagiatan publikasi ilmiah ngawengku tilu kelompok kagiatan:

- 1) presentasi dina forum ilmiah, kayaning seminar, lokakarya, jsté.;
- 2) publikasi hasil panalungtikan atawa kamandang-kamandang inovatif dina dunya atikan formal, kayaning:
 - laporan hasil panalungtikan luyu jeung widang atikan di sakola

- tulisan ilmiah populér dina widang atikan formal jeung pembelajaran, dimuat dina jurnal internasional, nasional, atawa kabupaten/kota
- 3) publikasi buku téks pangajaran nu diwuwuhan ku ISBN, kyaning:
- buku pangajaran;
 - modul;
 - buku padoman guru; jeung
 - buku dina widang atikan.

c. Karya Inovatif

Karya inovatif nyaéta karya anu sipatna mekarkeun, modifikasi, atawa timuan anyar minangka wongkon kontribusi guru dina ngundakkeun kualitas pangajaran di sakola jeung dunya atikan, téknologi, tur seni sacara leuwih lega. Anu kaasup karya inovatif guru di antarana:

- 1) timuan téknologi tepat guna katégori kompléks jeung basajan;
- 2) timuan, nyiptakeun, atawa mekarkeun karya seni katégori kompléks jeung basajan;
- 3) nyieun atawa ngamodifikasi alat pangajaran katégori kompléks jeung basajan; jeung
- 4) nyusun standar, padoman, jeung/atawa soal tingkat nasional, provinsi, atawa kabupaten/kota.

4. Lajuning Laku Hasil Réfléksi Pangajaran

Lajuning laku hasil réfléksi dilaksanakeun ku guru sanggeus manggih kacindekan tina interprétasi data jeung réfléksi. Dina ngalaksanakeun lajuning laku hasil réfléksi pangajaran biasana sok maluruh heula aspék-aspék anu jadi masalahna. Pikeun gambaran, aya hiji kasus anu karandapan tur ngarasa prihatin lantaran aktivitas diajar jeung hasil diajar muridna anu teu nyugemakeun. Upamana waé peunteun hasil diajarna téh sahandapeun KKM. Sanajan ceuk paribasana guru geus béak déngkak usaha satékah polah tapi angger waé taya kamajuan alias

peunteunna garoréng. Komo deui merhatikeun muridna anu taya karep diajar, tugas-tugas teu dipigawé.

Nyanghareupan kaayaan modél kitu, éta guru maluruh naon anu ngalantarankeunana. Nya salah sahijina téh, upamana waé métode pangajaran anu digunakeunana matak teu pikaresepeun muridna. Métode anu dipakéna ukur ceramah, murid teu kaaping dina ngalaksanakeun tugas, arang langka ngagunakeun alat peraga/média pangajaran, jeung arang langka ngayakeun téhs atawa evaluasi. Sanggeus ngaidéntifikasi rupa-rupa hal anu ngalantarankeun héngkérna kualitas jeung handapna hasil diajar murid, éta guru satulunya ngararancang hiji kagiatan pikeun ngungkulán éta masalah.

Lajuning laku mangrupa kagiatan nu dilaksanakeun sanggeus réfléksi. Dina ieu kagiatan guru perlu maluruh aspék-aspék nu dianggap héngkér kénéh tur perlu dioméan. Éta aspék anu nyababkeunana téh jadi titik pamiangan pikeun ngalaksanakeun kagiatan saterusna. Ari kagiatan anu sok dilakukeun salaku lajuning laku tina hasil réfléksi nyaéta Penelitian Tindakan Kelas (PTK).

Léngkah-léngkah Lajuning Laku Réfléksi Pangajaran

Ieu di handap minangka lajuning laku hasil réfléksi pangajaran anu ditataharkeun saméméh prung nagalaksanakeun PTK. Ari léngkah-léngkahna anu kudu diparhatikeun nalika lajuning laku réfléksi pangajaran téh ngawengku aya ide awal, prasurvei, diagnosis, ngarencanakeun, implementasi, ngimeutan/maluruh, réfléksi, jeung laporan PTK.

- a. **Aya Ide Awal**, minangka gagasan pikeun maluruh rupa-rupa tarékah anu kudu dipilampah. Di antarana nataharkeun hiji panalungtikan pikeun manggihan jeung ngaréngsékeun masalah anu karandapan di hiji kelas.
- b. **Prasurvei**, pikeun mikanyaho kalawan detil kondisi nu aya di éta kelas nu rék ditalungtik. Prasurvei mah biasana dilaksanakeun ku calon panalungtik anu jolna ti luar, atawa lain guru di éta kelas. Tapi pikeun guru anu sapopoé ngajar di éta kelas mah tangtu geus apal kana masalah anu disanghareupana.

- c. **Diagnosis**, pikeun maluruh aspék-aspék anu mangaruhan kana gagalna hasil diajar. Dilaksanakeun ku calon panalungtik séjén atawa jalma anu teu biasa ngajar di éta kelas. Hasil diagnostik bisa ditangtukeun dasar pikeun ngalaksanakeun PTK. Masalah anu kapanggih tina hasil diagnostik, upamana masalah strategi pangajaran, média pangajaran, jeung matéri pangajaran. Diagnosis teu perlu dilaksanakeun ku guru nu teu ngalaksanakeun PTK di kelasna sorangan.
- d. **Ngarencanakeun**, bisa dibagi jadi 2 jenis, nyaéta rencana umum jeung rencana husus. Rencana umum maksudna pikeun nyusun rarancang nu ngawengku sakabéh aspek nu aya patalina jeung PTK. Rencana husus maksudna pikeun nyusun rarancang unggal siklus. Ku lantaran kitu, dina rencana husus mah sok ditangtukeun deui rencana (*replanning*).
- e. **Impleméntasi**, pikeun ngaréalisasikeun atawa ngalaksanakeun tindakan luyu jeung nu geus direncanakeun saméméhna. PTK sipatna *emancipatoris* jeung ngabébaskeun (*liberating*) lantaran ngarojong kabéasan guru dina mikir jeung nepikeun alesan dina ngalaksanakeun ékspérimen, nalungtik, jeung netepkeun putusan atawa ngasongken *judgment*.
- f. **Ngimeutan/maluruh**, bisa ku cara obsérvasi atawa monitoring nu dilaksanakeun ku panalungtik atawa kolaborator. Salila monitorng pangamat kudu nyatetkeun sakur nu katingali, kajadian, atawa peristiwa aya di kelas. Métode pikeun ngumpulkeun data nu digunakeun nu perlu méakkeun waktu lila sangkan teu ngaganggu kana prosés pangajaran.
- g. **Réfléksi**, minangka hiji tarékah panalungtik pikeun maluruh deui hal-hal anu geus lumangsung atawa nu geus dilakukeun dina PTK. Ku cara kitu, réfléksi bisa dilaksanakeun sanggeus ngaimpleméntasikeun tindakan jeung hasil obsérvasi. Dumasar réfléksi, dilaksakeun deui kagiatan, nepi ka meunangkeun hasil nu nyugemakeun.
- h. **Laporan PTK**, disusun sanggeus pagawéan panalungtik di lapangan réngsé. Panyusunan laporan kudu sistematis jeung

didadasaran ku acuan nu aya dina prosedur panalungtikan PTK. Sajatina mah PTK nu dilaksanakeun téh sipatna individual. Hartina tujuan utama dina PTK pikeun *self-improvement* tina hasil *self-evaluation* jeung *self-reflection*, nu antukna baris ngaronjatkeun kualitas prosés jeung hasil diajar.

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtusan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna hasil diajar.
2. Baca pedaran bahan ajar nu dipidangkeun kalawan disiplin.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar tanggung jawab jeung disiplin.
4. Baca deui saliwat pedaran bahan ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung raguman bahan ajar kalawan kréatif.

Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa kréatif tur gawé bareng dina diskusi jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan/Pancén

Pikeun maluruh kacangking henteuna pedaran bahan, jawab sakur pasualan ieu di handap kalawan disiplin jeung tanggung jawab!

1. Nurutkeun sadérék naon ari nu dimaksud réfléksi pangajaran téh?
2. Aspek naon waé nu diréfléksi patalina jeung tujuan pangajaran basa Sunda!
3. Jelaskeun naon anu dimaksud lajuning laku hasil réfléksi pangajaran?
4. Tataan jeung jelaskeun léngkah-léngkah naon waé anu dilakukeun dina réfléksi pangajaran?
5. Jelaskeun naon maksudna yén saméméh ngalaksanakeun PTK kudu didadasaran ku hasil diagnostik?

F. Tingkesan

Réfléksi nyaéta hiji prosés ngalenyepan prak-prakan pangajaran kalawan kritis jeung tuluy-tinuluy pikeun nyangking déskriptif, hasil analisis, jeung

évaluasi hiji pangajaran anu geus dilaksanakeun ku pendidik atawa guru. Réfléksi pangajaran penting dilakukeun pikeun kalawan tujuan mantuan guru dina 1) méré informasi positif ngeunaan kumaha cara guru ngaronjatkeun kualitas pangajaranana sakaligus bahan observasi pikeun mikanyaho tepi ka mana kahontalna tujuan pangajaran, 2) nganalisis tingkat kahontalna prosés jeung hasil diajar siswa, 3) ngalakukeun évaluasi diri ngeunaan prosés diajar nu geus dilakukeun, 4) ngaidéntifikasi faktor-faktor nu nyababkeun gagal atawa hadéna pangajaran, 5) ngararancang tarékah optimalisasi prosés jeung hasil diajar, jeung 6) ngoméan jeung ngamekarkeun pangajaran saluyu jeung mata pelajaran nu diampu atawa matéri ajar nu ditepikeun. Ari prinsip-prinsip réfléksi ngawengku prinsip tuluy-tinuluy (berkelanjutan), gembleng (komprehensif), gabung (terintegrasi), jujur, sistematis, jeung kontékstual.

Réfléksi pangajaran dilaksanakeun ku cara ngimeutan tujuan pangajaran nu hayang dihontal, prosés pangajaran, jeung hasil pangajaran nu dilaksanakeun. Mun seug guru geus maham udagan pangajaran basa Sunda di SMA/SMK, saéstuna guru geus bisa ngaréfléksi pangajaran naon anu can nyumponan éta udagan. Réfléksi prosés pangajaran dilakukeun pikeun maluruh gambaran kahontalna rencana pangajaran anu geus disarungsum dina Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP).

Prosés ngalaksanakeun réfléksi mun seug terus diasah bakal nyeukeutan pikiran jeung paripolah guru dina ngamekarkeun pangajaran nu hadé jeung profésional jeung tujuan dina Pengembangan Profési Berkelanjutan (PKB). Komponén téh ngawengku pengembangan diri, publikasi ilmiah, jeung karya inovatif. Tilu komponén éta téh bakal bisa kahontal ku cara ngamangpaatkeun hasil réfléksi pangajaran.

Lajuning laku mangrupa kagiatan nu dilaksanakeun sanggeus réfléksi. Dina ieu kagiatan guru perlu maluruh aspék-aspék nu dianggap héngkér kénéh tur perlu dioméan. Ari kagiatan anu sok dilakukeun salaku lajuning laku tina hasil réfléksi nyaéta Penelitian Tindakan Kelas (PTK). Ari léngkah-léngkahna anu kudu diparhatikeun nalika lajuning laku réfléksi pangajaran téh ngawengku aya ide awal, prasurvei, diagnosis, ngarencanakeun, implementasikeun, ngimeutan/maluruh, réfléksi, jeung laporan PTK.

G. Uji balik jeung Lajuning Laku

Pék akurkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap ngawasa Sadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa nu dihontal ku Sadérék:

90 - 100%	= alus pisan
80 - 89%	= alus
70 - 79%	= cukup
- 69%	= kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap pangabisan 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun ngaderes matéri Kagiatan Diajar 2. Tapi, lamun tahap pangabisa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui ngaderes matéri dina Kagiatan Diajar 1, pangpangna bahan nu can kacangkem.

Réfleksi jeung Lajuning Laku

Ieu kagiatan dilaksanakeun pikeun ningali kahontal jeung éfektivitasna prosés pangajaran anu diiluan ku Sadérék. Lamun geus ngawasa matéri pangbinaan guru dina ngamangpaatkeun hasil analisis ambahana bajar ajar basa jeung sastra Sunda, Sadérék bisa nyontréng (✓) kolom "Kahontal". Sabalikna, lamun can kahontal, Sadérék bisa nyontréng (✗) kolom "Can Kahontal".

TabéI 1.1 Réfleksi jeung Lajuning Laku

No.	Tujuan Pangajaran	Kahontal	Can Kahontal	Kat.
1.	Ngalatih guru dina nganalisis ambahana bahan ajar basa jeung sastra Sunda kalawan ngalarapkeun ajén-inajén utama PPK.			
2.	Ngalelempeng guru dina ngamang-paatkeun hasil analisis ambahana bahan ajar basa jeung sastra Sunda kalawan ngalarapkeun ajén-inajén utama PPK.			
Lajuning Laku:				

KAGIATAN DIAJAR 2

PTK DINA PANGAJARAN BASA SUNDA DI SMA/SMK

A. Tujuan

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar 2, Sadérék dipiharep nyangking kamampuh 1) ngajéntrékeun hakékat PTK; 2) ngararancang kagiatan PTK; 3) ngalaksanakeun kagiatan PTK; jeung 3) nyarungsum proposal sarta laporan PTK binarung ajén atikan karakter réligius, nasionalis, mandiri, gotong royong, jeung integritas.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalna kompeténsi dina ieu kagiatan nyaéta Sadérék bisa

1. ngajéntrékeun hakékat PTK kalawan percaya diri;
2. ngaidéntifikasi rarancang kagiatan PTK kalawan kukuh pamadegan;
3. ngajéntrékeun prak-prakan kagiatan PTK kalawan gawé bareng; jeung
4. nyarungsum proposal jeung laporan PTK kalawan kréatif jeung tanggung jawab.

C. Pedaran Matéri

Dina ieu bagian dipedar ngeunaan hakékat PTK, rarancang kagiatan PTK, prak-prakan kagiatan PTK, jeung nyarungsum proposal sarta laporan PTK.

1. Hakékat PTK

Dina ngaguar hakékat PTK dimimitian tina medar sajarah kamekaran, wangenan, tujuan, mangpaat, karakteristik, jeung prinsip PTK.

Sajarah Kamekaran PTK

Penelitian Tindakan Kelas (PTK) mangrupa salasahiji métode panalungtikan anu dimekarkeun tina métode 'penelitian tindakan' (action research), anu satulunya dimekarkeun di widang pendidikan jadi métode penelitian tindakan kelas. Gumelarna PTK dimimitian tina panalungtikan nu dilakukeun ku John Dewey (1910) dina bukuna *How We Think* jeung

The Source of a Science of Education. Pamarekan nu digunakeun ku Dewey harita kacida idéalna, ngan hanjakal can bisa ngungkulan pasualan inkuri sosial atawa pendidikan lantaran leuwih museur kana pasualan tioritis dibandingkeun pasualan praktis (Held, 1980; McTaggrt, 1993 dina Arikunto 2015: 190).

Kakara dina taun 1940-an Kurt Lewin ahli psikologi ékpériméntal asal Jérman ngamekarkeun panalungtikan tindakan pikeun ngungkulan pasualan sosial, saperti *pengangguran* atawa *kenakalan remaja* nu keur mahabu di masarakat jaman harita. Makalah-makalah nu ditulis Lewin di antarana dijudulan Action Research and Minority Problems, jeung Characterizing action research as “a Comparative Research un the Condition and Effect of Various Forms of social action and Research Leading to social Action”. Konsép inti panalungtikan tindakan diwanoheun dina wong siklus nu eusina ngawengku opat léngkah, nyaéta 1) rarancang (planning), 2) prak-prakan (acting), observasi (observing), jeung réfléksi (reflecting).

Dina prosés kamekaran satuluyna, taun 1952-1953 Stephen Corey dosen di Universitas Colombia ngagunakeun modél panalungtik tindakan dina widang atikan. Corey mimiti ngaalpukah panalungtikan tindakan pikeun guru, anu satuluyna disebut Panalungtikan Tindakan Kelas (PTK). Nurutkeun Corey ieu model bisa dilaksanakeun pikeun nyiptakeun parobahan keur murid, sarta hasilna bisa dirasakeun boh ku guru, supervisor, boh ku *orang tua*.

Ti harita kacitet beuki réa proyék panalungtikan nu patali jeung PTK, di antarana Council's Humanities Curriculum Project (HCP) taun 1967-1972 di Inggris. Kepala HCP, Lawrence Steen House (1975) mimiti ngawanoheun istilah “the teacher as researcher” atawa guru salaku panalungtik.

Taun 1972-1975, aya deui proyék nu dingaranan Ford Teaching Project, anu dipimpin ku John Elliot jeung Clem Adelman (Hopkins, 2014:32). Aya 40 guru Sekolah Dasar jeung Sekolah Menengah anu dilibetkeun dina éta panalungtikan pikeun neuleuman prakték di kelasna

ngagunakeun panalungtikan tindakan, salaku tarékah ngaronjatkeun hasil pangajaranana. Ti dinya istilah PTK beuki réa nu ngagunakeun. Malahan dina taun 1976 diadegkeun hiji jaringan panalungtikan tindakan kelas anu dingaranan Classroom Action Research (CAR) di Cambridge Institute.

Beuki béh dieu métode panalungtikan PTK di dunya beuki terus dimekarkeun tokoh-tokoh séjen anu ngilu ngamekarkeunana nyaéta Stephen Kemmis, Robin McTaggart, John Elliot, Dave Ebbutt, jeung réa-réa deui.

Di Indonesia kamekaran PTK masih bisa disebutkeun anyar kénéh, lantaran kakara mimiti dipikawanoh di ahir dékade 80-an. Dina taun 1994-1995 kungsi aya proyék PGSD anu boga program kawijakan panalungtikan tindakan anu topikna di SD. Ngan dina waktu harita modél nu dipakéna can nyindekel kana PTK, lantaran PTK masih dianggap hal nu anyar. Kakara dina taun 1996-1997, proyék panalungtikan guru SD boga program PTK pikeun dosén-dosén sa-Indonesia anu dina prak-prakanana gawé bareng jeung guru-guru SD. Ti wangkid harita, PTK mimiti ngamekaran tur ngarekahan salaku panalungtikan kolaboratif di kelas salaku tarékah ngoméan tur ngaronjatkeun kualitas pangajaran.

Wangenan PTK

Sacara étimologis Penelitian Tindakan Kelas (PTK) téh mangrupa tarjamahan tina basa Inggris Classroom Action Reserach (CAR). Nurutkeun Sanjaya (2009: 26) PTK téh minangka gabungan tina kecap penelitian, tindakan, jeung kelas. Kecap penelitian ngandung harti kgiatan ngimeutan hiji obyék nu ngagunakeun cara jeung métodologi anu tangtu pikeun ngumpulkeun data atawa informasi nu aya mangpaatna pikeun ngaréngsékeun masalah. Kecap *tindakan* ngandung harti kgiatan nu ngahaja dilakukeun kalawan tujuan anu tangtu. Tindakan anu dilaksanakeun dina PTK winangun hiji runtusan siklus kgiatan. Kecap *kelas* ngandung harti sakelompok murid nu narima pangajaran ngeunaan hiji hal ti guru anu sarua. Kgiatan diajar murid kawatesanan ukur di kelas, tapi bisa ogé prakték di laboratorium,

kagiatan karyawisata, atawa di tempat séjénna kalawan diaping ku guru. Nu penting mah bisa ngaronjatkeun poténsi nu aya dina diri murid. Ceuk hasil panalungtikan, sanajan sacara alamiah kamekaran intelegrénsi, bakat, minat, kréativitas, kacerdasan émosi, kapribadian, kamandirian, jasmani, jeung sosialna murid teu sarua tapi saupama dirangsang otakna pikeun mikir tangtu poténsi-poténsi nu aya dina dirina téh bakal ngaronjat.

Nurutkeun Kemmis (2014: 4) PTK mangrupa panalungtikan réfléksi diri nu dilakukan ku partisipan dina situasi-situasi sosial (kaasup pendidikan) pikeun ngoméan prakték nu geus dilakukeunana. Ari dina konsépna ngadumaniskeun prosedur panalungtikan jeung tindakan substantif (Hopkins dina Wiriaatmadja, 2009: 11).

Wangun panalungtikan PTK mangrupa panalungtikan réfléktif nu dilakukeun ku pendidik kana kurikulum, kamekaran sakola, ngaronjatkeun prestasi diajar, mekarkeun kaparigelan ngajar, jsb. (McNiff dina Arikunto, 2015: 102).

Ditilik tina wanda panalungtikanana, PTK kagolong kana kelompok panalungtikan éksperimén nu boga tujuan pikeun ngumpulkeun informasi atawa data balukar tina ayana hiji tindakan (*treatment*) (Suhardjono dina Dimyati, 2013: 116). Lian ti éta, PTK ogé mantuan hiji jalma dina ngungkulan pasualan sacara praktis anu disanghareupan dina situasi anu darurat jeung mantuan ngahontalna tujuan élmu sosial jeung gawé bareng dina raraga étika anu disapukan sacara babarengan.

Tina pedaran di luhur bisa dicindekkeun yén PTK nyaéta prosés ngungkulan pasualan di hiji kelas ku cara ngararancang, ngalaksanakeun, ngaobsérpasi jeung ngaréfléksikeun tindakan sacara kolaboratif jeung partisifatif kalawan tujuan pikeun ngoméan atawa ngaronjatkeun kualitas prosés pangajaran di kelas ngaliwatan hiji tindakan nu tangtu dina sababaraha siklus sarta dianalisis sakabéh pangaruh tina unggal tindakan nu dilakukeun.

Tujuan PTK

Tujuan utama PTK nyaéta ngaréngsékeun pasualan nu kajadian di kelas sarta maluruh jawaban ilmiah tina éta kajadian. Sajaba ti éta, tujuan PTK nyaéta ngaronjatkeun kagiatan guru dina mekarkeun profésina.

Anapon tujuan husus PTK nyaéta pikeun ngungkulan rupaning pasualan sarta ngaronjatkeun kualitas prosés pangajaran di kelas kayaning:

- a. ngaronjatkeun mutu eusi, input, prosés, jeung hasil pendidikan jeung pangajarab di sakola;
- b. mantuan guru jeung tanaga kependidikan séjénna dina ngungkulan masalah pangajaran jeung pendidikan di jero jeung luar kelas;
- c. ngaronjatkeun sikep profésional pendidik jeung tanaga kependidikan;
- d. numuwuhkeun budaya akademik di lingkungan sakola sangkan kawangun sikep proaktif pikeun ngoméan jeung ngaronjatkeun kualitas pendidikan/pangajaran kalawan sinambung.

(Arikunto, 2015: 61)

Mangpaat PTK

Nilik kana tujuan PTK di iuhur, katangén yén PTK geuning gedé mangpaatna, di antarana waé saperti ieu di handap.

- 1) Ngahasilkeun dokumén laporan PTK nu bisa dimangpaatkeun ku guru dina kagiatan pangajaran. Sajaba ti éta hasil PTK nu dilaporkeun téh jadi bahan artikel ilmiah atawa makalah pikeun rupa-rupa kapentingan, kayaning dipidangkeun dina forum ilmiah jeung dimuat dina jurnal ilmiah.
- 2) Numuwuhkeun kabiasaan, budaya, atawa tradisi ngalaksanakeun panalungtikan jeung menulis artikel ilmiah di kalangan pendidik. Éta hal téh baris ngarojong kana profésionalisme jeung karir pendidik.
- 3) Ngawujudkeun gawé bareng, kaloborasi, jeung ngawangun sinergi antarpendidik di hiji sakola atawa sababaraha sakola pikeun

ngungkulan masalah masalah pangajaran jeung ngaronjatkeun kualitas pangajaran.

- 4) Ngaronjatkeun kamampuh guru dina ngajabarkeun kurikulum atawa program pangajaran luyu jeung pameredih nu luyu jeung kontéks lokal, sakola, jeung kelas. Éta hal ngarojong kana tingkat relevansi pangajaran jeung pangabutuh murid.
- 5) Ngabina jeung ngaronjatkeun karep ilubiung, sumanget, minat, kanyamanan, karesep, katut kasugemaan diajar murid di kelas. Di sagigireun hasil hasil diajar siswa ogé ngaronjat.
- 6) Ngarojong ngawujudna prosés pangajaran nu ngirut karep, nyaman, pikaresepeun lantaran strategi, métode, téhnik, jeung média nu digunakanana variatif jeung dipilih kalawan enya-enya.

Karakteristik PTK

Karakteristik utama PTK nyaéta ayana tindakan nyata panalungtik pikeun ngoméan atawa ngungkulan pasualan. Tindakan nu dilakukeun minangka kgiatan dihaja kalawan didadasaran ku tujuan anu tangtu sarta dipilampah dina sawatara siklus kegiatan.

Sawatara ciri anu ngabédakeun antara panalungtikan wanda PTK jeung panalungtikan séjénna saperti ieu di handap.

- a. PTK mangrupa kgiatan nu lain saukur ngupayakeun pikeun ngaréngsékeun masalah tapi ogé maluruh pangrojong ilmiah, tiori, dalil anu ngadeudeul kana prosés ngungkulan éta masalah.
- b. PTK mangrupa bagian penting pikeun mekarkeun profési guru enggonging ngaronjatkeun aktivitas mikir kritis jeung sistematis katut ngasah kabiasaan nulis jeung nyieun catetan.
- c. Masalah nu dipasualkeun dina PTK lain dumasar kana kajian tioritik atawa panalungtikan nu geus aya, tapi didadasaran ku masalah nyata jeung aktual (nu keur kajadian ayeuna) dina pangajaran di kelas. Jadi PTK dilaksanakeun pikeun ngungkulan masalah praktis lain masalah tioritis.

- d. PTK dimimitian ku masalah nu basajan, nyata, jelas, jeung museur kana hal-hal nu lumangsung di jero kelas.
- e. PTK dirojong ku ayana kolaborasi (gawé bareng) antara praktisi (guru katut kapala sakola) jeung panalungtik dina ngalaksanakeun hiji tindakan (action) nu didadasaran ku pamahaman nu sarua ngeunaan masalah nu disanghareupan sarta cara ngungkulanan.
- f. PTK dilaksanakeun saupama; (a) aya putusan kelompok nu panceg (komitmen) pikeun mekarkeun; (b) ngabogaan tujuan pikeun ngaronjatkeun profésionalisme guru; (c) aya masalah pokon kudu dipikanyaho, dibantu, dironjatkeun.

Prinsip-Prinsip PTK

Aya dalapan prinsip PTK anu kudu diperhatikeun ku guru salaku panalungtik, jembarna saperti ieu di handap.

Kahiji, kgiatan panalungtikan teu ngaganggu kgiatan pangajaran. Patalina jeung prinsip nu kahiji, hal penting anu kudu ditalingakeun nyaéta: (1) ngalaksanakeun tindakan PTK pikeun kamajuan murid sarta objektif kana hasil panalungtikan nu kapanggih, (2) siklus tindakan kudu nalingakeun kana kahontalna tujuan hasil diajar dumasar kurikulum, jeung (3) nangtukeun jumlah siklus tindakan dina PTK museur kana targét nu aya dina tahap perencanaan.

Kadua, masalah panalungtikan anu dikaji minangka masalah nu nyalempangkeun diri guru salaku guru profésional nu boga tanggung jawab. Pangrojong utama PTK nyaéta komitmen profésional guru pikeun jadi juru ladén nu istiméwa pikeun murid-muridna.

Katilu, métode nu dipaké pikeun ngumpulkeun data teu merlukeun waktu nu lila sarta teu ngaganggu prosés pangajaran. Prosédur ngumpulkeun data bisa dipigawé ku sorangan, tur tugas ngajar lumangsung kalawan lancar. Pikeun hal éta perlu digunakeun téhnik ngarékam (perekaman) data nu basajan tapi ngahasilkeun data nu muncul tur miboga harti.

Kaopat, metodologi nu digunakeun kudu direncanakeun kalawan apik, sangkan tindakan bisa dirumuskan dina hiji hipotésis tindakan nu bisa

diuji di lapangan. Guru bisa mekarkeun strategi nu bisa nu luyu jeung panalungtikan sarta anu bisa digunakan pikeun ngajawab hipotésis nu ditetepkeunana.

Kalima, masalah atawa topiknu dipilih kudu bener-bener nyata, ngirut karep, bisa diungkulan.

*Kagene*p, salaku panalungtik tetep kudu nalingakeun étika jeung tata krama panalungtikan sarta rambu–rambu palaksanaan umum, di antarana sikep ajeg (konsistén), dipikanyaho ku pimpinan lembaga, nalingakeun kaidah karya tulis akademik, jeung maslahat pikeun murid.

Katujuh, kgiatan PTK teu ukur dilaksanakeun saharita, tapi jadi kgiatan anu maneuh.

Kadalapan, tilikan kana PTK teu kawatesanan dilaksanakeun ku guru nu keur nyanghareupan masalah wungkul, tapi penting ogé ngalibetkeun panalungtik ti unsur séjénna, upamana kolaborasi antar guru dina hiji sakola, gawé bareng jeung dosen, widyaiswara, katut pengawasasakola.

2. Rarancang Kgiatan PTK

Tahap nyusun rarancang kgiatan PTK mangrupa tahap ngabéjér-béaskeun ngeunaan naon, ku naon, iraha, di mana, ku saha, jeung kumaha tindakan éta dilakukeun. Panalungtik nangtukeun titik atawa fokus kajadian pikeun ditalungtik secara husus. Satuluyna nyieun instrumén ngumpulkeun data panalungtikan pikeun mantuan panalungtik ngarékam fakta nu kajadian salila tindakan lumangsung.

Prosedur anu kudu dilakonan dina ngararancang PTK ngawengku: 1) idéntifikasi pasualan, 2) analisis masalah, 3) ngarumuskeun pasualan, jeung 4) alternatif tindakan.

a. Idéntifikasi Pasualan

Idéntifikasi pasualan mangrupa léngkah awal dina ngalakukeun PTK.

Ku lantaran kitu, idéntifikasi masalah mangrupa tahap nu nangtukeun kualitas pasualan nu rék ditalungtik. Mun seug pasualan kurang kaidéntifikasi kalawan gemet akibatna bakal ngalelebar tanaga jeung

waktu panalungtik anu béak teu puguh tapi hasil panalungtikan taya mangpaatna.

Dina PTK idéntifikasi pasualan bisa dilakukeun ku cara ngimeutan atawa nginget-ningget kgiatan pangajaran nu dianggap nyidem pasualan. Salah sahijina ku cara ngukur kahontal henteuna tujuan diajar ngaliwatan prosés évaluasi. Istilah évaluasi dina widang atikan hartina teu ngan saukur pikeun ngukur hasil diajar, tapi ogé bisa dipaké pikeun maluruh kumaha lumangsungna prosés pangajaran.

Prosés idéntifikasi pasualan dilakukeun sacara kolaboratif atawa gawé bareng antara sakabéh pihak nu kalibet dina kgiatan pangajaran. Pikeun mikanyaho kumaha lumangsungna pangajaran perlu aya hiji lolongkrang husus pikeun silih évaluasi antara guru jeung murid. Kgiatan meunteun anu dilakukeun ku guru ka murid mangrupa hal anu biasa, tapi murid meunteun jeung ngoméntaran guru dianggap perkara anu can lumrah. Padahal dina éta kgiatan sarupa kitu gedé pisan mangpaatna pikeun guru jeung murid. Guru baris meunang informasi positip ngeunaan tugasna nu geus dilaksanakeun sarta jadi bahan obsérvasi pikeun mikanyaho tujuan pendidikan jeung pangajaran anu geus kahontalna, kitu deui murid apal naon anu jadi kahéngkérana dina prosés jeung hasil diajarna. Idéntifikasi pasualan ilaharna disusun dina wangu daftar pasualan nu aya jeung muncul saméméh panalungtikan dimimitian. pikeun ngaidéntifikasi pasualan ngagunakeun PTK, aya sababaraha lengkah anu bisa digunakeun di antarana saperti ieu di handap.

- 1) Pasualanna nu dipaluruh téh kudu pasualan nu bener-bener nyata kalaman jeung karandapan boh ku guru boh ku siswa salila pangajaran.
- 2) Pasualan nu kaidéntifikasi sipatna kudu problematik jeung *feasible*, hartina pasualan nu kapaluruh téh kudu geus kasawang bisa diungkulan atawa dipatotoskeun. Ku kituna, pasualan nu rék diungkulan téh kudu dirojong ku sumber daya panalungtik (waktu, dana, jeung kamampuh), literatur, sarana prasarana, atawa birokrasi anu nyumponan jeung ngarojong.

- 3) Pasualan kudu méré mangpaat anu jelas jeung nyata karasa ku sakabéh pihak (guru, murid, sakola, jsb.).

Mun seug pasualan geus kapaluruh sarta nyindekel kana léngkah idéntifikasi di luhur, bisa dipastikeun pasualan nu kaidéntifikasi mibanda kualitas nu hadé. Ieu di handap dipedar salah sahiji conto idéntifikasi pasualan dina matéri pangajaran biantara di kelas X SMA/SMK.

- 1) Dina diajar biantara réa siswa anu teu aktif pikeun ngalibetkeun diri dina kagiatan pangajaran.
- 2) Nalika prosés pangajaran lumangsung loba siswa anu katempo teu pati jigrah diajarna.
- 3) Suasana diajar teu pikaresepeun, katitén aya sababaraha siswa anu haré-haré, malahan aya nu ngomé HP sagala.
- 4) Salila prosés pangajaran motivasi siswa katingali handap, jiga nu teu sumanget.
- 5) Hasil diajar siswa boh prosés boh hasil ahir aya dina katégori handap. Ditanya ku guru ogé teu bisaeun ngajawab.
- 6) Réa siswa anu embung maraju ka hareup pikeun prakték biantara, alesanana éra jeung sieun.
- 7) Siswa anu wani ka hareup sorana sorana alon, teu jéntré, atawa gancang teuing.

b. Analisis Pasualan

Analisis masalah dilakukeun sabada prosés idéntifikasi dilakukeun. Panalungtik kudu bisa méré watesan jeung katerang tina pasualan nu geus kaidéntifikasi. Tina sakitu réana pasualan nu geus kaidéntifikasi, panalungtik kudu nyindekkeun pasualan mana nu jadi sumber utama tur sagancangna kudu diungkulán (*urgensi*).

Dumasar conto idéntifikasi pasualan di luhur, aya dalapan pasualan anu kudu dianalisis ku panalungtik dina pangajaran biantara di kelas X. Sangkan hasil analisis maksimal, pasualan nu geus kaidéntifikasi téh kudu didiskusikeun, dilenyepan, jeung dicindekkeun pasualan mana nu dianggap sumber utama jeung kudu sagancangna diungkulán. Hasil analisis nyindekeun yén poin ka 1 (kaaktifan

siswa), 3 (motivasi siswa), 4 (suasana diajar), jeung 5 (hasil diajar) dianggap salaku sumber utama éta pasualan. Opat pasualan éta satuluyna dipilih ku panalungtik pikeun dijadikeun puseur panalungtikan.

Analisis pasualan kudu terus dilakukeun ku panalungtik nepi ka kapanggih dasar pasualanana. Éta hal dilakukeun sangkan pasualan nu rék ditalungtik téh jinek wengkuan jeung watesanana. Nepi ka éta pasualan téh kaukur boh waktu, waragad, boh kamampuh bisa kaungkulun ku panalungtik.

c. Ngarumuskeun Pasualan

Pasualan nu geus dianalisis satuluyna dirumuskeun sangkan bisa nungtuun panalungtik ngaguar (ngaékprorasi) atawa motréti situasi pangajaran sacara gembleng, lega, jeung nyosok jero. Rumusan masalah ilaharna disusun dina wangun kalimah pertanyaan. Ieu hal dilakukeun sangkan bisa museurkeun panalungtik dina néangan jawaban tina pertanyaan panalungtikan nu diajukeun. Pertanyaan nu digunakeun ilahar ngagunakeun ngagunakeun kecap *naha* atawa *kumaha*. Sacara konsép, pertanyaan ieu ngabutukeun jawaban anu nyosok jero, bisa dipedar sacara jembar patali jeung pola pikir panalungtik anu dipatalikeun jeung konsép téoritis atawa praktis.

Rumusan pasualan panalungtikan diajukeun ku panalungtik pikeun dipaluruh jawabanana dina panalungtikan. Rumusan pasualan disusun dumasar idéntifikasi anu geus dianalisis wengkuan tur watesanana. Eusi tina rumusan pasualan dina PTK ilaharna patali jeung hiji tindakan (*treatment*) anu ngungkulun pasualan nu karandapan.

Saperti tina analisis pasualan di luhur, aya opat hal anu dijadikeun pasualan panalungtikan, nyaéta pasualan 1) kaaktifan, 2) motivasi, 3) suasana diajar, jeung 4) hasil diajar. Éta pasualan téh bisa kaguar dina tilu rumusan masalah. Kaaktifan jeung motifasi bisa katitén dina prak-rakan pangajaran, hasil diajar, jeung suasana diajar. Dina ieu rumusan pasualan rék dicontoan ngalarapkeun modél humanistik

anu disawang bisa ngungkulan éta pasualan. Rumusanana bisa disusun saperti kieu.

- 1) Kumaha prak-prakan modél humanistik dina pangajaran biantara?
- 2) Naha modél humanistik bisa ngaronjatkeun pangajaran diajar biantara?
- 3) Naha modél humanistik bisa nyiptakeun suasana diajar biantara anu pikaresepeun?

Pertanyaan-pertanyaan di luhur diajukeun dina rumusan pasualan anu satulunya kudu dijawab ku panalungtik dina bab 4 (Hasil jeung Pedaran) jeung dicindekeun dina bab 5 (kacindekan). Éta pertanyaan-pertanyaan téh dijadikeun raraga mikir panalungtik nu disusun dumasar idéntifikasi jeung analisis pasualan panalungtikan.

d. Alternatif Tindakan

Alternatif tindakan disusun salaku alternatif dina ngungkulan pasualan panalungtikan. Dina nangtukeun alternatif tindakan, guru/panalungtik satemenna kudu milih jeung nimbang-nimbang heula landasan tiori atawa kajian pustaka, hasil-hasil panalungtikan nu geus aya, atawa tina pangalaman praktis guru. Ieu hal perlu dilakukeun sangkan panalungtik leuwih yakin yén tindakan nu rék dilakukeun téh geus disawang bisa ngungkulan pasualan nu karandapan.

Dina PTK alternatif tindakan hadéna mah diposisikeun salaku ubar anu fungsina nyageurkeun panyakit (pasualan) nu karandapan. Mun seug dianggap ubar tangtu tindakan nu dilakukeun téh moal sagawayah, tapi geus dipastikeun heula indikasi atawa hasiatna. Ku kituna, modél atawa métode nu digunakeun dina alternatif tindakan téh hadéna mah nu geus kungsi diuji-cobakeun (éxpérimenté) atawa sahenteuna nilik tina léngkah-léngkahna disawang bisa ngungkulan pasualan saperti anu karandapan.

Dina nyusun alternatif tindakan hadéna mah dirumuskeun dina wangu hipotésis tindakan. Hipotésis tindakan dihartikeun salaku jawaban saheulaanan patali jeung hiji tindakan nu perlu dibuktikeun

bebeneranana. Tujuanana tina hipotésis tindakan nyaéta pikeun mintonkeun dugaan parobahan nu bakal kajadian saupama éta tindakan dilaksanakeun.

Conto hipotésis tindakan katitén saperti ieu di handap.

- a. Pamarekan humanistik bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina diajar biantara.
- b. Pangajaran nu oriéntasina kana prosés bisa ngaronjatkeun partisipasi murid dina kagiatan pangajaran.
- c. Nepikeun materi ngagunakeun LKS bisa ngaronjatkeun partisipasi siswa dina kagiatan pangajaran.
- d. Strategi pangajaran inkuiри bisa ngaronjatkeun pamahaman murid kana matéri pangajaran basa Sunda.
- e. Prétasi diajar siswa bakal ngaronjat dina unggal siklus panalungtikan.

Sacara operasional hal-hal anu dilakukeun ku guru dina nyusun rencana tindakan téh dijanggélékeun dina wangu Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP). Anapon léngkah-léngka nu dilakukeun nyaéta 1) milih topik atawa bahan ajar nu bakal disusun rencana pangajaranana, 2) ngalarapkeun rencana tindakan kana skénario pangajaran (RPP), 3) nataharkeun sarana jeung perangkat pangajaran anu ngarongong lumangsungna pangajaran, kayaning bahan ajar, LKS (upama perlu), média, jeung instrumén asesmen/penilaian, jeung 4) nataharkeun instrumén nu diperlukeun pikeun ngumpulkeun data jeung téhnik analisis atawa kriteria hasilna tindakan.

RPP nu disusun salila kagiatan PTK lumangsung nyaéta RPP Siklus I, Siklus II, Siklus III, jst (disaluyukeun jeung jumlah siklus nu dilaksanakeun). RPP siklus I disusun dumasar kana perbaikan tina pasualan anu karandapan dina pangajaran awal (pra-panalungtikan), anu ngawengku interprétasi kana Kompetensi Dasar (KD) jeung indikator pencapaian kompeténsi nu diajukeun, nyusun tujuan pangajaran, nangtukeun alokasi waktu, nangtukeun métode pangajaran, milih média pangajaran (alat jeung bahan), nangtukeun

sumber diajar, ngararancang skenario pangajaran nu disaluyukeun jeung métode atawa modél nu digunakeun, jeung nyieun alat penilaian hasil pangajaran. Ari Siklus II jeung saterusna disusun dumasar kana perbaikan tina pasualan nu karandapan dina Siklus I jeung saterusna. Eusina disaluyukeun jeung hasil répleksi nu dilakukeun dina siklus I jeung saterusna.

3. Ngalaksanakeun Kagiatan PTK

Tahap ngalaksanakeun PTK mangrupa tahap impleméniasi hasil rarancang kagiatan PTK. Dina ieu tahap guru kudu bisa nyaluyukeun tindakan jeung naon waé anu geus dirumuskeun sarta ditangtu keun dina rarancang saméméhna.

Lilana waktu ngalaksanakeun PTK saluyu jeung katangtuan nu kaunggel dina SK Menpan dan RB, dilaksanakeun paling saeutik dua siklus. Ieu hal dilakukeun sabab nu dititénan dina PTK nyaéta prosés lain hasil. Jadi sok sanajan kakara sasiklus hasilna geus alus, kudu tetep dilaksanakeun siklus II sangkan bisa dititénan deui prosésna kalawan jéntré. Kitu deui mun seug siklus nu dilaksanakeun loba teuing, hadéna mah tindakanana diévaluasi, boa tindakan anu dilakukeun téh teu éfektif atawa teu bisa ngungkulan pasualan nu dirandapan. Lian ti éta siklus nu dilakukeun loba teuing, dampakna tangtu tangtu bakal ngaganggu kana proses pangajaran jeung tugas rutin guru.

Aya sababaraha aspék nu diguar dina prakprakan kagiatan PTK, nyaéta 1) prosés pangajaran, 2) prosés niténan (obsérviasi), jeung 3) prosés ngalenyejan (réfléksi).

a. Prosés Pangajaran

Prosés pangajaran mangrupa kagiatan praktis nu dilakukeun ku guru pikeun ngahontal tujuan pangajaran. Dina ieu kagiatan guru salaku pelaksana intervéensi tindakan kudu gugon kana léngkah-léngkah anu geus dirarancang tur disapukan saméméhna.

Anapon prosés pangajaran téh ngawengku tilu kagiatan, nyaéta 1) kagiatan bubuka, 2) kagiatan inti, jeung 3) kagiatan panutup.

1) Kagiatan Bubuka

Dina kagiatan bubuka guru kudu ngalaksanakeun naon-naon anu geus dituliskeun dina RPP. Tujuan tina kagiatan bubuka nyaéta rawayan pikeun ngondisikeun siswa siap diajar, sarta kagiatan inti dina pangajaran bisa kalaksana kalawan maksimal. Kagiatan bubuka ilaharna nyontang waktu 5-15 menit, utamana nepi ka siswa siap diajar kalawan daria.

Aya opat hal nu kudu dilakukeun dina kagiatan bubuka, nyaéta oriéntasi, apersepsi, motivasi, jeung méré patokan. *Oriéntasi* nyaéta museurkeun paniténan siswa kana matéri nu rék diajarkeun, ku cara mintonkeun alat/media anu matak ngirut, méré gambaran (ilustrasi), maca warta dina koran, mintonkeun slide animasi, kajadian alam, kajadian sosial, jrrd. *Apersépsi* mangrupa kagiatan m éré persepsi awal ka siswa ngeunaan matéri nu rék diajarkeunm. *Motivasi* ngandung harti guru méré gambaran mangpaat ngulik matéri nu rék diajarkeun. Ari *méré patokan* nyaéta patali jeung tujuan pangajaran nu rék dipedar, wangunna bisa mangrupa pedaran matéri pokok atawa gurat badag pedaran matéri.

Dina prak-prakanana kagiatan bubuka iaharna sok dimimitian ku ngondisikeun siswa sangkan tartib saméméh pangajaran dimimitian. Ieu hal dilakukeun bisi aya siswa anu can cicing dina tempatna, jakétna can dibaruka, atawa boa loba bangku kénéh anu can ditaturunkeun tina méja.

Sanggeus dikondisikeun, ilaharna guru ngajak siswa pikeun ngadu'a, mariksa karapihan jeung kebersihan kelas, tur ngadata kahadiran siswa. Ti dinya tuluy guru ngamotivasi sangkan siswa diajar kalawan soson-soson jeung daria. Lamun seug siswa geus mimiti geus katingali daria dina diajar kakara guru nepikeun tujuan pangajaran nu rék dilaksanakeun dina kagiatan ini.

2) Kagiatan Inti

Kagiatan inti mangrupa kagiatan puseur nu nangtukeun suksésna hiji kagiatan pangajaran. Dina ieu kagiatan siswa diajak pikeun babarengan ngahontal tujuan pangajaran. Ilaharna waktu nu digunakeun dina kagiatan inti 50 – 70 menit. Waktu nu kawilang jembar ieu digunakeun pikeun medar matéri pangajaran saluyu jeung léngkah-léngkah modél pangajaran, métode pangajaran, média pangajaran, atawa sumber diajar anu saluyu jeung karakteristik siswa katut pangajaranana.

Ngagunakeun pamarekan saintifik anu léngkah-léngkah ngawengku 5M, nyaéta *mengamati, mempertanyakan, mengéksplorasi, mengasosiasi, jeung mengkomunikasikan*. Hal penting séjénna nu kudu aya nyaéta ngawengku kamekaran sikep, pangaweruh, jeung kaparigelan nu kabeungkeut (terintegrasi) dina pangajaran.

3) Kagiatan Panutup

Kagiatan panutup mangrupa kagiatan nu ahir nu mungkas kagiatan pangajaran dina hiji lawungan. Ilaharna kagiatan panutup nyontang waktu 5 – 15 menit. Eusina mangrupa prosés nginget-nginget deui sakabéh kagiatan pangajaran jeung hasil-hasil nu geus kacangking pikeun dipaluruh mangpaatna boh sacara langsung boh henteu.

Dina kagiatan ieu ogé dilakukeun uji balik kana prosés jeung hasil diajar anu dibuktikeun dina lajuninglaku nu mangrupa pancén boh individu boh kelompok. Lian ti éta, diinformasikeun ogé rencana kagiatan pangajaran lawungan satulunya.

b. Prosés Niténan (Obsérvasi)

Tahap prosés niténan atawa obsérvasi dilakukeun ku panalungtik (observer) pikeun ngumpulkeun informasi ngeunaan prosés pangajaran anu dilakukeun ku guru (panalungtik) saluyu jeung tindakan anu geus disusun. Paniténan kudu nyoko kana instrumén

nu geus dijieu sarta dirumuskeun. Aspek nu ditalungtik dina ieu paniténan nyaéta: (a) prosés tindakanana; (b) pangaruh tindakan (boh nu dihaja boh nu teu dihaja); (c) kaayaan jeung bangbaluh tindakan; (d) kumaha kaayaan jeung bangbaluhna dina ngayakeun tindakan nu dirarancang jeung pangaruhna; jeung (e) pasualan lain nu bakal timbul salila kagiatan PTK lumangsung.

Instrumén anu umum dipaké nyaéta (a) soal tes, kuis; (b) rubrik; (c) lambar obsérvasi; jeung (d) catetan lapangan nu dipaké pikeun ngumpulkeun data sacara obyektif nu teu karékam dina lambar obsérvasi, kayaning aktivitas siswa salila diayakeunana tindakan lumangsung, reaksi siswa, atawa pituduh séjénna nu dipaké dina kagiatan nganalisis jeung pikeun kaperluan réfléksi.

Minangka dina hiji usulan PTK baris dikumpulkeun: (a) skor tes ésay; (b) skor kualitas (kualitatif) lumangsungna diskusi jeung jumlah pertanyaan katut jawaban; sarta (c) hasil obsérvasi jeung catatan lapangan anu pakait jeung kagiatan siswa.

Dumasar data-data anu bakal dikumpulkan kayaning di luhur, instrumén anu dipakéna nyaéta: (a) soal tes wong ésay; (b) padoman jeung kriteria meunteun/skoring, boh tina hasil tes ésay atawa pertanyaan tina jawaban lisan salila diskusi; (c) lembar obsérvasi nu dipaké pikeun ngumpulkeun data aktivitas diskusi nu ditangtukeun skorna dumasar rubrik; jeung (d) catetan lapangan.

c. Prosés Ngaleyepan (Réfléksi)

Kagiatan réfléksi panalungtikan dilaksanakeun di ahir lawungan salila kagiatan siklus lumangsung. Ieu tahap téh mangrupa tahap ngaleyepan hasil paniténan atawa obsérvasi anu geus dilaksanakeun di kelas, boh tina hasil obsérvasi guru, obsérvasi siswa, boh catetan lapangan. Ngaliwatan kagiatan réfléksi, tina hasil obsérvasi tinangtu bakal kapanggih naon baé kahéngkéran jeung bangbaluh dina panalungtikan.

Tujuan tina réfleksi nyaéta pikeun ngabebenah sarta ngoméan tindakan nu dilaksanakeun. Saperti halna, saumpama dina siklus I

hasil maca artikel masih aya siswa anu can tuntas, dilakukeun réfléksi pikeun maluruh hal nu nyababkeun teu tuntasna éta. Saperti halna tina hasil réfléksi kapaluruh yén guru kurang ngarahkeun siswa, dina siklus II hasil réfléksi éta dilarapkeun dina prosés pangajaran, nepi ka dina ahirna sakabéh siswa bisa tuntas dina kgiatan pangajaran.

Lajuning laku hasil réfléksi mangrupa kgiatan nu aya dina PTK. Éta hal dilaksanakeun ku guru sanggeus manggih kacindekan tina interprétasi data jeung réfléksi. Saméméh ngalaksanakeun éta panalungtiikan biasana sok maluruh heula aspék-aspék anu jadi masalahna. Pikeun gambaran, aya hiji kasus anu karandapan tur ngarasa prihatin lantaran aktivitas diajar jeung hasil diajar muridna anu teu nyugemakeun. Upamana waé peunteun hasil diajarna téh sahandapeun KKM. Sanajan ceuk paribasana guru geus béak déngkak usaha satékah polah tapi angger waé taya kamajuan alias peunteunna garoréng. Komo deui merhatikeun muridna anu taya karep diajar, tugas-tugas teu dipigawé.

Nyanghareupan kaayaan modél kitu, éta guru maluruh naon anu ngalantarankeunana. Nya salah sahijina téh, upamana waé métode pangajaran anu digunakeunana matak teu pikarespeun muridna. Métode anu dipakéna ukur ceramah, murid teu kaaping dina ngalaksanakeun tugas, arang langka ngagunakeun alat peraga/média pangajaran, jeung arang langka ngayakeun téss atawa evaluasi. Sanggeus ngaidéntifikasi rupa-rupa hal anu ngalantarankeun héngkérna kualitas jeung handapna hasil diajar murid, éta guru satuluyna ngararancang hiji kgiatan pikeun ngungkulán éta masalah.

Lajuning laku mangrupa kgiatan nu dilaksanakeun sanggeus réfléksi. Dina ieu kgiatan guru perlu maluruh aspék-aspék nu dianggap héngkér kénéh tur perlu dioméan. Éta aspék anu nyababkeunana téh jadi titik pamiangan pikeun ngalaksanakeun kgiatan saterusna.

4. Nyarungsum Proposal jeung Laporan PTK

Ieu di handap dipedar perkara nyarungsum proposal jeung laporan PTK. Proposal PTK disusun pikeun méré gambaran ngeunaan naon anu rék dilakukeun ku panalungtik, sedengkeun laporan PTK disusun pikeun méré laporan tina kagiatan atawa tindakan nu geus dilakukeun. Ieu hal dipiharep bisa méré gambaran Sadérék dina nyusun proposal jeung laporan PTK nu hadé tur sistematis.

a. Nyarungsum Proposal

Nyusun proposal atawa ngusulkeun panalungtikan minangka léngkah awal nu kudu dilakukeun calon panalungtik saméméh ngamimitian kagiatan PTK. Proposal PTK fungsina bakal jadi calecer anu baris ngabantu ngarahkeun atawa nuyun panalungtik salila ngalaksanakeun panalungtikan. Ku lantaran kitu Proposal PTK kudu disusun sacara sistematis jeung logis sangkan jadi padoman anu jelas dina ngaréngsékeun pasualan jeung ngahontal tujuan panalungtikan.

Dina proposal kagambar kalawan rinci ngeunaan prosés anu baris dipilampah ku panalungtik (guru) dina ngungkuluan masalah pangajaran nu dirandapanana.

Proposal sok disebut ogé usulan panalungtikan, nyaéta ngawawardeun sacara tinulis ngeunaan atawa rencana kagiatan panalungtikan sageblengna. Proposal PTK raket patalina jeung ajén penting hiji panalungtikan. Nyusun proposal PTK bisa jadi mangrupa léngkah anu hésé, tapi bakal kacida ngabantuna dina ngalaksanakeun tahapan prosés panalungtikan. Minangka panduan, satuluyna baris dipedar sistematika usulan PTK.

Proposal anu diajukeun pikeun ngalaksanakeun PTK kudu kaharti tur jelas sarta disusun kalawan sistematis. Minangka gurat badagna aspek-aspek nu kudu aya dina proposal PTK kyaning ieu di handap.

1) Judul Panalungtikan

Judul panalungtikan hadéna mah ditulis kalawan singget jeung spésifik, tapi jéntré dina ngagambarkeun pasualan nu rék ditalungtik jeung tindakan pikeun ngungkulanan. Dina judul PTK sakurang-kurangna ngandung tilu unsur, nyaéta (a) pasualan nu rék diungkuluan/dipatotoskeun, (b) modél, pamarekan, métode, stratégi, atawa média naon nu rék digunakeun pikeun ngungkuluan éta pasualan, jeung (c) saha nu jadi subjék panalungtikan.

Conto Judul PTK

- a) Pamarekan SAVI (Somatis Auditori Visual Intelektual) pikeun Ngaronjatkeun Kaparigelan Biantara (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas X-A SMA Negeri 1 Bandung Taun Ajaran 2016-2017)
- b) Média Flash Card pikeun Ngaronjatkeun Pangajaran Nulis Biografi (Penelitian Tindakan Kelas ka Siswa Kelas X-A SMK 10 Bandung Taun Ajaran 2015/2016)
- c) Modél Pangajaran Kooperatif Tipe Round Table pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Artikel (Penelitian Tindakan Kelas ka Siswa Kelas XII-IPS MA Yasyfiy Bandung Taun Ajaran 2012-2013)

2) Kasang Tukang Masalah

Dina bagian kasang tukang dipedar perkara kontéks panalungtikan nu dilakukeun. Panalungtik kudu bisa ngajéntrékeun kasang tukang ngeunaan topik atawa isu anu diguar dina panalungtikan ku cara anu matak ngirut saluyu jeung kamekaran situasi kiwari.

Dina bagian ieu ogé panalungtik kudu mampuh merenahkeun topik nu rék ditalungtik dina kontéks panalungtikan anu leuwih jembar sarta mampuh ngécéskeun ayana kakosongan (*gap*) anu perlu dieusi ku cara neuleuman topik nu rék ditalungtik.

Dina bagian ieu ogé kudu dipintonkeun sacara singget hasil panalungtikan saméméhna ngeunaan tiori jeung temuan nu rék diguar ka hareupna.

Conto Kasang Tukang Panalungtikan

Kagiatan nyarita téh kagolong kana aspék kaparigelan makéna basa, saperti kagiatan ngaregepkeun, maca, jeung nulis. Dumasar kana tujuanana nyarita mangrupa kagiatan pikeun ngébréhkeun eusi pikiran, gagasan pamaksudan, rasa, ku cara lisan atawa cara nyarita ka nu lian. Iskandarwasid dina Makaya Basa (2007:56) nétélakeun yén basa Sunda kawilang réa istilah atawa prédikat anu nuduhkeunpatalinaparipolah nyarita, cirining yén dina hirup kumbuh urang Sunda peta nyarita kungsi jadi ukuran atawa indikator anu kagolong penting pikeun nangtukeun pribadi hiji jalma.

Bahan pangajaran nyarita eusina kudu winangun kajian informasi anu diwadahan ku téma pangajaran. Pikeun nangtukeun legana ambahan téma nyarita téh gumantung kana kalungguhan (téma) wacana nyarita. Ari téma mangrupa dasar pedaran anu ngajiwaan sakumna aktivitas pangajaran. Maksudna taya lian sangkan situasi pangajaran téh karasa hégar (hirup).

Dumasar hasil obsérvasi PPL di SMA 12 Bandung, pangajaran nyarita dianggap hésé. Hal ieu kapaluruh tina loba kénéh siswa anu meunang peunteun anu kurang tina KKM (Kriteria Ketuntasan Minimal) nyaéta 75. Métode nu biasa digunakeun ku guru dina pangajaran nyaritakeun pangalaman biasana modél ceramah jeung démonstrasi (konvénisional). Aya sababaraha faktor anu jadi bangbaluh siswa nalika nyarita kahareup, nyaéta : (1) sieun salah, (2) teu percaya diri, (3) traumatis, miboga kasieun jeung ngarasa sorangan nalika nangtung di hareup, (4) sieun dipeunteun, (5) sieun lamun diperhatikeun ku jalma réa, ngarasa teu tenang jeung teu percaya diri nalika nyarita di hareupeun jalma réa (6) sieun diseungseurikeun batur atawa disurakan batur. Salian ti éta kurikulum saméméh KTSP ogé méré toléransi ka siswa sangkan teu kudu nyarita, ngan cukup ku 3D (duduk,diam,dengar).

Pasualan éta teu lepas tina kabiasaan nu sok diterapkeun tina sistem pendidikan konvénisional anu nyababkeun siswa teu aktif sacara pisik dina jangka waktu nu lila (Meier, 2002:90). Nalika prosés diajar, siswa diperedih pikeun diuk sidakep ulah usik jeung ulah nyarita. Hal ieu nu nyababkeun kamampuh siswa dina nyarita teu ngaronjat. Salian ti kitu, siswa teu diajak pikeun diajar maké basa (use language), tapi leuwih diajar ngeunaan basa (talk about the language),saéstuna nalika pangajaran nyarita kudu oriéntasina kana aspék makéna basa, lain kana aturan makéna. Sistem pendidikan konvénisional lamun diterapkeun dina pangajaran nyarita dina jangka panjang bakal nyababkeun siswa sieun pikeun ngébréhkeun perasaan jeung kahayang dina nepikeun pikiran maranéhna. Rasa sieun minangka salah sahiji nu sok dijadikeun alesan waktu para siswa dititah nyarita dihareup kelas. Lamun hal ieu diantepkeun, gedé kamungkinan

manjang nepika paguron luhur, manéhna bakal miboga bangbaluh nalika nyarita di forum resmi.

Dumasar kana kasang tukang pasualan di luhur, karasa perlu diyakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran biantara ngagunakeun pamarekan nu séjén nyaéta pamarekan SAVI (Somatis Auditori Visual Intelektual) sangkan bisa ngungkulun pasualan dina pangajaran basa Sunda. Ku kituna, ieu panalungtikan téh baris dijudulan “Pamarekan SAVI (Somatis Auditori Visual Intelektual) pikeun Ngaronjatkeun Kaparigelan Biantara (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas VII-B SMPN 12 Bandung Taun Ajaran 2011-2012)”

3) Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

a) Idéntifikasi Masalah

Saperti anu geus diguar dina pedaran saméméhna, idéntifikasi masalah digunakeun pikeun maluruh pasualan utama tina pangajaran nu karandapan. Kagiatan idéntifikasi teu jauh ti méré ngaran kana unggal pasualan nu dianggap penting pikeun dianalisis cara ngungkulanan. Mun seug pasualan kurang kaidéntifikasi kalawan gemit akibatna bakal ngalelebar tanaga jeung waktu panalungtik anu béak teu puguh tapi hasil panalungtikan taya mangpaatna.

Conto Idéntifikasi Masalah

Aya opat pasualan nu kaidéntifikasi tina kasang tukang di luhur, di antarana:

- 1) Dina diajar biantara réa siswa anu teu aktif pikeun ngalibetkeun diri dina kagiatan pangajaran.
- 2) Siswa réa anu teu percaya diri nalika biantara di hareupeun kelas, lantaran sieun salah, sieun dipeunteun, sieun diseungseurikeun, jrrd.
- 3) Suasana diajar katitén teu pikaresepeun.
- 4) Hasil diajar siswa boh prosés boh hasil ahir aya dina katégori handap.

Dumasar idéntifikasi di luhur, aya tilu pasualan anu bisa bisa dianalisis nyaéta pasualan prak-prakan pangajaran, hasil diajar, jeung suasana diajar.

b) Rumusan Masalah

Teu béda tina pedaran saméméhna rumusan masalah digunakeun pikeun nungtun panalungtik dina ngaguar (ngaékprorasi) atawa motréti situasi pangajaran sacara gembleng, lega, jeung nyosok jero. Rumusan masalah ilaharna disusun dina wangan kalimah pertanyaan. Ieu hal dilakukeun sangkan bisa museurkeun panalungtik dina néangan jawaban tina pertanyaan panalungtikan nu diajukeun.

Conto rumusan masalah

- 1) Kumaha prak-prakan Pamarekan SAVI (Somatis Auditori Visual Intelektual) dina pangajaran biantara?
- 2) Naha Pamarekan SAVI (Somatis Auditori Visual Intelektual) bisa ngaronjatkeun hasil pangajaran biantara?
- 3) Naha Pamarekan SAVI (Somatis Auditori Visual Intelektual) bisa nyiptakeun suasana diajar biantara anu pikaresepeun?

4) Tujuan Panalungtikan

Tujuan panalungtik dihartikeun salaku udagan nu kudu dihontal dina kagiatan panalungtikan. Ilaharna tujuan ditulis dina wangan pernyataan salaku jawaban umum kana pernyataan dina rumusan masalah.

Tujuan panalungtikan dina enas-enasna mah bakal katitén dina rumusan pasualan nu ditepikeun saméméhna. Nurutkeun Arikunto (2015: 65) tujuan panalungtikan posisina simétris jeung rumusan masalah. Hartina, eusina sarupa tapi teu persis sarua. Mun seug rumusan masalah aya opat, tujuan ogé kudu opat. Tapi sok sanajan kitu, panalungtik kudu bisa ngaidéntifikasi kalawan jéntré tujuan umum jeung husus tina panalungtikan nu dilaksanakeunana nepi ka bisa katitén wengkuhan anu rék ditalungtik.

Sangkan leuwih écés tur museur tujuan dibagi kana tujuan umum jeung tujuan husus.

Conto Tujuan Umum

“Tujuan umum dilaksanakeun ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngalarapkeun pamarekan SAVI (Somatis Auditori Visual Intelektual) pikeun ngaronjatkeun kaparigelan biantara”

Conto Tujuan Khusus

Sangkan leuwih spésipik, tujuan husus nu hayang dihontal tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikaweruh jeung ngadéskripsikeyun:

- 1) prak-prakan Pamarekan SAVI (Somatis Auditori Visual Intelektual) dina pangajaran biantara;
- 2) hasil pangajaran biantara ngagunakeun Pamarekan SAVI (Somatis Auditori Visual Intelektual); jeung
- 3) suasana diajar biantara ngagunakeun Pamarekan SAVI (Somatis Auditori Visual Intelektual).

5) Mangpaat Penelitian

Dina bagian méré gambaran ngeunaan mangpaat atawa kontribusi anu bisa dibikeun tina hasil panalungtikan anu dilakukeun. Mangpaat/signifikansi bisa katitén tina salah sahiji atawa sababaraha aspek anu ngawengku: (1) mangpaat téoritis (ngajéntrékeun ngeunaan naon-naon anu acan atawa kurang ditalungtik dina ulikan pustaka anu mangrupa kontribusi panalungtikan) jeung (2) mangpaat praktis (méré gambaran yén hasil panalungtikan bisa méré alternatif atawa solusi dina ngungkuluan pasualan anu spesifik).

Conto Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun manggihan alternatif anyar dina ngalaksanakeun pangajaran kaparigelan nyaritakeun pangalaman anu leuwih épéktip, anu bisa ngeuyeuban deui métode pangajaran nyarita anu geus aya.

Conto Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna pikeun siswa, guru, jeung panalungtik.

- a) Pikeun siswa, panalungtikan ieu dipiharep aya mangpaat pikeun siswa dina ngaronjatkeun partisipasi siswa dina prosés kgiatan diajar, siswa leuwih percaya diri nalika diajar nyarita ngagunakeun pamarekan SAVI, miboga bekel pikeun ngaronjatkeun kaparigelan nyarita siswa sangkan bisa nerapkeunana dina kahirupan sapopoé.
- b) Pikeun guru, panalungtikan ieu bisa nambahann pangaweruh guru jeung numuhkeun kréativitas dina ngolah prosés pangajaran nyarita maké pamarekan SAVI. Ngabebenah pangajarandina upaya ngaronjatkeun kaparigelan nyarita pangalaman siswa maké pamarekan SAVI; jeung
- c) Pikeun panalungtik, dipiharep bisa méré gambaran palaksanaan pamarekan SAVI kana kamampuh nyaritakeun pangalamanenggong manggihan kahéngkérangan-kahéngkérangan anu disanghareupan ku siswa dina ngalaksanakeun kgiatan pangajaran nyaritakeun pangalaman.

6) Waangenan Operasional

Waangenan operasional mangrupa tarjamahan tina varibel panalungtikan ti nu wangun abstrak atawa konsép kana wangun operasional. Gunana nyaéta pikeun ngagampangkeun panalungtik atawa nu maca dina ngukur hiji variabel.

Conto Wangenan Operasional

- a) Pamarekan SAVI nu dimaksud dina ieu panalungtikan nyaéta prosés diajar biantara siswa ku cara ngagabungkeun gerakan fisik (prakték) jeung aktivitas inteléktual (konsép biantara) salaku tarékah ngalibetkeun sakabéh alat indra dina nyangkem pangajaran biantara.
- b) Pangajaran biantara nu dimaksud dina ieu panalungtikan nyaéta pangajaran nyarita di hareupeun kelas anu dilakukeun ku siswa kelas X, pikeun nepikeun pamadegan atawa méré gambaran ngeunaan hiji hal kalawan tatac, jéntré, tur sistematis saluyu jeung padika dina biantara.

7) Anggapan Dasar dan Hipotesis Tindakan

Dina panalungtikan diperlukeun dadasar anu disebut anggapan dasar jeung hipotésis. Anggapan dasar mangrupa bebeneran tiori atawa pamadegan anu dijadikeun tatapakan hiji panalungtikan, sarta éta mangrupa hiji cecekelan anu teu kudu diuji bebeneranana. Ari hipotésis nyaéta jawaban saheulaanan

panalungtikan anu kudu diuji bebeneranana ku cara ngumpulkeun data jeung analisis data (Sanjaya, 2009:72).

Conto Anggapan Dasar

- a) Sakabéh siswa miharep hasil diajarna alus jeung berkualitas.
- b) Pangaruh Pamarekan Humanistik kana kaparigelan nyaritakeun pangalaman siswa bisa diukur.

Conto Hipotésis Tindakan

Pamarekan SAVI (Somatis Auditori Visual Intelektual) bisa ngaronjatkeun kamampuh biantara siswa dina unggal siklusna.

8) Ulikan Tiori

Dina bagian ieu dipedar ngeunaan ulikan téori nu digunakeun salaku tatapakan ngalakukeun tindakan. Sacara prinsip aya tilu hal nu dipedar dina ulikan téori, nyaéta (1) konsép, tiori, dalil, hukum, modél, atawa rumus utama jeung turunanana dina widang nu diulik, (2) panalungtikan saméméhna anu rélévan jeung widang nu ditalungtik, kaasup prosedur, subjék, jeung temuanana, jeung (3) posisi téoritis panalungtik patali jeung pasualan nu ditalungtik.

9) Métode jeung Téknik Panalungtikan

Ieu bagian mangrupa bagian nu sipatna prosedural, lantaran nungtun pamaca pikeun mikanyaho kumaha panalungtik ngararancang alur panalungtikan ti mimiti pamarekan nu dilarapkeun, instrumén nu digunakeun, léngkah ngumpulkeun data, nepi ka léngkah analisis data.

Ieu di handap dipedar sababarah aspék nu kudu nyampak dina bagian métode jeung téhnik panalungtikan.

a) Desain Penelitian


Dina desain panalungtikan dipedar sacara éksplisit perkara katégori panalungtikan, nu ngawengku métode nu

digunakeun (PTK), prosedur nu dilakukeun, tur gambar desain PTK.

Conto Métode Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode Panalungtikan Tindakan Kelas (PTK). PTK téh minangka akronim tina kecap penelitian, tindakan, jeung kelas. Penelitian dihartikeun salaku prosés ngungkulan pasualan anu dilakukeun sacara sistematis, émpiris, jeung kakontrol. Tindakan dihartikeun salaku hiji kgiatan anu dilakukeun ku panalungtik nyaéta guru ka muridna kalawan tujuan diarahkeun pikeun ngabebener kinerja anu dilakukeun ku guru dumasar kahayang pikeun ngahontal hasil diajar anu maksimal. Sedengkeun, kelas dihartikeun salaku tempat lumangsungna kgiatan pangajaran anu henteu disetting heula pikeun kapentingan panalungtikan husus, tapi lumangsung ngaguluyur saluyu jeung kaayaan pangajaran saperti biasa (Sanjaya, 2009:26).

Alesan panalungtik ngagunakeun ieu PTK nyaéta pikeun ngungkulan pasualan anu keur disanghareupan ku guru jeung siswa dina pangajaran biantara ngagunakeun basa Sunda. Anapon desain PTK nu digunakeun dina ieu panalungtikan katitén saperti gambar ieu di handap.



(Arikunto, 2009:16)

Gambar 2.1 Desain PTK

Dina PTK aya opat tahapan nu lazim kudu aya, nyaéta (1) perencanaan, (2) palaksanaan, (3) pangamatan, jeung (4) réfléksi. Dina *tahap kahiji* nyaéta nyusun rarancang tindakan (planning). Dina tahap ieu panalungtik ngajelaskeun ngeunaan naon, kunaon, iraha, dimana, ku saha, jeung

kumaha tindakan éta dilakukeun. Panalungtikan tindakan nu idéal dilakukeun sacara papasangan antara anu ngalakukeun tindakan jeung pihak anu ngimeutan prosés jalanna tindakan. Istilahna cara ieu téh panalungtikan kolaborasi. Dina tahap kadua nyaéta palaksanaan tindakan (Acting). *Tahap kadua* tina panalungtikan tindakan nyaéta palaksanaan nu mangrupa impleménntasi atawa panerapan eusi rarancang, nyaéta ngeunaan tindakan di kelas. Hal anu kudu diperhatikeun dina tahap kadua nyaéta dina palaksanaan guru kudu inget jeung taat kana naon anu geus dirumuskeun dina rarancang, tapi kudu ngaguluyur sacara wajar, teu dijieun-jieun. *Tahap katilu* nyaéta pangamatan (Observing). Pangamatan ieu salah upama dipisahkeun jeung palaksanaan tindakan sabab kuduna pangamatan dilakukeun dina waktu tindakan keur lumangsung. Jadi, duanana lumangsung dina waktu anu sarua. Tahap kaopat nyaéta réfléksi (Reflecting). *Tahap kaopat* mangrupa kagiatan pikeun ngaguar deui naon nu geus dilakukeun. Istilah réfléksi asalna tina basa Inggris reflection, nu diterjemahkeun dina basa Indonesia pemantulan. Kagiatan réfléksi ieu bener pisan dilakukeun nalika guru palaksana geus réngsé ngalakukeun tindakan, tuluy babarengan jeung panalungtik pikeun ngadiskusikeun impleménntasi rarancang tindakan (Arikunto, Spk., 2015:16).

b) Sumber Data Penelitian

Dina bagian ieu dipedar ngeunaan partisipan/sumber data nu kalibet dina panalungtikan. Jumlah partisipan nu kalibet, karakteristik tina partisipan, jeung dasar timbangan milih éta partisipan. Lian ti éta dipedar ogé waktu jeung tempat dilaksanakeunana panalungtikan

Conto Sumber Data Panalungtikan

Sumber data ieu panalungtikan nyaéta siswa Kelas X-A SMA 12 Bandung kalawan jumlah siswa 28 urang, nu ngawengku 11 urang lalaki jeung 17 urang awéwé. Ari waktu nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tilu bulan anu tempat pelaksanaanana di kelas X-A SMA 12 Bandung.

c) Téknik Panalungtikan

Aya dua téhnik dina panalungtikan, nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik olah data.

1) Teknik Pengumpulan Data

Dina bagian ieu dijéntrékeun jenis data anu digunakeun, intrumén anu diperlukeun, jeung tahapan-tahapan téknis ngumpulkeun data. Kacida dimungkinana ngumpulkeun darta dilakukeun leuwih ti hiji instrumén dina raraga tringulasi dina ngaronjatkeun kualiras jeung réalibilitas data.

Jenis Data

Jenis data dina PTK ilaharna data kualitatif anu mangrupa data dina wong kecap, kalimah, jeung skéma. Data dina PTK ilaharna nuduhkeun kualitas atawa mutu dina hiji kaayaan, prosés, jeung kajadian anu diungkarakeun dina wong kekecapan.

Intrumén Panalungtikan

Intrumén nu digunakeun dina PTK ilaharna ngawengku tés kamampuh siswa, observasi, jeung catetan lapangan (llikan lampiran 3, 4, jeung 5).

- (a) Tés dilakukeun pikeun ngukur hasil diajar siswa tina matéri nu geus ditepikeun salila kagiatan pangajaran. Tés dilaksanakeun bisa ngaliwatan tés lisan atawa tulis diunggal tahap pangajaran pikeun ngukur ngaronjatna kampuh siswa ngagunakeun format peunteun anu geus ditetepkeun.
- (b) Observasi nu dilakukeun dina PTK nyaéta pikeun niténan aktivitas guru jeung aktivitas siswa dina kagiatan kelompok atawa individu salila prosés diajar lumangsung. Dua format observasi éta dieusian ku observer anu dilakukeun babarengan nalika pelaksanaan tindakan di unggal siklus pikeun nempo aktivitas guru jeung aktivitas siswa salila pangajaran lumangsung.

(c) Catetan lapangan mangrupa instumén pikeun nyatet sagala kajadian dumasar kana tindakan anu dilakukeun ku guru, anu gunana pikeun niténan kamekaran tindakan jeung siswa dina ngalakukeun prosés pangajaran (Sanjaya, 2009:98). Dina catetan lapangan ieu, dieusian ku hasil observasi, réaksi, jeung réfléksi panalungtik kana prosés pangajaran.

2) Teknik Olah Data

Dina ieu bagian panalungtik dipiharep bisa ngajéntrékeun sacara écés léngkah-léngkah anu dilakukeun sabada data geus kakumpul. Ku lantaran PTK mangrupa bagian tina panalungtikan kualitatif, ku kituna panalungtik teu kudu loba mikiran analisis data ngagunakeun statistik lantaran objék panalungtikanana mangrupa prosés pangajaran. Panalungtik nganalisis data dumasar siklus nu dilaksanakeun kalawan merhatikeun hasil téks, lembar observasi, jeung catetan lapangan. Analisis data PTK Sacara umum alur analisis dina PTK dimimitian ku idéntifikasi, katégorisasi, kodifikasi, réduksi, pemetaan pola jeung sintésis kana hasil panalungtikan.

10) Jadwal Kgiatan Panalungtikan

Jadwal kgiatan panalungtikan disusun pikeun méré gambaran pikeun panalungtik dina nyieun program usulan kamekaran profési. Jadwal disusun kalawan wengkuhan kgiatan tatahar, rarancang, prak-prakan, jeung nyusun hasil laporan panalungtikan.

11) Daptar Pustaka

Dina ieu bagian disusun daptar pustaka kalawan ngagunakeun cara anu berlaku. Dina nulis daftar pustaka di lingkungan akademik ilaharna aya dua sistem nu digunakeun, nyaéta sistem MLA (*Modern Language Association*) jeung sistem APA

(American Psychological Association). Dina prinsipna dua sistem éta téh sarua. Tapi pangréana nu ngagunakeun dina jurnal-jurnal ilmiah nyaéta sitem APA. Ku kituna, daptar pustaka nu digunakeun dina bagian ieu ngagunekun sistem APA.

Daftar pustaka nu ditulis kudu anu dirujuk dina bagian eusi proposal. Mun seug ngasupkeun daftar eusi tapi di jerona teu dirujuk atawa dijerona dirujuk tapi teu dituliskeun dina daptar pustaka éta hal téh kaasup kana tindakan *plagiarisme*.

Conto Daftar Pustaka

- Arikunto, S., Suhardjono, jeung Supardi. 2006. *Penelitian Tindakan Kelas*. Jakarta: Bumi Aksara.
- 2006. *Prosédur Penelitian*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Danadibrata, R.A . 2008. *Kamus Basa Sunda*. Bandung: PT. Kiblat Buku Utama.
- Universitas Pendidikan Indonesia. 2013. *Pedoman Penulisan Karya Ilmiah*. Bandung: UPI Press
- Haérudin, Dingding. 2009. *Padika Nyarita Basa Sunda*. Bandung: JPBD FPBS UPI.
- Wiriaatmadja, Rochiati. 2009. *Metode Penelitian Tindakan Kelas*. Bandung:Remaja Rosdakarya.

Latihan Nyusun Proposal

Sadérék bisa latihan ngararancang proposal PTK kalawan nuliskeun ti mimiti judul, kasang tukang, masalah, tujuan, jeung sajabana dumasar rambu-rambu di luhur kalawan kreatif tur tanggung jawab!

b. Nyarungsum Laporan PTK

Saupama geus sugema dina maluruh jeung ngumpulkeun data nu kapanggih dina unggal siklus, léngkah sateruna nyaéta nyusun laporan ahir panalungtikan. Laporan PTK disusun di ahir sabada pagawéan panalungtik di lapangan réngsé. Nyusun laporan PTK kudu sistematis jeung didadasaran ku acuan nu aya dina prosedur panalungtikan PTK. Prosés nyusun laporan bakal ngaguluyur saupama salila obsérvasi nyatet sakur kajadian dina unggal siklus.

Ulah kaliwat merhatikeun ogé padoman karya tulis ilmiah tur pola nyusun laporan PTK.

Ieu di handap dipedar sistematika nyusun laporan PTK.

a) Bagian Bubuka

1) Lambar Jilid (Sampul)

Sacara format halaman jilid ilaharna ngawengku sababarah komponén, di antarana: 1) judul PTK, 2) pernyataan penulisan salaku bagian pikeun nyangking gelar atawa naék pangkat, 3) logo lembaga resmi, 4) ngaran lengkep dibarengan NIP/NUPTK, jeung 5) idéntitas lembaga jeung taun penulisan. Sangkan leuwih jéntré pék ilikan lampiran 1.

2) Lambar Pengesahan

Halaman pengesahan dimaksudkeun pikeun méré légalitas yén sakabéh eusi PTK téh geus disatujuan jeung disahkeun ku lembaga berwenang.

Secara format, lambar pengesahan ilaharna ngawengku judul PTK, ngaran jeung NIP/NUPTK panalungtik, ngaran jeung NIP/NUPTK tim anu boga kalungguhan salaku pangaping, penilai, atawa pejabat di hiji lembaga. Sangkan leuwih jéntré pék ilikan lampiran 2.

3) Abstrak

Abstrak mangrupa bagian penting anu ilaharna sok dibuka di awal maca hiji laporan PTK. Éta hal dilakukeun sabab dina abstrak réa informasi penting nu bisa kapaluruh. Nulis abstrak satemenna dilakukeun sabada sakabéh panalungtikan geus diréngsékeun. Ku kituna, abstrak satuluyna jadi ringkesan tina sakabéh eusi panalungtikan. Sacara struktur abstrak ilaharna disusun dumasar bagian-bagian, di antarana:

- a) informasi umum ngeunaan panalungtikan nu dilakukeun,
- b) alesan dilakukeunana panalungtikan,
- c) tujuan panalungtikan,

- d) métode panalungtikan nu diguneakeun, jeung
- e) temuan hasil panalungtikan.

Conto Abstrak

Abstrak

Penelitian ini diawali dari kekhawatiran terhadap rendahnya KKM yang diperoleh siswa setelah belajar berbicara, yaitu hanya 8 orang atau 22,22% kategori tuntas, serta 28 orang atau 77,78% kategori belum tuntas, nilai rata-rata nilai 67,29. Kendala yang dihadapi siswa di antaranya takut salah, tidak percaya diri, takut ditertawakan orang lain sehingga tidak memiliki keberanian berbicara. Berdasarkan permasalahan tersebut, penulis menerapkan pendekatan SAVI (Somatis Auditori Visual Intelektual) dalam pembelajaran materi ajar "Nyaritakeun Pangalaman". Tujuannya adalah mendeskripsikan pendekatan SAVI dalam pemapelajaran materi ajar "Nyaritakeun Pangalaman". Metode yang digunakan dalam penelitian ini adalah metode Penelitian Tindakan Kelas (PTK). Adapun teknik yang digunakannya adalah teknik tes kemampuan siswa, observasi, dan catatan lapangan. Berdasarkan hasil penelitian dapat disimpulkan bahwa pembelajaran "menceritakan pengalaman" menggunakan pendekatan SAVI pada siswa kelas VII-B SMP Negeri 12 Bandung dapat menciptakan suasana belajar yang PAKEM (Pembelajaran Aktif, Kreatif, Efektif, dan Menyenangkan). Hal ini terlihat dari partisipasi dan aktivitas siswa yang terus meningkat dalam setiap siklusnya. Kemampuan siswa pun meningkat dari KKM sebelumnya. Setelah menggunakan pendekatan SAVI, hasil tes pada siklus I diperoleh 24 orang siswa atau 66,67% masuk dalam kategori tuntas, sedangkan 12 orang sisanya atau 33,33% masih belum tuntas, rata-rata nilai 75,62. Hasil tes pada siklus II diperoleh 36 orang atau 100% siswa masuk pada kategori tuntas, rata-rata nilai 82,98%.

- 4) Pangjajap
- 5) Daptar Eusi
- 6) Daftar Tabel/Lampiran

c. Bagian Eusi

- 1) Bab I (Bubuka)

Dina bab I ilaharna ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi/watesan masalah, rumusan masalah, tujuan

panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika panalungtikan.

2) Bab II (Ulikan Tiori)

Dina Bab II ilaharna dipedar ulikan tiori nu dijadikeun tatapakan dina panalungtikan. Saperti nu geus dipedar saméméhna, sacara prinsip aya tilu hal nu dipedar dina ulikan téori, nyaéta (1) konsép, tiori, dalil, hukum, modél, atawa rumus utama jeung turunanana dina widang nu diulik, (2) panalungtikan saméméhna anu rélévan jeung widang nu ditalungtik, kaasup prosedur, subjék, jeung temuanana, jeung (3) posisi téoritis panalungtik patali jeung pasualan nu ditalungtik.

3) Bab III (Métode Panalungtikan)

Dina Bab III dipedar ngeunaan ngeunaan desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung téknik ngolah data.

4) Bab IV (Hasil jeung Pedaran)

Dina Bab IV diguar ngeunaan hasil jeung pedaran panalungtikan nu ditanyakeun saméméhna dina rumusan masalah. Hasil temuan dipedar dumasar kana hasil ngolah jeung analisis data. Ari dina pedaran diguar perkara interprétasi panalungtik kana hasil temuan dipatalikeun jeung téori nu digunakeun.

5) Bab V (Kacindekan jeung Saran)

Dina Bab V dipedar ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan jeung saran nu diajukeun patali hasil panalungtikan. Dina ieu bab ogé sacara tersurat ngajawab pertanyaan dina rumusan masalah kalawan singget tur écés.

d. Bagian Pangdeudeul

- 1) Daftar Pustaka
- 2) Lampiran-Lampiran

Latihan Nyusun Laporan PTK

Sadérék bisa latihan nyusun laporan PTK dumasar proposanl nu geus disarungsum. Pék tingali rambu-rambu nyarungsum laporan di luhur kalawan kréatif tur tanggung jawab!

Lembar Kerja Kompetensi Pédagogik

Pituduh:

1. Pék titénan matéri hakékat Penelitian Tindakan Kelas (PTK) dina Modul Kelompok Kompetensi J!
2. Diskusikeun dina kelompok pikeun ngajawab pertanyaan ngeunaan karakteristik Penelitian Tindakan Kelas (PTK)!
3. Tuliskeun jawaban hasil diskusi dina kolom ieu di handap!

Karakteristik	
Hal naon baé anu ngabédakeun PTK jeung panalungtikan anu séjén?	1.
	2.
	3.

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna hasil diajar.
2. Baca pedaran bahan ajar nu dipidangkeun kalawan disiplin.

3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar tanggung jawab jeung disiplin.
4. Baca deui saliwat pedaran bahan ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung raguman bahan ajar kalawan kréatif.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa kréatif tur gawé bareng dina diskusi jeung kancamitra séjenna.

E. Latihan/Pancén

Pikeun maluruh kacangking henteuna pedaran bahan, jawab sakur pasualan ieu di handap kalawan jujur!

1. Nurutkeun sadérék naon nu dimaksud PTK!
2. Jéntrékeun naon tujuan jeung mangpaat dilaksanakeunana PTK!
3. Jéntrékeun cara ngaidéntifikasi pasualan PTK kalawan hadé!
4. Dina ngalaksanakeun PTK aya tilu prosés anu kudu dilaksanakeun. Pék tatan jeung jéntrékeun masing-masing prosésna!
5. Kagiatan niténan (observasi) dilaksanakeun pikeun ngumpulkeun data prosés pangajaran nu keur ditalungtik. Aspék naon waé anu dititénan dina salila obsérvasi!

F. Tingkesan

PTK nyaéta prosés ngungkulán pasualan di hiji kelas ku cara ngararancang, ngalaksanakeun, ngaobsérpasi jeung ngaréfléksikeun tindakan sacara kolaboratif jeung partisifatif kalawan tujuan pikeun ngoméan atawa ngaronjatkeun kualitas prosés pangajaran di kelas ngaliwatan hiji tindakan nu tangtu dina sababaraha siklus sarta dianalisis sakabéh pangaruh tina unggal tindakan nu dilakukeun. Gumelarna PTK dimimitian tina panalungtikan nu dilakukeun ku John Dewey (1910). Konsép inti panalungtikan tindakan diwanohkeun dina wangun siklus nu eusina ngawengku opat léngkah, nyaéta 1) rarancang (*planning*), 2) prak-prakan (*acting*), observasi (*observing*), jeung réfléksi (*reflecting*).

Tujuan jeung mangpaat PTK nyaéta pikeun ngaréngsékeun pasualan nu kajadian di kelas sarta maluruh jawaban ilmiah tina éta kajadian. Ari karakteristikna nyaéta ayana tindakan nyata panalungtik pikeun ngoméan

atawa ngungkulan pasualan. Tindakan nu dilakukeun minangka kagiatan dihaja kalawan didadasaran ku tujuan anu tangtu sarta dipilampah dina sawatara siklus kegiatan.

Tahap nyusun rarancang kagiatan PTK mangrupa tahap ngabéjér-béaskeun ngeunaan naon, ku naon, iraha, di mana, ku saha, jeung kumaha tindakan éta dilakukeun. Prosedur anu kudu dilakonan dina ngararancang PTK ngawengku: 1) idéntifikasi pasualan, 2) analisis masalah, 3) ngarumuskeun pasualan, jeung 4) alternatif tindakan.

Tahap ngalaksanakeun PTK mangrupa tahap impleméniasi hasil rarancang kagiatan PTK. Dina ieu tahap guru kudu bisa nyaluyukeun tindakan jeung naon waé anu geus dirumuskeun sarta ditangtukeun dina rarancang saméméhna. Lilana waktu ngalaksanakeun PTK paling saeutik dua siklus. Ieu hal dilakukeun sabab nu dititénan dina PTK nyaéta prosés lain hasil. Aya sababaraha aspék nu diguar dina ngalaksanakeun kagiatan PTK, nyaéta 1) prosés pangajaran, 2) prosés niténan (obsérviasi), jeung 3) prosés ngalenyepan (réfléksi).

Proposal PTK disusun pikeun méré gambaran ngeunaan naon anu rék dilakukeun ku panalungtik, sedengkeun laporan PTK disusun pikeun méré laporan tina kagiatan atawa tindakan nu geus dilakukeun. Dina proposal kagambar kalawan rinci ngeunaan prosés anu baris dipilampah ku panalungtik (guru) dina ngungkulan masalah pangajaran nu dirandapanana. Saupama panalungtik geus sugema dina maluruh jeung ngumpulkeun data nu kapanggih dina unggal siklus, léngkah sateruna nyaéta nyusun laporan ahir panalungtikan. Nyusun laporan PTK kudu sistematis jeung didadasaran ku acuan nu aya dina prosedur panalungtikan PTK. Prosés nyusun laporan bakal ngaguluyur saupama salila obsérvasi nyatet sakur kajadian dina unggal siklus.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék akurkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap ngawasa Sadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa nu dihontal ku Sadérék:

- | | |
|-----------|--------------|
| 90 - 100% | = alus pisan |
| 80 - 89% | = alus |
| 70 - 79% | = cukup |
| - 69% | = kurang |

Upama Sadérék ngahontal tahap pangabisan 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun ngaderes matéri Kagiatan Diajar 3. Tapi, lamun tahap pangabisa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui ngaderes matéri dina Kagiatan Diajar 2, pangpangna bahan nu can kacangkem.

Réfleksi jeung Lajuning Laku

Ieu kagiatan dilaksanakeun pikeun ningali kahontal jeung éféktivitasna prosés pangajaran anu diiluan ku Sadérék. Lamun geus ngawasa matéri pangbinaan guru dina ngamangpaatkeun hasil analisis ambahan bajar ajar basa jeung sastra Sunda, Sadérék bisa nyontréng (✓) kolom "Kahontal". Sabalikna, lamun can kahontal, Sadérék bisa nyontréng (✗) kolom "Can Kahontal".

Tabel 2.1 Réfléksi jeung Lajuning Laku

No.	Tujuan Pangajaran	Kahontal	Can Kahontal	Kat.
1.	Ngalatih guru dina nganalisis ambahan bahan ajar basa jeung sastra Sunda kalawan ngalarapeun ajén-inajén utama PPK.			
2.	Ngalelempeng guru dina ngamang-paatkeun hasil analisis ambahan bahan ajar basa jeung sastra Sunda kalawan ngalarapeun ajén-inajén utama PPK.			
Lajuning Laku:				

KOMPETÉNSI PROFÉSIONAL

WANDA TÉKS JEUNG DRAMA BASA SUNDA

KAGIATAN DIAJAR 3

WANDA TÉKS BASA SUNDA DI SMA/SMK

A. Tujuan

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar 3, Sadérék dipiharep nyangking kamampuh dina 1) ngécéskeun hakékat, tujuan pangajaran, jeung conto téks paguneman; 2) ngécéskeun hakékat, tujuan pangajaran, jeung conto téks biografi jeung otobiografi; 3) ngécéskeun hakékat, tujuan pangajaran, jeung conto téks iklan; jeung 4) ngécéskeun hakékat, tujuan pangajaran, jeung conto téks warta binarung ajén atikan karakter réligius, nasionalis, mandiri, gotong royong, jeung integritas.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalna kompeténsi dina ieu kagiatan nyaéta Sadérék bisa

1. ngécéskeun hakékat, tujuan pangajaran, jeung conto téks paguneman kalawan kukuh pamadegan;
2. ngécéskeun hakékat, tujuan pangajaran, jeung conto téks biografi jeung otobiografi kalawan gawé bareng;
3. ngécéskeun hakékat, tujuan pangajaran, jeung conto téks iklan kalawan percaya diri; jeung
4. ngécéskeun hakékat, tujuan pangajaran, jeung conto téks warta kalawan kréatif.

C. Pedaran Matéri

1. Wanda Téks Paguneman

a. Hakékat Paguneman

Nilik kana harti kamus paguneman téh asalna tina kecap gunem nu hartina ngomong paduduaan (sual-jawab) (Danadibrata, 2006: 238). Dina pedaran séjén paguneman sok disebut ogé guneman atawa gunem catur nyaéta badami atawa ngabadamikeun (Sacadibrata, 2005). Sajaba ti kecap paguneman jeung gunem catur, aya ogé kecap dialog (dina sandiwarra, carita, jeung sajabana); dialog bisa ogé mangrupa karya tulis

nu dipidangkeun dina wong paguneman antara dua tokoh atawa leuwih (KBBI, 2008:204).

Nilik kana watesan di luhur, dina kecap paguneman téh aya aspék-aspék anu jadi prinsip tur kudu aya, nyaéta aya dua jalma atawa leuwih anu cacarita (nanya-ngajawab) sarta bahan/matéri/pasualan anu keur diobrolkeunana. Perkara anu penting séjénna nyaéta ayana tujuan. Ari tujuan gunem catur taya lian pikeun ngébréhkeun, ngabadamikeun hiji perkara, maksud, kahayang, pikiran, rasa ti panyatur ka batur nyaritana atawa sabalikna.

Nu diajak nyarita bisa ngaréspon ku vérbal atawa nonvérbal. Hartina bisa ngajawab omongan ku omongan deui, boh dina wong kecap boh kalimah, atawa ukur ku unggeuk, gideug, jeung sajabana anu nuduhkeun lumangsungna komunikasi dua arah. Paguneman kaasup kana kagiatan komunikasi dua arah, nyaéta aya nu nanya jeung ngajawab atawa sabalikna, nu ditanya bisa nanyakeun deui ka lawan nyaritana.

Paguneman téh mangrupa cara manusa ngayakeun komunikasi jeung nu lian. Dina paguneman manusa bisa nembrakkeun pikiran, rasa, atawa kahayang. Wacana paguneman lain baé kapanggih dina basa lisan, tapi ogé bisa kapanggih dina basa tulisan. Sipatna aya nu resmi, siga dina diskusi atawa sawala, aya ogé anu teu resmi siga urang ngobrol jeung indung bapa atawa jeung babaturan waktu keur ulin.

b. Tujuan Pangajaran Paguneman di SMA/SMK

Paguneman kaasup salah sahiji matéri anu ngabogaan tujuan sangkan murid mahér ngagunakeun basa Sunda. Nilik kana KIKD Kurikulum 2013 di SMA/SMK matéri paguneman téh diajarkeun di kelas 10. Anapon tujuan nu kudu dihontal tina hasil diajar paguneman, murid SMA/SMK dipiharep bisa nyusun téks paguneman, metakeun paguneman, sarta dipiharep deuih bisa ngoméntaran eusi paguneman, basa paguneman, jeung peta jalma nu keur paguneman.

Upama matéri paguneman dipidangkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngagunakeun basa lisan, anu kudu ditalingakeun téh sajaba ti basa ogé lentong, luhur handapna sora, réngkak, jeung pasemon. Basa nu digunakeun sajaba ti nalingakeun kaidah strukturna ogé diluyukeun

jeung aturan tatakrama basana. Kitu ogé lentongna, sabab lentong kalimah ogé mangaruhan kana harti atawa maksud anu dikandungna. Ari réngkak jeung pasemon anu bakal masieup kana lumangsungna paguneman. Antebna harti, deuheusna nu keur gunem catur, sarta timbulna kayakinan dina diri nu keur komunikasi téh sasatna mah dirojong ku réngkak jeung pasemon.

Upama matéri paguneman dipidangkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngagunakeun basa tulis, anu kudu ditalingakeun téh sajaba ti basa ogé tanda baca. Lantaran tanda baca bisa nangtukeun harti atawa pesen ti panyatur ka nu diajak nyarita, atawa ti nu nulis naskah paguneman ka nu macana.

Dina pangajaran paguneman Sadérék bakal diajar rupaning perkara nu patali jeung paguneman. Di antarana basa jeung tatakrama dina paguneman, suasana paguneman, nyusun téks paguneman, sarta mintonkeun paguneman hareupeun babaturan.

c. Conto Téks Paguneman di SMA/SMK

Ieu di handap aya tilu conto téks paguneman pikeun siswa SMA/SMK dina wangun paguneman anu teu resmi, wangun paguneman anu resmi, jeung wangun paguneman dina naskah drama.

Paguneman 1 (Wangun Paguneman Teu Resmi)

Kamekaran Basa Sunda

Linda, Dédi, jeung Ririn keur ngariung di kantin sakola)

Linda : "Déd, Ibu Lisna kamari nerangkeun naon?"

Dédi : "Éta nerangkeun perkara sajarah basa Sunda."

Linda : "Kumaha cenah sajarah basa Sunda téh?"

Dédi : "Nyebutkeun yén sajarah basa Sunda téh bisa dipasing-pasing jadi tilu periode. Kahiji, *mangsa bihari* (saméméh taun 1600). Kadua, *mangsa kamari* (1600-1945). Katilu, *mangsa kiwari* (1954-ayeuna)."

Linda : "Cik atuh, terangkeun deui hiji-hiji Déd!"

Dédi : "Wah abdi gé poho deui. Inget wé mangsa kiwari mah. Sugan Ririn Apaleun. Inget kénéh teu Rin?"
(ceuk Dédi bari tuluy ngalieuk ka Ririn)

Ririn : "Ionget kénéh, saeutik, héhéh...."

(ceuk Ririn bari tuluy dituturkeun ku seuri)

Linda	: "Baé lah, saeutik ogé, komo abdi mah teu apal pisan. Panasaran, hayang apal kumaha sajarah basa Sunda téh. Cik, terangkeun Rin!"
Ririn	: "Kieu cenah. Dina mangsa bihari, saméméh taun 1600an. Basa Sunda téh jadi basa resmi pamaréntahan di karajaan Salakanagara, tuluy Tarumanagara, néma ka kakarajaan Sunda jeung Galuh, dipungkas ku karajaan Pajajaran."
Linda	: "Aya buktina éta téh?"
Ririn	: "Aya. Kapanggih tina sawatara parasasti anu kapanggih ku Arkéorog. Dina mangsa harita, basa Sunda téh dipaké nulis kitab suci, prasasti, jeung dipaké dina kahirupan sapopoé. Dina mangsa harita, dina basa Sunda gé can kapanggih aya undak-usuk basa atawa tatakrama basa."
Linda	: "Oh kitu. Kumaha ari dina mangsa kamari. Taun 1600-1945?"
Ririn	: Dina mangsa éta mah basa Sunda mimiti kasosok ku basa deungeun. Contona waé basa Arab, Cina, jeung Jawa. Tah, sabada tanah Sunda kaérék ku Portugis, Walanda, jeung Jepang, tangtu wé basa Sunda kapangaruhan. Loba urang Sunda anu barisaeun basa Sunda jeung Jepang."
Dédi	: "Nepi ka Indonésia merdéka lumangsungna éta téh nya Rin?"
Ririn	: "Bener pisan, nepi ka Bung Karno mrokklamirkeun Indonesia jadi negara anu merdéka."
Linda	: "Mun sajarah basa Sunda jaman kiwari kumaha Dédi?"
Dédi	: "Étamah lumangsungna ti taun 1945 nepi ka ayeuna. Urang Sunda jeung sakumna bangsa Indonésia mimiti leupas tina kasangsaraan alatan dijajah ku bangsa deungeun. Pangwangunan dugdeg di mana-mana. Komo sabada pamaréntah orde lama diganti ku orde baru. Indonésia téh beuki maju waé. Néma ka jaman réformasi, seni budaya daerah beuki menyat, da aya aturan Otonomi Daerah téa. Basa Sunda gé mibanda kalungguhan anu mandiri. Cirina aya Perda No. 5 Taun 2003 ngeunaan pentingna ngamumulé basa, sastra, jeung aksara daerah (Sunda)."
Linda	: "Komo ayeuna mah apan basa Sunda téh jadi pangajaran mulok wajib ti mimiti TK nepi ka SMA."
Dédi	: "Bener pisan Lin. Bu Lisna gé nerangkeun téh nepi ka soal basa Sunda jadi pangajaran mulok wajib."
Ririn	: "Najan cenah gé, aya sawatara sakola nu can ngajarkeun basa Sunda."
Linda	: "Ah, éta mah teu hideng wé sakolana. Lantaran mun kitu, hartina geus ngarempak Perda No. 5 Taun 2003.
Dédi	: "Ah, soal éta mah teu apal, soalna Bu Lisna teu nerangkeun nepi ka dinya,"
Ririn	: "Barina gé ngabandungan soal politik mah kalah mata liar, hehe..."
Linda	: "Enya kétang. Aéh, nuhun nya geus nerangkeun sajarah basa Sunda. Nuhun Pisan."
Dédi	: "Ah, biasa gé sok silih béjaan pan."
Ririn	: "Enya kawas lain jeung babaturan baé!"
<i>Riungan gé bubar lantaran bél asup geus disada.</i>	

Dicutat tina *Lagam Basa Sunda SMA/MA/SMK/MAK Kelas X*

Pancén 1

Maluruh Eusi Paguneman

Guru maréntah murid pikeun maluruh eusi paguneman dumasar 5W jeung 1H.

1. Naon

.....

2. Saha

.....

3. Iraha

.....

4. Di mana

.....

5. Naha

.....

6. Kumaha

.....

Pancén 2

Maluruh Kecap dina Kamus

Guru maréntahkeun murid nyatet kecap-kecap anu dianggap hésé jeung maluruh hartina dina kamus

.....

.....

Pancén 3

Nyaritakeun Eusi Paguneman

Guru maréntah murid pikeun nuliskeun deui eusina paguneman ku basa sorangan.

.....

.....

Paguneman 2 (Wangun Paguneman Resmi)

Pintonan Sawala Kelompok VII Medar mangpaat témpé pikeun kaséhatan.

- Moderator : "Sadérék, kelompok VII ayeuna badé medar perkawis mangpaat témpé pikeun kaséhatan. Nanging sateuacan kelompok VII ngadugikeun materina, simkuring badé ngawanohkeun saurang-saurangna. Penyaji aya tiluan, nyaéta 1) Sadérek Dana, 2) sadérék Dani, sareng 3) sadérék Dini. Anu kabagéan pancén janten notulén nyaéta sadérék Dina. Atuh simkuring, Dani, kapapancénan janten moderator. Sadérék sadayana, supados teu nyangkolong kana waktos, mangga ka sadérék Dana, Dani, sareng Dini kanggo ngadugikeun matérina."
- Penyaji 1 : "Hatur nuhun ka Sadérérék Dani anu parantos maparinan waktos ka simkuring kanggo ngadugikeun materi perkawis mangpaat témpé pikeun kaséhatan. Sadérék, simkuring badé ngawitan medar tina rupi-rupi olahan témpé, di antawisna aya témpé goréng, témpé beuleum, tempé bacem, oséng témpé atawa sambel goréng témpé, kiripik témpé, goréngan témpé, jeung rupa-rupa olahan séjénna. Éta anu ditataan téh karak sabagian leutikna. Tangtuna waé réa deui olahan séjénna."
- Moderator : "Tah kitu saur Sadérék Dana mah. Salajengna anu baris ngadugikeun téh ku penyaji 2. Kinten-kinten naon anu baris didugikeunana, mangga urang barandungan."
- Penyaji 2 : "Simkuring baris ngadugikeun pamanggih sawatara urang ahli anu parantos nalungtik perkawis rusiah gizi jeung nutrisi nu aya dina tempe. Sakumaha anu didugikeun ku Prof. H. Unus Suriuwiria, ahli kadaharan ti ITB, nétélakeun yén 1) saméméh diolah jadi témpé, kacang kadeléna ngandung protéin, lemak, karbohidrat, mineral, jeung vitamin; 2) sabada diolah jadi témpé kalawan bantuan ragi témpé, ngandung protéin, asam amino, mineral, vitamin (A, B12, jeung C), antibiotika (pangpangna anti bakteri), antivirus, zat nu ngatur awak, antioksidan, jeung lasetin. Dina lasetin aya senyawa anu bisa nyengker atawa nyageurkeun panyakit jantung koroner (PJK)."
- Moderator : "Sadérék sadayana, nembé sadérék Dani parantos ngadugikeun perkawis rupa-rupa kandungan senyawa kimia anu aya dina témpé. Salajengna mangga urang sami-sami dangukeun penyaji anu ka-3, nyaéta sadérék

Penyaji 3 :	Dini. Kinten-kinten naon anu baris didugikeunana, mangga urang barangungan.”
Moderator :	“Sadérék simkuring mah mung badé ngadugikeun kasauran Prof. Unus Suriawiria, saurna dina sajaba ti témpé téh seueur kénéh kadaharan séjéenna anu gedé mangpaatna pikeun kaséhatan awak urang anu moal éléh ku kadaharan-kadaharan impor. Urang ulah teuing kabongbroy ku kadaharan saperti “makanan cepat saji” atawa fast food téa. Nu matak pantes lamun aya anu méré julukan, kadaharan urang Sunda mah ‘opat séhat lima sampurna’. Ngan kiwari can kapaluruh kabéh. Nu matak kadaharan urang nepi ka kiwari can réa anu ngalanglang dunya.”

Pancén 1

Maluruh Eusi Paguneman

Guru maréntah murid pikeun maluruh eusi paguneman dumasar 5W jeung 1H.

1. Naon

.....

2. Saha

.....

3. Iraha

.....

4. Di mana

.....

5. Naha

.....

6. Kumaha

.....

Pancén 2

Maluruh Kecap dina Kamus

Guru maréntahkeun murid nyatet kecap-kecap anu dianggap hésé jeung maluruh hartina dina kamus

.....
.....

Pancén 3

Nyaritakeun Eusi Paguneman

Guru maréntah murid pikeun nuliskeun deui eusina paguneman ku basa sorangan.

.....
.....

Pancén 4

Ngabédakeun Wangun Paguneman

Guru maréntah murid pikeun aspék-aspék nu ngabédakeun antara wangun Paguneman kahiji “Kamekaran Basa Sunda” jeung paguneman kadua “Pintonan Diskusi Kelompok VII Medar mangpaat témpé pikeun kaséhatan”

Aspék nu ngabédakeunana	
<i>Paguneman 1</i>	<i>Paguneman 2</i>
.....
.....

Paguneman 3 (Wangun Karya Sastra/Drama)

SIRUNG PAJAJARAN (Yoséph Iskandar)

PULASARI PANDÉGLANG 10 MEI 1579
 SANGGEUS KARATON PULASARI PANDÉGLANG KACANGKING KU
 WADYABALAD SURASOWAN BANTEN, BÉNTÉNG PAMUNGKAS
 PAJAJARAN DI TUNGTUNG KULON RUNTAG, AHAYAT BUBAR
 KATAWURAN, SÉWANG-SÉWANG NYALAMETKEUN DIRI.
 SABABARAH A PAMUDA WELASAN TAUN TINGKUNIANG TINA

PANYALINDUNGAN DAPURAN HANJUNG. MARANÉHNA, PAMUDA
NU GEUS LEUNGITEUN INDUNG-BAPA, LEUNGITEUN HAREPAN NA
KAHIRUPAN

- Bujang I : "Jeueung itu! Silalatu lebah karaton teu pareum-pareum!
Leuh, dayeuh Pulasari tangtu geus jadi ruhak!"
- Bujang II : (sedih) "Bapa kuring tiwas katiruk panah lebah dadana.
Indung katinggang tihang karaton nepi ka hanteuna. Adi-
adi... teuing kumaha nasibna . . ."
- Bujang I : "Silalatu kalah beuki ngalobaan! (bari neuteup ka jauhna)
Seuneun! Seuneu deui baé! Tangtu geus ngaléntab ka imah
kuring!"
- Bujang II : "Hayam sakandang, kabéh géhéng jadi ruhak. Mangkaning
meunang ngingu ti anakna kénéh."
- Bujang III : "Leueueueueueung! leu beuteung peuriihhh! Lapar."
- Lanjang I : "Leuh karunya teuing?! leu aya kénéh bongborosan,
lumayan keur ganjel beuteung."
- Bujang III : (bari nampanan) "Geus dua poé ngan ngadaharan nu karieu,
iraha atuh urang téh bakal manggih sangu?"
- Lanjang I : "Wayahna wé atuh lur, batan peujit murilit kitu mah . . . Keun
sugan engké di pangungsian séjenna urang manggih
beubeutian . . ."
- Lanjang II : "Ah beubeutian nu kumaha deui, tangtu di lembur di lembur
mana baé ogé geus teu nyésa! Nu puguh mah, urang bakal
paéh kalaparan . . ."
- Bujang I : "Ngaleungitkeun silalatu téh ayeuna mah . . . Ngan baé, taya
hartina. Urang moal bisa balik deui ka dayeuh Palasari . . ."
- Bujang II : "Bangké-bangké sinatria pasoléngkrah! Geutih ngabayabah,
maseuhan jukut, maseuhan tegalan! Bapa kuring, duh Bapa
. . ."
- Bujang I : "Meungpeung simpé, yu cuang miang deui!"
- Bujang III : "Miang? Miang ka mana?"
- Bujang I : "Nénangan tempat nu leuwih aman!"
- Lanjang I : "Enya, bari sakalian néangan lembur nu réa kénéh
dahareunana!"
- Lanjang II : "Sarupaning kadaharan tangtuna gé geus dirampas ku
musuh."
- Bujang III : "Tuh nya?! Mending gé cicing baé di dieu, bari ngadagoan
nu ngaliwat."
- Lanjang I : "Rék naon?"
- Bujang III : "Rék ménta babawaanana, sugan wé . . ."
- Lanjang II : "Kumaha mun teu méré?"
- Bujang III : "Ah urang bégal wé, urang rebut ku saréréa!"
- Bujang II : "Montong!"
- Bujang III : "Naha?"
- Bujang II : "Teureuh Pajajaran mah tara kumawani ngarebut banda
batur!"
- Bujang III : "Alaaaah, dia sok adigung. Keur kalaparan kieu mah,
kumaha wé atuh carana. Batan kudu paéh teu pupuguh
mah?! (ka Lanjang I) Nya Nyai, kitu lin?"

- Lanjang I : "Ih, teuing atuh?!"

Lanjang II : "Bener! Indung leungit bapa musna, teu dulur teu baraya, kuring mah hayang kénéh hirup."

Bujang II : "Kabéh gé harayang kénéh hirup, tapi loba kénéh cara séjén pikeun ngeusian beuteung mah!"

Lanjang II : (sinis) "Eusian ku taneuh?"

Bujang II : "Nya ari beuki mah pék baé!"

Lanjang II : "Ari geus kudu dieusian ku naon ieu beuteung téh?"

Bujang II : "Yeuh Nyai . . . Apan ceuk Patikrama gé, loba raja nu tatapa nahan lapar mangbulan-bulan, sangkan dirina sakti mandraguna, teu teurak ku tumbak, teu teurak ku ruruhit jamparing, teu teurak ku . . . "

Bujang III : "Bohong! Geuning bapa kuring gé nu getol tatapa, dirempug ku wadyabalad Surasowan Banten mah tetep wé paéh?"

Bujang II : "Paéh mah lainurusan bapa manéh, tapi urusan Hyang Tunggal!"

Bujang III : "Alaaaah! Manéh mah sok kokolot begog! Kawas nu ngarti wé!"

Bujang II : "Ah nya ngarti wé da sok ngadéngékeun papatah kolot, manasia manéh, nu diuruskeun téh ngan dahareun baé!"

Bujang III : "Atuh jalma teu dahar mah bakal paéh!"

Bujang II : "Paéh téh lain ngan ukur teu dahar wugkul!"

Bujang III : "Teu bisa! Nu pasti teu dahar mah tangtu paéh! Paéh! Paéééééhh! Wéw!"

Bujang II : "Teu, teu kitu! Buktina bapa manéh nu kasohor beuki dahar, tara kakurangan dahareun, geuning ku musuh mah bisa paéh?"

Bujang III : "Meureun wé bapa kuring keur cileureun, musuh teu kanyahoan datangna?!"

Bujang II : "Lain ah! Puguh paéhna gé keur jaga lawang sakéténg, keur nundutan, nu rampus mah puguh gé sok beuki héés!"

Bujang III : "Ééh? Manéh ngahina ka bapa déwék?"

Bujang II : "Ah, da kitu buktina . . . "

Bujang III : "Bukti kumaha? Ceuk saha bapa kuring paéh nundutan? Ceuk saha?"

Bujang II : "Ceuk béja . . . "

Bujang III : "Ulah sadéngé-déngéna! Komo bapa manéh mah paéhna gé leuwih hina!"

Bujang II : "Hina? Hina kumaha?"

Bujang III : "Apan katiruk panahna gé basa keur ngising dina rungkun, wéw!"

Bujag II : "Ngahina siah ka déwék?"

Bujang III : "Manéh nu ngahina mah!"

Bujang II : "Manéh!"

Bujang III : "Manéh!"

Bujang II : "Manéh!"

Bujang III : "Manéh!"

ANTUKNA MAH BUJANG II JEUNG BUJANG III TEÉH GER BAÉ GELUT. SILIH GUNYENG SILIH TONGTAK. LANJANG I JEUNG

LANJANG II TINGJÉRÉWÉT TULUNG-TULUNGAN. BUJANG I NYAMPEURKEUN NU KEUR JOGOL, TULUY NYAPIH.IMITINA MAH HÉSÉ PISAN DISAPIHNA TÉH. BUJANG I MISAHKEUN NU JOGOL, ASUP KANA SELA-SELA AWAK BUJANG II JEUNG BUJANG III. LANJANG I NONGTAK BEUHEUNG BUJANG II DITARIK KA TUKANG. LANJANG II NGABENYÉNG CANGKÉG BUJANG III. DURUGDUG BAÉ BUJANG II JEUNG BUJANG III KAGUSUR KU LANJANG I JEUNG LANJANG II. BUJANG NGARÉNGHAP BARI NGEPRUKAN BAJUNA.

Bujang I : "Dulur-dulur. Geus tong paraséa marebutkeun paisan kosong. Mending gé geuwat urang nyinkah! Hayu urang miang, bisi wadyabalad Surasowan Banten kaburu datang mantén!"

Lanjang II : "Kuring mah rék cicing baé di dieu, moal milu indit."

Bujang I : "Naha?"

Lanjang II : "Miang-miang ka mana, euweuh jugjugeun nu tangtu. Kabéh lembur geus kacangking ku musuh. Mending gé paéh di dieu, batan kudu capé heula leuleumpangan mah."

Bujang I : "Nyai, ulah reunas harepan kitu. Teureuh Pajajaran mah teu meunang reunas harepan!"

Lanjang II : "Moal ah. Jeun teuing disebut reunas harepan gé. Da ieu sukuna geus nyareri balas asruk-asrukan."

Bujang I : "Wayahna Nyai, sagala gé kudu sangsara heula."

Lanjang II : "Jeung sangsara mah mending paéh sakalian, ambéh teu lila nyerina."

Lanjang I : "Yeuh Nyai, mun moal milu, meureun kuring euweuh baturna?"

Lanjang II : "Hayang aya batur mah cicing wé di dieu jeung kuring!"

Lanjang I : "Mending gé milu lah!"

Lanjang II : "Erbung ah!"

Lanjang I : "Keun nyeri suku mah, digandong ku kuring."

Lanjang II : "Erbung! Mending gé paéh di dieu!"

Lanjang I : (maksa) "Mending milu! Atawa mending dijenggut?!"

Lanjang II : "Manéh ngancam? Sok ari wani mah?"

Lanjang I : "Na teu wani ku naon?"

SABOT LANJANG I JEUG LANJANG II KEUR PARÉA-RÉA OMONG KITU, BUJANG II JEUNG BUJANG III TEU KANYAHOAN UJUG-UJUG GER GARELUT DEUI. ATUH BUJANG I PACIWEUH, CUH-CIH BINGUNG NYAPIH. SABOT KEUR PACIWEUH KITU, TOROJOL LALAKI TENGAH TUWUH DATANG BARENG JEUNG BUDAK LANJANG. DEMI ÉTA LALAKI TÉH KATELAHNA MAH AKI LENGSÉR.

Ki Léngsér : "Ambuing-ambuing! Manggeus bujang, meunggeus lanjang, montong garelut kitu?"

NU GARELUT EUREUN, KASIMA KU OMONGAN AKI LÉNGSÉR..

Ki Léngsér : "Geus, geus! Kasebutna gelut, euweuh nu bener. Kabéh gé salah, nya Nyai?"

KA LANJANG III NU BARENG DATANG JEUNG AKI LÉNGSÉR.
LANJANG III UNGGEUK BARI IMUT.

Ki Léngsér : "Geus puguh nagri urang téh keur diranjah musuh, paséa rongkah hésé nyapihna. Peupeujeuh urang mah ulah paraséa jeung papada urang deui. (ka Lanjang III) Tah ieu gé Nyai Putri, apan geus teu indung teu bapa siga aranjeun. Tapi ku Aki tara dipapatahan reuntas harepan. Anggursi sing alakur, pék geura araku yeuh Nyi Putri!"

Lanjang I : (ka Nyi Putri) "Yap ka dieu atuh Nyi Putri. Ti baréto hayang wawuh jeung Nyi Putri téh, da bongan Nyi Putri mah tara bijil ti Panumpén."

Lanjang III : "Hampura dulur-dulur, lain kuring apilain ka aranjeun. Dala da geus kitu ceuk aturanana. Kuring gé hayang wawuh jeung aranjeun, ngan hésé néangan carana."

Lanjang II : "Ah barina gé keur naon maké kudu wawuh jeung kuring. Kuring mah pilakadar anak prajurit, Nyi Putri mah anak Ratu. Éra ah!"

Lanjang III : "Ulah kitu dulur. Dina usum perang kieu mah antara anak cacah jeung anak raja téh taya bédana, kabéh sarua prihatinna. Bapa aranjeun téh apan gedé jasana keur kapentingan bapa kuring. Atuh bapa kuring moal jadi raja mun euweuh bapa aranjeun mah."

Bujang I : "Ehm abong anak ratu, nyarita téh loba benerna. Ari Nyai Putri ayeuna rék indit ka mana?"

Lanjang III : "Urang téh rék ka mana téa nya Aki Léngsér?"

Ki Léngsér : "Aéh heueuh, Aki jeung Nyi Putri téh rék muru ngidul, kitu ceuk itungan mah."

Bujang II : "Ari karaton rék ditinggalkeun baé, Aki?"

Ki Léngsér : "Ah tinggalkeun wé, mending urang néangan tempat nu anyar, urang ngababakan."

Bujang III : "Ari di tempat nu anyar loba kadaharan, Aki?"

Ki Léngsér : Loba-lobana mah, ngan . . ."

Bujang III : "Ngan naon, Aki?"

Ki Léngsér : "Ngan kudu ditebus ku késang aranjeun, daék capé rajin gawé!"

Nujang II : "Meureun di babakan anyar mah moal aya raja nya, Aki?"

Ki Léngsér : "Ah, urang nyieun wé raja anyar!"

Bujang I : "Saha rajana, Aki?"

Ki Léngsér : "Aki rék milih salah saurang ti aranjeun. Nu panggetolna, nu pangrajinna, nu pangpintera, nu pangcalakanana, engké ku aki rék dijenengkeun raja."

Lanjang I : Ari putrina saha, Aki?"

Ki Léngsér : "Anjeun daék teu jadi putri?"

Lanjang I : "Ah, putri mah kudu geulis atuh Aki, kuring mah paling gé jadi tuang ngasuhna."

Ki Léngsér : "His ulah kitu, putri mah teu kudu geulis, nu penting mah geulis haténa."

Lanjang II: "Kuring mah moal ah Aki, hayang paéh di dieu."

Ki Léngsér: "Hus! Palias! Mending gé milu jeung aki. Engké anjeun jadi pamajikan Tangtu."

Lanjang I : "Tangtu téh naon Aki?"

Ki Léngsér : "Tangtu téh mingpin ieu buana. Euh, kieu wé atuh. Kabeneran aranjeun téh aya tilu jodo. Engké mun aranjeun geus sawawa ku aki rék dikawinkeun. Bujang-bujangna, engké jaga kudu jadi Tangtu. Saha nu meunangkeun Nyi Putri, ku aki rék dijenengkeun Ratu Tangtu, nu séjéenna jadi Rési Tangtu jeung Rama Tangtu. Tilu Tangtu ieu sing ngahiji, layeut ngaheuyeuk dayeuh ngolah nagara."

Lanjang I : "Ari nagarana mana Aki?"

Ki Léngsér : "Apan rék nyieun heula di babakan anyar."

Lanjang I : "Ari rajana saha, Aki?"

Ki Léngsér : "Bujang aya tilu, pék pilih nu pangpinterنا!"

Bujang III : "Jeung Kuring wé!"

Lanjang I : "Yéy, embung ah. Anjeun mah beuki barangdahar."

Bujang II : "Jeung kuring wé atuh!"

Lanjang I : "Ah embung, anjeun mah gedé ambek babari gelut!"

Ki Léngsér : "Hussss! Pamali, budak-budak geus tampikan. Engké ku Aki diatur! Hayu ayeuna mah cuang miang!"

Bujang : Hayuuuuu! Hayuuuuu! Hayuuuuu cuang miang . . .!"

AKI LENGSÉR NGAWIH DITÉMBALAN KU BUJANG JEUNG LANJANG.

Ki Léngsér : (Ngawih)
 Ngitung lembur mapay désa
 Ngajajah milangan kori
 Sirung tugur Pajajaran
 Muga waluya walogra.

Dicatat tina *Kumpulan Karangan Bacaean Murid Sakola Lanjutan*

Pancén 1

Maluruh Eusi Paguneman

Guru maréntah murid pikeun maluruh eusi paguneman dumasar 5W jeung 1H.

1 Naon

.....

2. Saha

.....

3. Iraha
.....
4. Di mana
.....
5. Naha
.....
6. Kumaha
.....

Pancén 2

Maluruh Kecap dina Kamus

Guru maréntahkeun murid nyatet kecap-kecap anu dianggap hésé jeung maluruh hartina dina kamus

.....
.....

Pancén 3

Nyaritakeun Eusi Paguneman

Guru maréntah murid pikeun nuliskeun deui eusina paguneman ku basa sorangan.

.....
.....

Pancén 4

Ngabédakeun Wangun Paguneman

Guru maréntah murid pikeun aspék-aspék nu ngabédakeun antara wangun Paguneman kahiji “Kamekaran Basa Sunda”, paguneman kadua “Pintonan Diskusi Kelompok VII Medar mangpaat témpé pikeun kaséhatan”, jeung paguneman katilu “Drama Sirung Pajajaran”

Aspék nu ngabédakeunana		
<i>Paguneman 1</i>	<i>Paguneman 2</i>	<i>Paguneman 3</i>
.....
.....

2. Wanda Téks Biografi jeung Otobiografi

a. Biografi

1) Hakékat Biografi

Biografi mangrupa karya tulis nu eusina medar ngeunaan lalampahan hirup saurang jalma. Tokoh nu dipedar dina biografi alusna mah lengkep ti mimiti nuliskeun tempat, tanggal, bulan, jeung taun dilahirkeunana, alamat padumukanana, ngaran indung bapana, riwayat atikanana, peristiwa nu dianggap penting sajeroning ngambah kahirupanana, atawa lalakon anu matak jadi picontoeun nu maca, karya-karya anu dihasilkeunana.

Biografi asal tina basa Yunani tina asal kecap bios nu hartina hirup jeung graphien nu hartina tulis. Biografi disebut ogé lalakon hirup saurang jalma. Aya téks biografi ditulis kalawan singget, ukur dina sababaraha kalimah, tapi aya ogé nu ditulis jadi hiji buku. Biografi singget ukur ngadadarkeun sabagian pakta-pakta penting tina sagemblengna lalakon hirupna. Biografi anu panjang mah ngawengku sagemblengna informasi nepi ka bubuk leutikna tur dianggap penting dipikanyaho ku balaréa tur dipidangkeun kalawan gaya carita anu pikaresepeun.

Ku cara maca biografi balaréa bakal manggihan lajuning hirup saurang tokoh. Jalma anu lalakon hirupna diguar dina biografi bisa tokoh sajarah jeung sajabana. Kiwari teu saeutik nu ngaguar tokoh nu aya kénéh di kieuna dina wangun biografi.

Hiji biografi bisa ditulis saupama bahan-bahan utama sarta bahan pangdeudeul séjénna geus sadia. Anu kaasup kana bahan utama di antarana bisa mangrupa catetan poéan (buku harian), surat-surat, kliping koran, jeung sajabana. Bahan pangdeudeul mangrupa biografi séjén, buku référénsi, sajarah nu medar peran éta jalma.

Ciri tulisan biografi di antarana disusun kalawan kronologis. Tokoh nu lalakonna diguar ti mimiti nepi ka ahir kalawan mérélé. Anu dipedarna kayaning oriéntasi jeung palsapah hirup tokoh, peristiwa atawa

masalah nu karandapanana; ditulis dumasar informasi faktual sarta dipidangkeun dina wong narasi. Fakta anu dianggap istiméwa sok dijadikeun judul biografi. Upama diwincik, nu sok ditataan dina téks biografi téh ngawengku: (1) ngaran, lalandian, atawa jujulukna, (2) riwayat kahiran jeung asal-usul kulawargana, (3) wong fisik tokoh jeung pasipatanana, (4) riwayat pendidikan jeung pagawéanana, (5) pikiran atawa gagasanana, (6) karya atawa hasil gawé, (7) prestasi jeung pangajén (penghargaan) nu kungsi katarimana.

Ieu di handap dipidangkeun conto biografi singget nu dicutat tina sababaraha sumber.

2) Conto Téks Biografi

Ieu di handap aya sababaraha conto téks biografi, pék baca kalawan gemet!

Biografi (1)

Ali Sadikin

BUNTUT kajadian Gerakan 30 Séptembér PKI, kaayaan di puseur nagara Jakarta harénghéng. Nyawa manusa ampir teu aya hargana. Rayat balangsak, barang-barang kaperluan lus-les teuing ka mana. Unggal poé kudu baé manggihan mayit, ngambang dina walungan.

Ku sabab euweuh duit, pangwangunan macét. Jalan-jalan rarenjul, sakola barutut, sajaba ti kurang téh. Nyaksian kaayaan kitu, Presidén Seokarno ngangkir Létkol Marinir Ali Sadikin ka Istana Merdéka.

Diangkir ka istana ku Presidén, Ali Sadikin reuwas. Aya naon? Boa-boa aing rék dihukum, cenah. Da apan harita téh loba jelema ditéwakan.

“Ali, nyaho naon sababna anjeun dipanggil?” cenah, saur Bung Kurni, barang Ali Sadikin sumping ka Istana Merdéka.

Nu ditaros pungak-pinguk, lantaran teu terang téa. Kajadian saterusna, Ali Sadikin diangkat janten Gubernur DKI Jakarta. Bung Kurni ngahaja milih anjeunna, lantaran Jakarta butuh pamimpin nu gedé kawani.

Ahirna Ali Sadikin resmi diistrenan jadi Gubernur DKI Jakarta April 1966. Réa nu teu satuju, pangpangna para mahasiswa. Sabab dianggap anték-anték orde lama, da apan diangkatna ku Bung Kurni.

Teu kantos lami Bung Karno lungsur tina kalungguhanana, terus diganti ku Soeharto.

Salami dipingpin Ali Sadikin, pangwanganan Kota Jakarta kacida majuna. Jalan-jalan aralus deui, lian ti loba nu anyar téh. Gedong sakola terus nambahana. Wewengkon nu tadina kotor, loba nu salin jinis jadi séhat.

Geura ulin ka daerah Pluit ayeuna. Saha nu nyangka urut rawa. Nya kitu deui Cengkaréng, Pulo Gadung, Ancol, atawa Kemayoran. Hasil usaha Ali Sadikin, jadi daerah pikabiteun. Malah Ancol mah jadi tempat wisata kacida mashurna. Ti mana-mana daratang ngadon pariknik. Hidep gé pasti kungsi ulin ka Ancol. Étakabéh jasana anjeunna.

Dina ngawangun Jakarta, anjeunna henteu ukur nyieunan gedong jeung jalan. Bisa jadi éta bedana Ali Sadikin jeung gupernur-gupernur séjén téh. Sigana ngan anjeunna, pamingpin nu enya-enya merhatikeun kana kagiatan budaya. Nya Ali Sadikin pisan, nu mokalan nyieun Déwan Kasenian Daerah téh. Nyaéta Déwan Kasenian Jakarta (DKJ). Lengkep jeung tempat para seniman némbongkeun karya-karyana: Taman Ismail Marzuki téa.

Geus kitu mah ampir di unggal daerah, aya lembaga sarua. Narurutan nyarieun gedong budaya. Contona di Bandung, Taman Budaya di Jalan Dago. Ngan lantaran tuturut mumunding, henteu maju saperti Taman Ismail Marzuki.

Teu kurang gedéna perhatian anjeunna, kana kagiatan olahraga. Naon rupa kaperluan olahraga disadiakeun. Nasib para atlit diperhatikeun. Jaman Ali Sadikin mimiti aya olahragawan meunang gajih atawa digawékeun téh. Ieu ogé tuluy diturutan ku pajabat daerah séjénnna.

Urang Jakarta kacida reueusna, boga gupernur siga Ali Sadikin. Geusan némbongkeun kareueusna, sareng istrina Almarhumah Drg. Nani Sadikin, dipaparin sebutan *Bang* jeung *Mpok*. Tug nepi ka ayeuna, rek kolot, rék budak, ti mimiti rayat, nepi ka présidén, nyarebutna téh Bang Ali.

Sabenerna kabéh gupernur Jakarta, mareunang landian sarua: Bang. Kaasup Gupernur Sutiyoso ayeuna. Tapi, taya nu napel siga anjeunna. Nepi ka urang Jakarta ka poho, Ali Sadikin téh urang Sunda. Lain asli urang Batawi.

Léjtén Marini (purn.) Ali Sadikin, lahir di Cangkudu Sumedang, 7 Juli 1926. Ramana Radén Sadikin, Kepala Jawatan Pertanian Kabupaten Sumedang. Almarhum Radén Sadikin kagungan putra genep, sadayana pameget. Ari Bang Ali pangais bungsu.

Salah saurang sadérékna, nya Dr. Hasan Sadikin, lantaran jasa-jasana, jenenganana didamel nami rumah sakit. Rumahsakit Hasan Sadikin Bandung. Upami dijijut ka luluhurna, tételá anjeunna kagungan getih ménak. Kumargi turunan ménak, satamatna Sakola

Rakyat, tiasa neraskeun ka HIS (SMP). Lulus taun 1940, neraskeun deui ka MULO (SMA).

Kantos ngalih ka Sakola Téhnik, ngan teu kantos tamat, kabujeng datang tentara Jepang. Sakola deui di Sekolah Pelayaran Tinggi (SPT). Tamat taun 1943. Ti dinya ngiring pendidikan KKO Angkatan Kahiji (1952), saméméh dikirim ka Amerika, tolab élmu di Korp Marinir (USMC School). Saréngséna dikirim deui ka Walanda.

Pirang-pirang jabatan kantos dipercantenkeun nagara, ka ieu ménak teureuh Sumedang téh. Tapi, sohorna mah angger, waktos mimgpip urang Batawi. Kaleresan waktos Ali Sadikin mingpin Jakarta, Solihin GP (Mang Ihin) kapeto jadi gupernur Jawa Barat.

Nu hiji ménak Sumedang, nu hiji deui ménak Tasik. Duanana jéndral, duaana kasep, turug-turug nyobat dalit. Atuh dina mingpin daerahna masing-masing téh, sering paheuyeuk-heuyeuk leungeun. Sakapeung ramé paséa. Maséakeun kapentingan rayatna.

Terang Gupernur Jakarta réa duitna, sakali mangsa Mang Ihin ngaluarkeun ‘ancaman’: Jakarta moal dibéré cai, upama teu méré waragad jang nyieun sakola. Duka kumaha pok-pokanana, ngan nu tangtu ‘ancaman’ Mang Ihin téh aya hasilna. Teu kungsi lila, torojol bantuan ti Pemda DKI Jaya, keur nyieun sakola di Jawa Barat.

Ku sabab dianggap pamingpin suksés, rea nu ngarep-ngarep Ali Sadikin jadi présidén. Bisa jadi éta sababna, pangna taun 1977, teu pupuguh anjeunna kedah lungsur tina jabatan gupernur.

Sumber: Panyungsi Basa Sunda Kelas X (2012:48)

Pancén 1

Maham Eusi Biografi

Guru maréntah murid pikeun maluruh eusi biografi

1	Asal-usul tokoh
2.	Riwayat pendidikan Tokoh
3.	Riwayat karya tokoh
4.	Kauggulan tokoh

Pancén 2

Maluruh Kecap dina Kamus

Guru maréntahkeun murid nyatet kecap-kecap anu dianggap hésé jeung maluruh hartina dina kamus

.....
.....
.....
.....
.....

Pancén 3

Nyaritakeun Eusi Carita Biografi

Guru maréntah murid pikeun nyaritakeun deui eusi biografi ku basa sorangan.

.....
.....
.....
.....
.....

Téks Biografi 2

Si Lincah Firman Utina

ku: Merry Cristianti

Firman Utina, gumelar di kampung Komo Luar Manado, ping 15 Désember 1981. salasahiji pamaén bal di Indonesia anu posisina salaku gelandang tengah. Carogé ti Marita Yustika ieu ayeuna jadi bapa ti Raihan Putra Utina jeung Salsabila Putri Utina. Ayeuna, Firman Utina maén di tim Persib Bandung, jajaténnna Jawa Barat, ogé jadi pamaén di Timnas Indonesia. Firman ogé salaku kaptén di Timnas Indonesia gagantina Bambang Pamungkas.

Firman Utina mimiti maén bal di tim Sepakbola Indonésia Muda nu aya di daerah asalna, Manado. Salila sababaraha taun manéhna sakola didinya, Firman ogé tuluy *hijrah* ka tim amatir Bina Taruna, sabada umurna ngaliwatan wates anu diidina di sakola sepakbola. Ku wekelna pikeun tuluy latihan, antukna Firman bisa ngaropéa sangkan hadé kana tagogna. Ukur ku waktu tilu taun babarengan jeung éta tim amatir,

manéhna direkrut ku Persma Junior, salasahiji tim semi-profésional nu aya di wewengkonna harita.

Prosés asup ka Persma Junior kawilang anéh. Éta hal ku sabab teu ngaliwatan mékanisme seléksi sakumaha pamaén séjenna. Sabab manéhna dirékrut sabada bisa ngagolkeun nepi ka 12 gol dina hiji pertandingan nalika turnamén tim lokal di Manado. Éta gol nu matak géhgér téh nepi wartana ka pelatih Persma Manado harita, Benny Dollo. Ku sabab panasaran kana kasuksésan salasahiji striker lokal nu bisa ngagolkeun nepi ka jumlahna salosin dina hiji pertandingan, pelatih nu akrab ku nénéhna Bendol ieu téh langsung maréntahkeun anggotana pikeun mapagkeun Firman, jeung ngajak asup ka Persma. Teu matak mandeg mayong, manéhna langsung narima pikeun gabung ka Persma.

Ku sabab terus dilatih ku Benny Dollo, Firman bisa némbongkeun progrés nu beuki hadé. Éta hal antukna nyieun Bendol teu matak mandeg mayong deui ngajak Firman jadi arsiték tim, nu antukna matak loba nu nyebut Firman téh "anak emas" pelatih Timnas. Ogé nalika Benny Dollo ngalatih Timnas Indonesia, Firman sok dijadikeun pamaén inti. Tapi untungna Firman mah teu adigung jeung gedé hulu, manéhna ukur ngakukeun yén antara manéhna jeung Benny Dollo téh silih lengkepan.

Tékadna pikeun ngaleukeunan karirna di dunya sépakbola téh beuki buleud jeung teu bisa disapirakeun. Éta hal katémbong dina kaputusanna pikeun ninggalkeun status pagawé negeri sipil (PNS) Kabupaten Tangerang nalika di tim nu katelah Pendékar Cisadané, mutuskeun kaluar pindah ka Aréma, nuturkeun pelatih Benny Dollo.

Pilihanna ninggalkeun Persita Tangerang tuluy gabung jeung Aréma Malang jeung ngaleupaskeun status PNS téh teu matak kaduhung. Sabab di klub nu pendukungna katelah Aremania éta, manéhna ngarasakeun kumaha jadi jawara, najan ukur turnamén Copa Indonesia (dina taun 2005 jeung 2006). Teu ukur juara ogé, manéhna bisa mawa gelar pamaén terbaik dina éta turnamén. Mangrupa hiji hal nu matak reugreug jeung ningkatkeun motivasi nu leuwih pikeun terus ngaropéa kualitas permainanana. Najan sababaraha kali ngalaman cidera jeung ngudukeun Firman istirahat heula, permainan Firman tetep stabil. Dina taun 2007 jadi taun nu pinuh ku préstasi. Firman jadi pamaén terbaik Indonesia dina laga ngalawan Bahrain di turnamén Piala Asia 2007.

Sabada pelatih Beny Dollo milih teu jadi pelatih Persita Tangerang deui, manéhna ogé ngaprédiksi bakal ninggalkeun éta klub jeung balik deui nuturkeun éta pelatih nu geus nyieun manéhna jadi pamaén nu kawéntar. Ahirna Bendol dirékrut ku Timnas jeung Firman asup ka klub Pelita Jaya, nolak sababaraha tawaran ti tim gedé nu nawaran gabung.

Najan pernah nguciwakeun ménéjemén Persita Tangerang, tapi manéhna angger ditarima nalika gabung deui jeung éta tim dina awal kompetisi 2007 harita. Padahal dina taun 2004, pamaén nu mimeti gabung di tim "Merah Putih" ti taun 2000 babarengan jeung "Timnas Pelajar". Ukur sapériode Firman gabung jeung Persita téh dina taun 2008, tuluy Firman gabung jeung klub Pelita Jaya. Di éta tim, Firman leuwih sering dijadikeun pamaén cadangan sabab éléh saing jeung playmaker asing, Esteban Viscara.

Ahirna dina taun 2009, Pelita Jaya ngaleupaskeun Firman ka Persija Jakarta, nu harita pelatihna téh Benny Dollo. Duanana ngahiji deui. Ngan ukur samusim Firman di Persija. Dina taun 2010 Firman gabung jeung tim élit, Sriwijaya FC.

Ayeuna Firman jadi pananggeuhan di klub atau di tim nasional. Pamaén nu posisina salaku gelandang ieu kawéntar miboga mobilitas nu luhur, daya jelajah nu lega, gesit jeung miboga tajongan sasaran nu hadé. Laos di turnamén piala AFF 2010, Firman némbongkeun kaunggulanana ku ngagolkeun 2 gol ka gawang Laos.

Firman ahirna jadi kaptén ngaganti Bambang Pamungkas nu sok dijadikeun pamaén cadangan. Tapi Firman angger teu adigung. Manéhna ukur ngakukeun yén éta ukur jadi kaptén cadangan, kaptén nu saenyana mah angger Bambang Pamungkas.

Firman ngaku manéhna hayang karirna nepi ka jadi pelatih lamun ke geus pangsiun. Ayeuna mah ukur hayang fokus kana maén bal, teu miboga kagiatan séjénna. Tina karir sépakbolana nu kawilang suksés, bisa jadi Firman bkal sajajar jeung para legénda pamaén bola Indonesia nu geus jadi légénda ti baheula.

Pancén 1

Maham Eusi Biografi

Guru maréntah murid pikeun maluruh eusi biografi

1	Asal-usul tokoh
2.	Riwayat pendidikan Tokoh
3.	Riwayat karya tokoh
4.	Kaunggulan tokoh

Pancén 2

Maluruh Kecap dina Kamus

Guru maréntahkeun murid nyatet kecap-kecap anu dianggap hésé jeung maluruh hartina dina kamus

.....
.....
.....
.....
.....

Pancén 3

Nyaritakeun Eusi Carita Biografi

Guru maréntah murid pikeun nyaritakeun deui eusi biografi ku basa sorangan.

.....
.....
.....
.....
.....

b. Otobiografi

1. Hakékat Otobiografi

Otobiografi mangrupa hiji karya tulis anu eusina medar ngeunaan catetan riwayat hirup ngeunaan dirina sorangan. Nilik kana hartina dumasar KBBI (2008), autobiografi (otobiografi) téh catetan diri pribadi atawa pedaran riwayat hirup pribadi nu ditulis ku dirina sorangan. Hartina eusi éta karya téh nyaritakeun pangalaman lalampahan dirina ti awal (keur leutik kénéh) nepi ka ayeuna samangsa dirina nulis éta karya.

Jadi anu ngabédakeun antara biografi jeung otobiografi téh di antarana mangsa nulisna. Eusi biografi ngariwayatkeun saurang tokoh boh nu masih aya dikieuna (hirup) boh geus taya dikieuna (maot) sarta ditulisna ku jalma séjén, ari otobiografi mah ngariwayatkeun dirina sorangan salila masih kénéh aya dikieuna (hirup). Anu jadi subjék, kecap sulurna, sebutan tokoh dina biografi bisa ku nyebutkeun ngaran langsung, upamana Soekarno, Soeharto, Oto Iskandar di Nata, Déwi Sartika – atawa gaganti ngaran jalma

katilu dirina, manéhna, anjeunna, mantenna. Otobiografi mah lantaran ditulis langsung ku dirina, subjékna téh sok ku kecap gaganti ngaran jalma kahiji, upamana kecap kuring, simkuring, abdi, simabdi, urang, kula.

Ari eusi nu dipedar otobiografi ogé sarua waé jeung biografi, kyaning nataan (1) ngaran, lalandian, atawa jujulukna, (2) riwayat kalahiran jeung asal-usul kulawargana, (3) wong fisik tokoh jeung pasipatanana, (4) riwayat pendidikan jeung pagawéanana, (5) pikiran atawa gagasanana, (6) karya atawa hasil gawé, (7) préstasi jeung pangajén (penghargaan) nu kungsi katarimana. Ngan karya otobiografi mah teu kacampuran ku ide jalma séjén, asli némbongkeun pipikiran jeung lalampahan pangalaman hirupna. Ku lantaran kitu, bakal bédha dina gaya nuliskeunana ogé.

Sangkan leuwih jéntré perkara otobiografi, pék baca catetan otobiografi Ajip Rosidi anu judul bukuna “Hurip Waras, Dua Panineungan” ditulis langsung ku Ajip Rosidi taun 1988; “Mulangkeun Panineungan” ditulis ku Prof. Drs. H. Muchtar Affandi taun 1997; “Buméla ka Bangsa”, ditulis ku R.S. Hardjapamekas taun 2005.

2. Conto Téks Otobiografi

Ieu di handap aya conto téks biografi, pék baca kalawan gemet!

Téks Otobiografi (1)

HASAN NUGRAHA

Hasan Nugraha, lahir di Cianjur, 8 Pébruari 1989. Anak kadua tur lalaki hiji-hijina –ti opat sadulur– ti Ambu Nénah jeung Bapa Muhtar. Dulur kabéhanana awéwé, lanceuk Téti Rahayu Mulyati, adi nu pangais bungsu Anissa Nurul Hidayah, jeung Si Bungsu Maulida Haérani Safitri.

Atikan formalna, Sakola Dasar di SDN Sukaasih (1995-2001). Laju sakola ka SMPN 2 Takokak (2001-2004). Ku lantaran di lembur waktu harita mah can aya SMA, tuluy ngaluas-luaskeun manéh ngumbara ka kota, sakola di SMAN 4 Sukabumi (2004-2007). Tamat SMA kuring daptar PMDK ka paguron iuhur UPI nyokot Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (2007-2011). Alhamdulillah salila tilu taun satengah kuring bisa nyangking gelar sarjana pendidikan. Teu cukup ti dinya, di awal taun pelajaran kuring ditawaran daptar ka Pascasarjana UPI nyokot jurusan Pendidikan Bahasa dan Budaya

Sunda. Alhmdulillah aya nasib katarima jadi mahasiswa entragan 2011.

Rada teu percaya asalna mah, urang lembur bisa ngilu ngagedékeun diri di antara jalma-jalma nu disawang leuwih luhur kasang tukang jeung pangaweruh nu dipimilikna. Tapi, ti dinya beuki nambahán kayakinan, sapanjang daék usaha jeung ngadoa mah taya nu teu mungkin pikeun ngahontal cita-cita. Cag!

Pancén 1

Maham Eusi Otobiografi

Guru maréntah murid pikeun maluruh eusi otobiografi

1	Asal-usul tokoh
2.	Riwayat pendidikan Tokoh
3.	Kauggulan tokoh

Pancén 2

Maluruh Kecap dina Kamus

Guru maréntahkeun murid nyatet kecap-kecap anu dianggap hésé jeung maluruh hartina dina kamus

.....
.....
.....
.....
.....

Pancén 3

Nyaritakeun Eusi Carita Otobiografi

Guru maréntah murid pikeun nyaritakeun deui eusi otobiografi ku basa sorangan.

.....
.....
.....

.....

Teks Otobiografi (2)

ARIS NURYANA

Aris Nuryana, lahir di Tasikmalaya, 11 Januari 2005. Anak nunggal tipasangan Bapa Ahmad Kosasih sareng Susi Sunarti. Kungsi sakola di SD Negeri 4 Cilangkap dan SMP Negeri 1 Manonjaya. Salila sakola di SMP, Aris kaitung aktif dina kagiatan ékstra kurikulér OSIS, Pramuka, jeung Bulétin Sakola. Ku lantaran aktif, Aris kungsi kapeto jadi ketua umum OSIS.

Najan aktif dina ékstra kurikulér, Aris tetep némbongkeun kadariaan dina widang akademik. Ku kituna, ti mimiti kelas 7 nepi kelas 8 Aris réngking hiji waé. Waktu diumumkeun kalulusan, Aris gé jadi juara umum, lantaran peunteun UN panggedéna sa-SMP.

Kiwaru nuluykeun di SMA Negeri 3 Tasikmalaya. Ku lantaran citacitana hayang jadi ménéjer bank, di SMA Aris ka peminatan Ilmu-Ilmu Sosial (IIS). Lian ti éta, dina neruskeun bakat jeung karesepna, Aris aktif dina éktrakurikulér Pramuka jeung OSIS malah geus diajam, rék milu pemilihan ketu OSIS sugar waé bisa kapilih kawas di SMP. Sanajan di sakola aktif, pinter jeung dipikaresep ku babaturanana, Aris teu weleh sopan jeung handap asor. Sapopoé nyarita maké basa Sunda. Unggal panggih jeung sasaha, teu weléh rengkuh. Aris nu ngidolakeun Iwan Fals jeung Sukarno ieu téh bogas moto hirup, "mun keyeng tangtu pareng".

Dicutat tina *Lagam Basa Sunda SMA/SMK/MAK Kelas X*

Pancén 1

Maham Eusi Otobiografi

Guru maréntah murid pikeun maluruh eusi otobiografi

1	Asal-usul tokoh
2.	Riwayat pendidikan Tokoh
3.	Kaunggulan tokoh

Pancén 2**Maluruh Kecap dina Kamus**

Guru maréntahkeun murid nyatet kecap-kecap anu dianggap hésé jeung maluruh hartina dina kamus

.....
.....
.....
.....
.....

Pancén 3**Nyaritakeun Eusi Carita Otobiografi**

Guru maréntah murid pikeun nyaritakeun deui eusi otobiografi ku basa sorangan.

.....
.....
.....
.....
.....

c. Pangajaran Biografi jeung Otobiografi

Upama nilik kana KIKD dina Kurikulum Basa jeung Sastra Sunda 2013 mah pangajaran biografi téh diajarkeun di Kelas 10. Hasil diajar ngeunaan biografi murid dipiharep mibanda prilaku jujur, disiplin, jeung tanggung jawab, sanggeus ngaidéntifikasi, nganalisis téks biografi jeung otobiografi, sarta mahér menyusun (nulis), nepikeun koméntar (menanggapi), jeung mampuh ngabandingkeun atawa ngabédakeun antara téks biografi jeung otobiografi ditarung ku weruh kana kaidah-kaidah.

3. Warta**a. Hakékat Warta**

Sacara léksikal kecap warta ngandung harti béja, berita, informasi atawa kabar. Warta mangrupa kecap atawa istilah anu teu bireuk deui dina

kahirupan sapopoé. Secara étimologis kecap warta asalna tina basa Sangsekerta nu ngandung harti béja atawa kabar berita. Dumasar kamekaranana warta atawa berita dihartikeun salaku informasi nu ditepikeun dumasar fakta nu aya, peristiwa nu kajadian, sarta aya patalina jeung kapentingan nu maca.

Informasi nu aya dina surat kabar disebut berita. Nurutkeun KBBI (2008), berita téh nyaéta carita atawa keterangan ngeunaan kajadian atawa peristiwa nu keur ramé dicaritakeun ku masarakat. Di masarakat urang nu ngaranna berita jadi hiji kabutuhan. Contona waé, upama aya saurang jalma papanggih jeung jalma séjenna (sobat atawa babaturan, dulur atawa baraya) nu leuwih ti heula ditanyakeun téh berita, Kumaha wartosna (*kabarnya*) damang?" Masih dina KBBI, Kabar hartina berita. Kabar nu dimaksud nyaéta, berita nu kudu ditepikeun ka jalma séjén dina wangun lisan.

Wanda Warta

Nilik kana wandana, warta atawa berita téh aya dua rupa, nyaéta berita langsung jeung teu langsung. *Berita langsung* nyaéta informasi ngeunanan hiji fakta nu ditarima langsung ti narasumber/sumber berita (kejadian/peristiwa/jalma). Nu dipidangkeunana perkara nu aktual, anyar – keur lumangsung, kalawan basa anu basajan, lugas/saayana, singget, padet, lancar, jelas, teu ngayayay, narik ati, jeung euyeub ku data. Ieu berita dina surat kabar sok aya di bagian awal (hareup), jadi berita utama. Contona: "Pangandaran *Katarjang Tsunami*" (*Galura*, 1 Januari 2005); "Undang-undang Pérs, keur Kapentingan Masarakat (*Galura*, 1 Perbuari 2005)

Berita teu langsung mangrupa informasi hiji fakta nu geus ngalaman prosés atawa diprosés heula saméméh ditepikeun ka masarakat nu maca. Anu kaasup kana berita teu langsung, di antarana, *Investigative News*, *Explanatory News*, *Interpretative News*, *Depth News*.

- a. *Investigative news* nyaéta berita anu bahan-bahan berita kurang lengkep, sarta dilengkepan heula ku cara nalungtik data, fakta, atawa informasi ti sumber séjén anu ngarojong kana bahan berita awal,

upamana tina *press release*, liputan acara, jeung panalungtikan (investigasi).

- b. *Explanatory News*, nyaéta berita nu dipedar kalawan rinci, madukeun antara pakta nu aya jeung opini nu nulis. Fakta anu kapanggih dijelaskeun kalawan gemet tur panjang lébar dibarengan ku argumentasina. Bisa dipidangkeun langsung saharita atawa jadi berita nyambung. Pikeun éta hal diperukeun data anu loba tur lengkep boh ti narasumber boh tina hiji peristiwa.
- c. *Interpretative News*, nyaéta berita nu dimekarkeun ku cara napsirkeun, ngajén, ngoméntaran kana hiji data, pakta tina hiji peristiwa atawa informasi ti narasumber. Cindekna data nu aya diadumaniskeun jeung hasil interprétasi nu nulis.
- d. *Depth News*, *midangkeun data nu méh sarua jeung investigative news*, nyaéta mekarkeun berita nu dianggap perlu dilengkepan ku data-data séjén atawa koméntar nu nulis. Éta hal bisa waé balukar tina data anu loba teuing tapi rada jauh patula-patalina. Nyaéta berita dimekarkeun deui diluyukeun dumasar kapentingan jeung klasifikasina.

Prinsip-Prinsip Warta

Warta nu ngandung ajén objéktif nyaéta warta nu bisa ngabuktikeun fakta, data, atawa informasi nu diberitakeunana ku unsur-unsur kecap-kecap pananya *what, who, when, where, why, jeung how (5W + 1H)*.

Ciri nu hakiki warta téh dipidangkeun atawa ditepikeun ka masarakat kalawan gancang (*timely*) tur raket patalina jeung kapentingan umum balaréa (*public interest*).

Aya dalapan konsép berita anu jadi prinsip-prinsipna, nyaéta berita laporan gancang (*news as timely report*), rekaman (*news as record*), fakta objéktif (*news as objective fact*), interprétasi (*news as interpretation*), sensasi (*news as sensasion*), minat insani (*news as human interest*), ramalan (*news as prediction*), gambar (*news as picture*).

Nulis Warta

Di luhur ditétélakeun yén warta atawa berita nyaéta laporan peristiwa atawa catetan ngeunaan hiji kajadian. Nuliskeun hiji berita geus ilahar merhatikeun genep unsur nu patalina jeung kecap pananya minangka prinsip-prinsipna. *Who* – saha nu kalibet dina éta peristiwa: palaku, korban, tokoh utama, tokoh pangganti, figurin, jalma, lembaga, organisasi, jsté. *What* – naon nu kajadianana, kajadian naon, peristiwa naon, acara naon? *When* – iraha kejadianana, unsur waktu, biasana ditulis, upamana, senén (22/4). *Where* – di mana kajadianana, tempat acarana di mana, unsur tempat, biasana ditulis, upamana, "di hareupeun gedong partere upi". *Why* – naha kitu, naon sababna, kumaha kasang tukangna, naon tujuanana, jsté. *How* - kumaha proses kajadianna, naon acarana, saha nu nyaritana, aya guruna teu, raribut di kelasna teu, alakur jeung babaturnana, kahujanan balikna, naon waé nu dicaritakeun ku narasumber, jsté.

Sawatara hal penting anu perlu diperhatikeun patalina jeung basa nu dipaké dina nulis berita, di antarana 1) basajan, 2) singget, 3) pepel/padet, 4) lugas, 5) jelas, 6) jernih, 7) narik ati, 8) demokratis, 9) populis, 10) logis, 11) gramatikal, 12) mahing basa tutur/lisan, 13) mahing kecap jeung istilah asing, 14) pilihan kecap (diksi) merenah, 15) ngutamakeun kalimat aktif, 16) mahing kecap atawa istilah téhnis, 17) patuh kana kaidah étika.

Karya jurnalistik ngabogaan tilu wanda tulisan, nyaéta Straight News, News Feature, jeung feature. Sedengkeun struktur berita diwangun ku 1) judul, 2) lead (teras berita), 3) eusi.

Judul minangka kakuatan utama hiji berita nu ngalantarankeun nu maca ngarasa panasaran hayang mikanyaho eusina. Aya sababaraha hal nu perlu diperhatikeun dina nuliskeun judul, di antarana 1) ringkes, 2) kekecapanana basajan, 3) marketable – bisa dijual/komérsial, 4) attraction – mampuh narik calon nu meuli, 5) intention – numuwuhkeun nu maca panasaran kana eusina, 6) action – nu maca hayang miboga surat kabar nu dibacana. Upama judul teu narik ati nu maca ogé bakal

seunggah pikeun macana. Sakapeung aya judul nu alus, ngirut nu maca neuleuman eusina, tapi sanggeus dibaca teu nyambung antara eusi judul nu ditulisna. Judul bisa ditulis ngagunakeun kalimat langsung, hartina bisa nyutat tina caritaan narasumber.

Eusi berita bisa ditingali ti mimiti lead (teras berita) nu sok aya dina paragraf awal. Tina lead bisa kapaluruh pieusieun berita. Konci utama nulis lead nyaéta aya, 5 W + 1 H. Lead pungsina pikeun bubuka saméméh asup kana pedaran hiji berita. Aya sababarah rupa lead nu sok digunakeun dina nulis berita, di antarana nuliskeun lead berita bisa ku cara tiori piramida terbalik, nyaéta nempatkeun hal nu pokok jeung utama leuwih ti heula. Téhnik nulis modél kieu ngabantu rédaktur dina kagiatan motong berita saupama panjang teuing jeung tempatna (kaca) teu cukup.

b. Tujuan Pangajaran Warta

Dumasar KIKD Kurikulum 2013 di SMA/SMK matéri warta téh diajarkeun di kelas 11. Anapon tujuan nu kudu dihontal tina hasil diajar warta, murid SMA/SMK dipiharep mibanda prilaku jujur, disiplin, jeung tanggung jawab, sabada ngaidéntifikasi jeung nganalisis téks warta, metakeun warta, sarta dipiharep deuih bisa ngoméntaran eusi warta, basa warta, jeung peta jalma nu keur macakeun warta.

c. Conto Warta

Téks Warta Tulis (1)

Lolongok ka Museum Konferensi Asia Afrika (Laporan Djasepuddin)

Béda jeung ka museum-museum atawa tempat wisata lianna, pangpangna wisata sajarah, lolongok ka Museum Konferensi Asia Afrika (KAA) mah teu dipulut biaya nanaon. Sok sanajan haratis, tetep baé masarakat ah bangun nu haroréameun. Masarakat leuwih milih ulin ka mol, diskotik, atawa outlet manna ka museum.

Nurutkeun Kepala Museum Konferensi Asia Afrika, Drs. Boedi S. Poerwahadikoesoemo, pangna masarakat kitu téh - alatan tacan areungeuheun kana pentingna tittinggal sajarah. Padahal sajarah téh mangrupa eunteung. Salian ti kitu, anggapan masarakat kana wanganan museum gé masih kénéh héngkér.

"Masarakat masih kénéh nganggap yén museum téh hiji wanganan karamat, teu sambarang jalma bisa asup ka museum. Komo ka museum KAA mah, anggapan masarakat mah, nu bisa asup ka ieu museum téh ngan keur jalma-jalma penting wungkul. Padahal saleresna mah teu kitu. Saha baé ogé bisa ngajugjug ka Museum KAA, teu diwalkeun," ceuk Boedi, basa dianjangan ku KORAN SUNDA di kantorna, di Jalan Asia Afrika No. 65 Bandung.

"Kiwari mah Museum KAA téh geus dilengkepan ku arsip jeung dokuméntasi dina wangu multimedia nu ditunda dina computer. Sakur nu ngajugjug bisa nengetan jeung ngimeutan pasualan sajarah, unak-anik, katut ragam budaya ti sakuliah bangsa-bangsa Asia jeung Afrika." Boedi nandeskeun.

Tepi ka kiwari nu ngajugjug ka Museum KAA téh lolobana barudak sakola. Kituna mah pantes, kapan sajarah ngeunaan KAA téh asup kana kurikulum pendidikan dasar jeung menengah.

Papadaning kitu Boedi ngarasa reueus, réhna Museum KAA téh jadi pangjugjungan siswa-siswa sakola di sakuliah Indonésia. Saur Boedi mah dina sabulan nu ngadarongdon ka Museum KAA téh jumlahna nepi ka 10.000 urang.

Atuh pikeun ngaronjatkeun nu ngadarongdon ka Museum KAA undak, ieu museum gé milu aub dina Asia Africa Art Festival (AAAF).

Hal éta minangka tarékah pikeun ngawawarkeun atawa publikasi jeung promosi Museum KAA ka balaréa.

Salaku Kepala éta museum, Boédi miharep ka masarakat sangkan tong bauan, tong sieun pikeun asup ka Museum KAA. Salawasna éta museum nu ngandung ajén sajarah téh narima tamu jeung sakur masarakat nu hayang apal pasualan sajarah, pangpangna sajarah KAA.

Kangarana museum tangtu neundeun rupa-rupa barang langka wungul. Koléksi-koléksina téh barang penting jeung ahéng kiriman ti bangsa-bangsa Asia Afrika.

Ku kituna koléksi-koléksina téh ditaréangan ku sakur jalma ti saban bidang paélmuan kaasup sajarawan jeung mahasiswa.

Koléksi-koléksi museum KAA téh teu bisa diinjeumkeun, ukur bisa nyaksian atawa maca di tempat wungkul. Boa alatan patugas museum anu kalékéd atawa mémang kaparigelan nu ngajugjugna, nu écés koléksi museum KAA téh kungsi leungit, alias kapalingan.

Ceuk Kepala Museum KAA, éta kajadian téh kira-kira tilu taun ka tukang. Nu leungitna téh sababara buku.

"Bapa gé mimitina mah cangcaya. Kapan saméméhna mah Museum KAA téh kawilang aman tin u sok ceceremed. Tapi barang disaliksik mémang sababara buku kiriman ti luar negri arical. Bapa gé teu ngarti,. Singhoréng nu sok ceceremedna téh jalma nu sok larsup ka museum. Enya ngadon maca jeung nalungtik koléksi Museum KAA. Jeung patugas museum gé manéhna téh geus loma. Atuh patuga museum teu neundeun curiga ka manéhna téh," Boedi nétlakeun.

Sabada laporan ka Polsék Sumur Bandung, teu lila ti tas kajadian gé langsung kapanggih nu malingna téh, turta buku-bukuna téh masih kénéh nyampak di tukang dagang buku-buku urut di lelewék PLN, peuntaseun museum pisan.

Basa disigeung kumaha lajuning lakuna, Boedi nyebutkeun, manéhna ukur dibui sababaraha poé baé, ari sabab kolotna jeung pihak museum badami ku cara kakulawargaan, nya pihak museum téh ngamaphum, turta manéhna gé dibébaskeun.

Ku kituna pikeun nytingkahan hal nu sarupa, pihak Museum KAA kiwari leuwih ati-ati dina ngariksa barang-barang koléksina.

Kasang tukang ngadegna Museum KAA téh patali jeung lumangsungna Komperensi Asia Afrika (KAA) tanggal 24 April 1955. éta kajadian téh mangrupa peristiwa sajarah dina dunya politik luar negeri Indonésia turta peristiwa gedé pikeun bangsa-bangsa di Asia jeung Afrika.

Demi nu mimitina naratas ngadegna Museum KAA téh nyaéta Mentri Luar Negri RI mantan (1978-1988), nu jenengan Prof. Dr. Muchtar Kusumatmadja, S.H., LL.M. turta alfukahna Joop Ave, minangka Ketua Panitia 25 Tahun Konferensi Asia Afrika jeung nu ngajabat Diréktur Jéndral Potokol dan Konsuler Departemén Luar Negri, rukun gawé jeung Departemen Penerangan, Departemen Pendidikan dan Kebudayaan, Pemerintah Daerah Tingkat I Propinsi Jabar, sarta Universitas Pajajaran, diistrénan tanggal 24 April 1980 ku Présidén Suharto.

Di Museum KAA ogé urang bisa nyaksian film documenter taun 50-an. Tempatna di ruhangan audio visual. Sajaba ti film dokumenter, ogé urang bisa nyaksian film-film ngeunaan kabudayaan ti nagara-nagara Asia Afrika.

Dicutat tina *Koran Sunda* (19 April 2006)

Pancén 1

Maluruh Eusi Berita

Guru maréntah murid pikeun maluruh eusi berita dumasar 5W jeung 1H.

1	Naon
2.	Saha
3.	Iraha
4.	Di mana
5.	Naha
6.	Kumaha

Pancén 2**Maluruh Kecap dina Kamus**

Guru maréntahkeun murid nyatet kecap-kecap anu dianggap hésé jeung maluruh hartina dina kamus

.....

Pancén 3**Nyaritakeun Eusi Berita**

Guru maréntah murid pikeun maluruh berita séjenna sarta nuliskeun deui eusina berita ku basa sorangan.

.....

Pancén 4**Ngajelaskeun Wanda Berita**

Guru maréntah murid pikeun sangkan ngajelaskeun ngeunanan eusi berita “Lolongok ka Museum Konférensi Asia Afrika” ditilik tina wandana.

.....

Téks Warta Lisan (2)**Béwara Bandung**

Assalamu’alaikum warahmatullahi wabarokaatuh,

Wilujeng énjing pamarsa sim kuring pun Yéra Anita nepangan pamarsa dina Béwara Bandung. Rupaning béwara anu baris kapidangkeun mangga urang kawitan Béwara Bandung salengkepna.

Inténsitas hujan anu luhur di kota Bandung mawa deui bala pikeun warga anu cicing di sisieun walungan. Kawas imah di kelurahan Néglasari anu rubuh saenggeus kakikis aliran walungan Cikutra.

tumiba ka padumukan warga. Kusabab lamun hujan walungan Cikutra sok mudal ngahontal nepi ka dua méter, kusabab éta warga ngadongsok ka pamaréntah pikeun ngarénovasi padumukan warga anu aya di sisieun walungan. Saban taun walungan Cikutra ngagedéan hal kasebut disababkeun cai walungan terus ngikis biwir walungan nyaéta kimir anu nyaahan imah warga. Kira-kira aya 4000 imah anu di wewengkon kasebut, 150 di antarana di sisieun walungan. Ku kituna pamaréntah baris ngalakonan sosialisasi ka warga sangkan pamaréntah bisa ngagésér imah sahanteuna sarubak dua méter ti biwir walungan.

Pancén 1

Maluruh Eusi Berita

Guru maréntah murid pikeun maluruh eusi berita dumasar 5W jeung 1H.

1	Naon
2.	Saha
3.	Iraha
4.	Di mana
5.	Naha
6.	Kumaha

Pancén 2

Maluruh Kecap dina Kamus

Guru maréntahkeun murid nyatet kecap-kecap anu dianggap hésé jeung maluruh hartina dina kamus

.....

Pancén 3

Nyaritakeun Eusi Berita

Guru maréntah murid pikeun maluruh berita séjénna sarta nuliskeun deui eusina berita ku basa sorangan.

.....

Pancén 4

Ngajelaskeun Wanda Berita

Guru maréntah murid pikeun sangkan ngajelaskeun ngeunanan eusi berita “Bewara Bandung” ditilik tina wandana.

.....

4. Wanda Téks Iklan

a. Hakékat Iklan

Iklan kaasup kana hiji média informasi nu tujuanana pikeun mangaruhan masarakat boh nu maca boh nu ngaregepkeun pikeun nangtukeun pilihanana (Liliweri, 2011). Kecap iklan dumasar KBBI (2008) nyaéta 1) berita, běja, atawa wawaran nu ditepikeun ka balaréa sangkan kairut ku barang jeung jasa anu ditawarkeunana; 2) běwara keur ka balaréa ngeunaan barang atawa jasa nu dijual, dimuat dina média massa (kayaning surat kabar jeung majalah) atawa di tempat umum.

Iklan miboga rupa-rupa tujuan, nyaéta (1) nepikeun informasi ngeunaan hiji barang atawa produk ka masarakat; (2) sangkan konsumén kairut ku diji produk; (3) ngagampilkeun konsumén pikeun nangtukeun pilihanana (4) ngaramékeun pasar; (5) ngabantu mekarkeun kelompok pangusaha; (6) ngawangun hubungan gawé bareng antara konsumén jeung pausahaan; (7) kahontalna program nu geus dirarancang.

b. Tujuan Pangajaran Iklan

Dumasar KIKD Kurikulum 2013 di SMA/SMK matéri iklan téh diajarkeun di kelas 11 salaku pilihan jeung matéri warta. Anapon tujuan nu kudu dihontal tina hasil diajar iklan, murid SMA/SMK dipiharep mibanda prilaku jujur, disiplin, jeung tanggung jawab, sabada ngaidéntifikasi jeung nganalisis téks iklan, nulis conto iklan, ngoméntaran eusi iklan, jeung basa dina iklan.

c. Conto Téks Iklan

Ieu di handap mangrupa conto-conto iklan dumasar wandana, di antarana kayaning ieu di handap.

- a. **Iklan baris** nyaéta iklan leutik (singget) nu diwangun ku sababaraha baris dina hiji kolom. Conto:

Dijual Honda Vario Taun 2013, mulus, orisinil, harga murah, bisa négo, alamat Jl. Otista, Gg. Kebon Karet

Gambar 8. 1 Conto Iklan Baris

- b. **Iklan wawaran/berita** nyaéta iklan nu eusina nepikeun wawaran atawa berita ngeunaan hiji kagiatan.

Conto:



Gambar 8. 2 Conto Iklan Wawaran Berita

- c. **Iklan kulawarga** nyaéta iklan nu eusina békara kulawarga, upamana béja nu ngalahirkkeun, kawinan, kapapaténan, jeung sajabana.
- d. **Iklan tanda (bersandi)** nyaéta iklan nu dibarengan ku tanda husus (sandi) sangkan pituduhna leuwih jelas.



Gambar 8. 3 Conto Iklan Tanda (bersandi)

- e. **Iklan komik** nyaéta iklan nu ngabéwarakeun hiji hal dina wangu komik.

Conto:



Gambar 8. 4 Conto Iklan komik

- f. **Iklan layanan masarakat** eusina mangrupa ajakan atau atawa anjuran ka masarakat sangkan milampah hiji hal pikeun kapentingan balaréa atawa kapentingan umum, upamana hirup disiplin, taat aturan, jeung sajabana. Tujuanana nyadarkeun masarakat, upamana sangkan sikep jeung tabiat anu asalna goréng jadi alus. Iklan layanan masarakat mah non komersial, hartina lain keur kapentikan ékonomi atawa ngeruk kauntungan mangrupa matéri.

- (1) Iklan teu meunang ngaroko

Conto:



Gambar 8. 5 Iklan teu meunang ngaroko

(2) Iklan bahaya ngaroko

Conto:



Gambar 8. 6 Conto (2)



Iklan bahaya ngaroko

(3) Iklan miara lingkungan

Conto:



Gambar 8. 7 Conto Iklan Miara Lingkungan

(4) Iklan budaya antri


Conto:



Gambar 8. 8 Conto Iklan Budaya Antri

(5) Iklan ulah miceun runtah dimana waé

Conto:



Gambar 8. 9 Iklan ulah miceun runtah dimana waé

Pancén 1

Maham Iklan

Guru maréntah murid pikeun maluruh jeung ngalaporkeun iklan dina surat kabar, majalah, atawa internet

1	Iklan barias
2.	Iklan wawaran
3.	Iklan kulawarga
4.	Iklan tanda
5.	Iklan komik
6.	Iklan layanan masarakat

Pancén 2

Ngalarapkeun léngkah-léngkah pamarekan saintifik dina matéri pangajaran iklan

Tahapan	Aspék	Kagiatan murid
1	Nengetan
2.	Nanya

Tahapan	Aspék	Kagiatan murid
3.	Nyoba
4.	Ngasosiasi
5.	Ngomunikasikeun

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtusan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna hasil diajar.
2. Baca pedaran bahan ajar nu dipidangkeun kalawan disiplin.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar tanggung jawab jeung disiplin.
4. Baca deui saliwat pedaran bahan ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung raguman bahan ajar kalawan kréatif.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa kréatif tur gawé bareng dina diskusi jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan/Pancén

Pikeun maluruh kacangking henteuna pedaran bahan, jawab sakur pasualan ieu di handap kalawan jujur!

1. Aspék-aspék naon waé anu sacara prinsip aya dina kagiatan paguneman. Cing tataan hiji-hijina!
2. Jéntrékeun naon bédana téks bografi jeung otobiografi!
3. Prinsip berita téh kudu objéktif. Cing tétélakeun naon maksudna!
4. Pikeun nulis hiji berita kudu merhatikeun palanggeran nu diwangun ku unsur kecap 5W jeung 1H. tétélakeun naon maksudna!
5. Naon waé jeung nu kumaha contona nu aya dina kelompok iklan layanan masarakat?

F. Tingkesan

Paguneman mangrupa cara manusa ngayakeun komunikasi jeung nu lian. Dina paguneman manusa bisa nembrakkeun pikiran, rasa, atawa kahayang. Wacana paguneman lain baé kapanggih dina basa lisan, tapi ogé bisa kapanggih dina basa tulisan. Sipatna aya nu resmi, siga dina diskusi atawa sawala, aya ogé anu teu resmi siga urang ngobrol jeung indung bapa atawa jeung babaturan waktu keur ulin. Paguneman téh diajarkeun di kelas 10 SMA/SMK anu tujuanana sangkan sisswa bisa nyusun téks paguneman, metakeun paguneman, sarta dipiharep deuih bisa ngoméntaran eusi paguneman, basa paguneman, jeung peta jalma nu keur paguneman.

Biografi mangrupa karya tulis nu eusina medar ngeunaan lalampahan hirup saurang jalma. Ari otobiografi mangrupa hiji karya tulis anu eusina medar ngeunaan catetan riwayat hirup ngeunaan dirina sorangan. Pangajaran biografi jueng otobiografi téh diajarkeun di Kelas 10 anu tujuanana pikeun nganalisis téks, mahér nenyusun, ngolmémentaran (menanggapi), jeung ngabandingkeun atawa antara téks biografi jeung otobiografi.

Warta ngandung harti béja, berita, informasi anu ditepikeun dumasar fakta nu aya, peristiwa nu kajadian, sarta aya patalina jeung kapentingan nu maca. Nilik kana wandana, warta atawa aya nu ditepikeun tulis jeung lisan. Pangajaran warta diajarkeun di kelas 11 kalawan tujuan sangkan siswa bisa nganalisis téks warta, metakeun warta, sarta ngoméntaran eusi, basa, jeung peta jalma nu keur macakeun warta.

Iklan mangruoa média informasi nu tujuanana pikeun (1) nepikeun informasi ngeunaan hiji barang atawa produk ka masarakat; (2) sangkan konsumén kairut ku diji produk; (3) ngagampilkeun konsumén pikeun nangtukeun pilihanana (4) ngaramékeun pasar; (5) ngabantu mekarkeun kelompok pangusahaan; (6) ngawangun hubungan gawé bareng antara konsumén jeung pausahaan; (7) kahontalna program nu geus dirarancang. Matéri iklan téh diajarkeun di kelas 11 kalawa tujuan pikeun ngaidéntifikasi jeung nganalisis téks iklan, nulis conto iklan, ngoméntaran eusi iklan, jeung basa dina iklan

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék akurkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap ngawasaa Sadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa nu dihontal ku Sadérék:

- | | |
|-----------|--------------|
| 90 - 100% | = alus pisan |
| 80 - 89% | = alus |
| 70 - 79% | = cukup |
| - 69% | = kurang |

Upama Sadérék ngahontal tahap pangabisa 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun ngaderes matéri Kagiatan Diajar 4. Tapi, lamun tahap pangabisa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui deres bahan dina Kagiatan Diajar 3, pangpangna bahan nu can dikawasa.

Réfleksi jeung Lajuning Laku

Ieu kagiatan dilaksanakeun pikeun ningali kahontal jeung éfektivitasna prosés pangajaran anu diiluan ku Sadérék. Lamun geus ngawasa matéri pangbinaan guru dina ngamangpaatkeun hasil analisis ambahan bajar ajar basa jeung sastra Sunda, Sadérék bisa nyontréng (✓) kolom "Kahontal". Sabalikna, lamun can kahontal, Sadérék bisa nyontréng (✗) kolom "Can Kahontal".

Tabel 3.1 Réfleksi jeung Lajuning Laku

No.	Tujuan Pangajaran	Kahontal	Can Kahontal	Kat.
1.	Ngalatih guru dina nganalisis ambahan bahan ajar basa jeung sastra Sunda kalawan ngalarapkeun ajén-inajén utama PPK.			
2.	Ngalelempeng guru dina ngamang-paatkeun hasil analisis ambahan bahan ajar basa jeung sastra Sunda kalawan ngalarapkeun ajén-inajén utama PPK.			
Lajuning Laku:				

KAGIATAN DIAJAR 4

DRAMA BASA SUNDA

A. Tujuan

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar 4, Sadérék dipiharep nyangking kamampuh pikeun mikaweruh 1) hakékat drama basa Sunda; 2) kamekaran drama basa Sunda; 3) papasingan drama basa Sunda; 4) unsur-unsur drama basa Sunda; jeung 5) aprésiasi tur ékspési drama basa Sunda binarung ajén atikan karakter réligius, nasionalis, mandiri, gotong royong, jeung integritas.

B. Indikator Kahontalna Kompetensi

Indikator kahontalna kompeténsi dina ieu kagiatan nyaéta Sadérék bisa

1. ngaidéntifikasi wangenan drama basa Sunda kalawan kukuh pamadegan;
2. ngajéntrékeun kamekaran drama basa Sunda kalawan kréatif;
3. ngaidéntifikasi papasingan drama basa Sunda; kalawan percaya diri;
4. ngajéntrékeun unsur-unsur drama basa Sunda kalawan gawé bareng; jeung
5. ngaprésiasi jeung ngéprésikeun drama basa Sunda kalawan pinuh ku kawani.

C. Pedaran Matéri

1. Wangenan Drama

Sacara étimologis istilah drama téh asalna tina basa Yunani *draomai* anu hartina ngalakukeun atawa ngaréaksi. Pamadegan yén drama téh asalna tina hasanah sastra Yunani ditétélakeun ku Krauss (Budianta, 2002: 112), nu nétélakeun yén drama mangrupa wangu seni anu datangna tina tradisi kawih jeung tari réligi Yunani Kuno, anu kalawan sistematis némbongkeun dialog dramatis, ayana konflik jeung cara ngungkulanan, tur dipintonkeun di luhur panggung.

Nurutkeun Koswara (2010: 116) drama nyaéta carita hirup jeung kahirupan manusa nu dipagelarkeun di luhur panggung ngaliwatan média dialog, gerak, jeung paripolah dumasar naskah tinulis (salaku hasil sastra) boh

ngagunakeun layar boh henteu, musik, nyanyian boh tarian nu bisa ditongton.

Watesan perkara drama terus mekar tepi ka kiwari. Sok sanajan kitu, enas-enasna mah unggal watesan drama anu diasongkeun téh teu pati jauh béda. Drama téh nyaéta carita atawa lalakon anu diwujudkeun dina wangun paguneman, maksudna pikeun dipintonkeun.

Drama diklasifikasikeun minangka karya sastra. Ari sababna média anu digunakeun pikeun nepikeun pikiran pangarangna téh nyatana basa. Anu kaasup garapan sastra dina drama nyaéta naskahna, naskah drama anu jadi dasar pintonan drama. Memang salian ti naskah keur pintonkeuneun téh, aya ogé karangan drama pikeun bacaeun anu disebut closet drama. Tapi closet dina sastra Sunda mah, nepi ka danget ieu, can kacatur.

Karangan drama téh boga rupa-rupa ciri. Upama ditilik tina kalimah anu digunakeunana, drama gegedéna ngagunakeun kalimah langsung, nyaéta kalimah anu dikedalkeun ku palaku. Dina drama anu palakuna leuwih ti saurang, gelarna paguneman téh mangrupa omongan palaku anu silihtémpas. Kiwari aya ogé anu disebut monolog, nyaéta pagelaran drama anu mangrupa omongan hiji jalma. Palakuna ngan saurang.

2. Sajarah Kamekaran Drama

Dina kahirupan masyarakat Sunda saéstuna geus nyampak seni pintonan anu tumuwuh sarta tatalépa ti generasi ka generasi, salah sahijina pintonan longsér. Dina kamekaranana, wangun longsér diropéa kana wangun sandiwara rakyat anu jejer caritana diadopsi tina carita-carita buhun anu geus nyampak di masyarakat, upamana bae sarita pantun jeung dongeng, saperti “Lutung Kasarung”, “Mundinglaya Dikusuma”, jeung “Si Kabayan”.

Dina abad ka-19 kungsi aya pintonan Opera Barat Komedи Istambul dina basa malayu. Éta pintonan téh sacara teu langsung nepungkeun aliaran teater barat jeung aliran teater tradisi nu nyampak di masyarakat Indonesia, kaasup kana kasenian di tatar sunda. Teu lila ti harita, kira-kira taun 1920an medal naskah drama munggaran di Tatar Sunda dina wangun Gending Karasmen (Rusyana, 1984:147)

Gending Karasmen mimiti dipagelarkeun dina taun 1923 ku Raden Kartabratra dina carita "Lutung Kasarung" (Iskandarwassid (2003:61). Naskah-naskah drama sejena dina wangun gending karasmen diantara nya eta : "Sangkuriang", beunang R.T.A Sunarya, "Mundinglaya Dikusuma", "Inten Dewata", "Galunggung Ngadeg Tumenggung", jeung "Nyi Rambut Kasih", benang Wahyu Wibisana; "Si Kbayan Balangantrang" beunang Wahyu Wibisana jeung Koko Koswara: "Leuwi Sipatahunan" jeung "Saija jeung Adinda ", "sarta Sri Baduga Maharaja" beunang R.A.F jeung Koko Koswara;sarta " Lutung Kasarung " beunang Sayudi.

Dina taun 1950an, kamekaran drama anjog kana babak anyar anu disebut drama modern. Disebut drama modérn lantaran caritana ditulis dina wangun lancaran. Kamekaran drama modern dialpukahan ku Utuy Tatang Sontani nu nulis drama tilu babak "Sangkuriang-Dayang Sumbi" (1953) anu satuluyna dirobah jadi "Sangkuriang" (1955). Karya-karya drama sejena nu disebut modern diantarana bae nyaeta "Dakwaan", "Babat " jeung " Jalan Leumpang" beunang R.T.F ; "Dua Utusan", "Suling jeung Peuting", "Tina Jandela", "Bawa Kuring ka Ciawang", beunang Wahyu Wibisana; "Hutbah Munggaran di Pajajaran " beunang Yus Rusyana; "Nu Mulang" jeung "Kanyaah Indung" beunang Min Resmana; "Masitoh" beunang Ajip Rosyidi; "Bandung Lautan Api" beunang Rukasah S.W; jrrd. Najan sok kapangaruhan ku sastra Indonesia, malayu malah asing, tapi dina ngagelarkeunnana mah tara leupas tina tradisi sastra jeung budaya sunda.

Nepi ka kiwari drama basa sunda beuki ngarekahan. Lalakonna leuwih réalistic jeung modérn, ari naskahna réa anu dimodifikasi tina wangun karya sastra saperti novel, carpon, dongéng, atawa sajak, anu ilahar disebut dramatisasi karya sastra.

3. Papasingan Drama Basa Sunda

Drama dina hasanah sastra Sunda ngawengku sawatara rupa, contona longsér, géding karesmén, jeung drama modéren.

a. Longsér

Longsér mangrupa salahsiji wangun drama nu jolna tina téater ra'yat.

Longsér mimiti mekar kurang leuwih taun 1915-an, turta ngalaman

mangsa kajayaan kurang leuwih dina mangsa taun 1920 tepi ka 1960-an. Tokoh anu kaitung populér dina ngahirupkeun jeung mekarkeun longsér di antarana Bang Tilil, Bang Soang, Bang Timbel, bang Cineur, Bang Kayu, Bang Auf, jeung Sumanta.

Dina prakna pintonan longsér, aya unsur-unsur tari, kawih, jeung lakon. Dipintonkeunana biasana sok peuting di luar gedong (di buruan atawa lapang). Nu lalajo biasana ngawangun gundukan satengan buleudan nyanghareupan pakalangan pamaén longsér nu ditengah-tengahna sok ditaheunan oncor.

Pointoinan longsér biasana dimimitian ku ronggéng, sok disebut adegan wawayangan atawa mamarung. Dina ieu adegan, ronggéng téh ngibing jeung ngawih, tujuanana ngahudang karep nu nongton sangkan katarik atina. Sabadsa ronggéng bérés méntas, dituluykeun ku pamaén lianna, biasana pamaén anu peranna bodor. Lalakon anu biasa dipintonkeun umumna diangkat tina kahirupan sapopoé masarakat Sunda.

b. Gending Karesmén

Gending karesmén nyaéta pagelaran drama Sunda anu dialog-dialogna ditembangkeun atawa dikawihkeun, dibarengan gerak ibing, turta dipirig ku tatabeuhan (gamelan). Gending karesmén sok disebut ogé *drama swara*, méh sarua jeung opera dina hasanah drama Barat atawa éropa.

Kivari, gending karesmén réa anu geus dirékam kana kasét. Ku éta hal, upama rék mintonkeun gending karesmén téh ayeuna mah teu kudu nyiapkeun waditra. Kawih atawa tembangna deuih, teu kudu dikawihkeun ku pamaénna, cukupnuturkeun sora anu nyampak dina kasét (*lip sync*). Pamaén ukur cukup ku pepéta, n'embongkeun eksprési, jeung *blocking* (pundah-pindah tempat di panggung).

c. Drama Modéren

Drama modéren kivari leuwih dikenal ku istilah téater. Dina hasanah drama Sunda, téater Sunda teu béda jeung konsép téater anu nyampak dina hasanah drama sakuliah dunya. Unsur anu pangkatarana jadi pangbéda téh pangpangna mah lebah basa anu digunakeunana. Téater Sunda mah ngagunakeun médium basa Sunda.

Téater téh asalna tina bas Yunani *theatron* nu hartina tempat pikeun lalajo. Téater mangrupa istilah lianna pikeun drama, tapi mibanda ma'na anu leuwih lega batan drama. Kalawan leuwih lega, téater téh nyaéta rupaning pintunan anu dipintonkeun hareupeun jalma réa, pros'esna ngawengku milih téks atawa naskah, nafsirkeun naskah, ngagarap naskah, mintonkeun, jeung prosés maham atawa aprésiasi.

4. Unsur Intrinsik Drama

Drama mibanda unsur-unsur intrinsik nu ngawéngku téma, palaku jeung karakterna, latar, galur, amanat, prolog, monolog, dialog, jeung épilog.

a. Téma

Téma nyaéta inti pikiran anu ngajawaan carita atawa jadi dasar carita, sipatna bisa nembrak bisa ogé nyamuni. Téma dina drama aya tilu rupa: (1) téma komédi (humor), (2) drama tragédi (carita anu pinuh ku katiunggaraan), jeung (3) mélodrama (drama anu museurkeun caritana kana konflik batin palakuna).

b. Palaku jeung Karakterna

Palaku nyaéta tokoh atawa ngaran-ngaran, boh jalma boh sasatoan, anu ngalalakon dina carita. Dumasar kana kalungguhanana, palaku dibagi jadi dua, ngawengku (1) palaku utama, nyaéta palaku anu nyekel peran tokoh puseur ti mimiti tepi ka ahir carita; (2) palaku tambahan, nyaéta palaku anu marengan atawa mantuan palaku utama atawa anu jadi lawan palaku utama. Ari dumasar kana peran atawa sipatna, palaku bisa doipasing-pasing jadi: (1) palaku protagonis, nyaéta palaku anu mibanda pasipatan hadé; jeung (2) palaku antagonis, nyaéta palaku anu mibanda pasipatan goréng atawa jahat tur bisa jadi lawan pikeun palaku protagonis.

c. Latar

Latar nyaéta gambaran kasang tukang waktu, tempat, kaayaan, pajamanan, lingkungan, suasana, jeung saterusna, anu jadi kasang tukang atawa ngalantarankeun lumangsungna kajadian dina carita.

d. Galur

Galur nyaéta runtusan kajadian anu ngawangun hiji carita. Dina drama galur carita téh sok diatur jadi babagian carita anu disebutbabak. Babak diwangun ku sababaraha adegan. Babak mangrupa bagian panggedéna dina carita drama, diatur ku pangarangna gumantung kana panjang pondokna lalakon. Umumna, pikeun nandaan hiji babak tepi kana pungkasanna sok ditandaan ku parobahan *setting*, boh mangrupa latar waktu kajadian boh tempat kajadian.

Adegan mah mangrupa bagian-bagian tina unggal babak. Hijи adegan ukur ngagambarkeun hijи suasana, nu mangrupa bagian tina kaayaan anu nyampak dina hijи babak. Pikeun nandaan pungkasan adegan biasana aya pros'es nambahan atawa ngurangan palaku, tapi teu ngarobah latarna.

e. Amanat

Amanat nyaéta amanatanu hayang ditepikeun ku pangarang ka nu maca atawa nu lalajo.

f. Prolog

Prolog nyaéta bagian bubuka atawa pangjajap sacra umum perkara lalakon anu baris dipintonkeun dina pintonan drama. Umumna, pungsi prolog pikeun nataharkeun sangkan nu lalajo saregep jeung asup kana suasana lalakon. Eusi bubuka drama dina wong prolog téh bisa keterangan pasualan, jalan carita, kasang tukang carita, palaku, jeung sajabana, patali jeung lalakon anu baris dipintonkeun.

g. Monolog

Monolog nyaéta paguneman saurang palaku jeung dirina sorangan. Ayana monolog téh mantuan nu nongton ngarasakeun atawa mikanyaho suasana atawa parasaan palaku.

h. Dialog

Dialog nyaéta paguneman antara saurang palaku jeung palaku lianna. Dialog mangrupa bagian anu kalintang pentingna dina drama, nepi ka hiji karya sastra teu bisa disebut drama upama taya unsur dialogna.

i. Épilog

Épilog nyaéta bagian pamungkas dina pintonan drama nu eusina biasana méré sawangan atawa kacindekan kana lalakon anu dipintonkeun.

5. Aprésiasi jeung Ékspési Drama

a. Maca Naskah Drama

Ibu kalih Bapa guru basa Sunda, ieu di handap aya conto sempalan naskah drama. Titénan kalawan saregep!

PERANG BUBAT

...

Narator:

*Satuluyna dicaritakeun
dina tanggal tilu welas
bagéan caang bulan badra taun 1279 Saka
Sang Prabu Maharaja Sunda
perlaya di Bubat di nagri Majapahit*

*Harita Sang Prabu Maharaja
jengkar rék nikahkeun putrina
nyaéta Sang Rétna Citraresmi
atawa Dyiah Pitaloka
jeung Bré Prabu Majapahit
nu ngaran Sri Rajasanagara
kitu asal mula jujutan caritana...!*

Narator:

Panceg tanggal 14 bagéan caang bulan Palguna, taun 1272 Saka, Linggabuana diistrénan jeneng ratu Nagri Sunda ka-31 di dayeuh Kawali, kalawan abiséka Prabu Maharaja Linggabuana. Ti Prameswari Déwi Laralinsing, Prabu Maharaja Linggabuana ngarundaykeun seuweu dua. Cikalna awéwé, gelar ka dunya taun 1262 Saka. Citraresmi ngaran ti aki, Dyah Pitaloka ngaran ti rama. Nu bungsu lalaki, gelar ka dunya taun 1270 Saka, dingaranan Niskala Wastu Kancana.

(2)

Musik Ilustrasi

Narator:

*Kawali, puseur dayeuh Nagri Sunda, taun 1279 Saka.
Kadaton agung Surawisésa ngadangong agréng, ditiung langit Kawali.Adeg-adeg sarwaning kai, kolong panggung tihang satangtung.
Suhunan julang ngapak éntép injuk, diseuseukeut cula badak,
ngadangong ka alun-alun Sanghyang Mayadatar.*

Panonpoé ngempur ngahuru embun-embunan, manceran dina congo umbul-umbul opat warna. Lebu jalan jeung kalakay ngadak-ngadak séah, basa opat kuda ngagurudug cunduk ka puseur dayeuh Kawali. Aya nu datang rumingkang, juru lukis utusan rati ti Majapahit.

Juru Pantun:

*Citraresmi sari wangi
si lenjang bulan ngalangkang
sampulur miindung layung
lampayak mirupa merak
sampayan kembang kamelang
kembang dada maharaja
nu ngageugeuh taneuh pageuh
di buana warna-warna*

*Geulis kaasih pohaci
kacapangan para raja
ti bumi terusing langit
bumi ancikan lalaki
langit ancikan birahi
diugung-ugung ku degung
ditimang-timang ku gondang
atina dina kacapi
rasana diri manusia*

(Ilustrasi Musik)

Narator:

Putri Citraresmi diuk timpuh andalemi. Dilukis teu jadi-jadi. Mulas mindeng tisolédat, kitu lain kieu lain. Warna hésé nyunyurupna. Kulitna munggah ngagenyay, bodas lain konéng lain, carulang gé teu nandingan.

Juru lukis mindeng tungkul, ngucur késang sabubulu, kasima ku kageulisan. Sakapeung nya geugeumeueun, teu kuat meperan rasa. Sabulan kakara anggeus. Nyeplés teu dipiceun sasieur, lenjang méncrang sajinisna

(3)

Musik Ilustrasi

Linggabuana:

Kumaha ceuk pamanggih dia, Rayi Mangkubumi?

Mangkubumi:

Pareng aya di Hyang Séda Niskala, Raka Prabu!

Urang mah darma ngalalakon. Hanas kitu paménta ti Bré Majapahit, taya salahna mun dicumponan. Ngan tangtu baé kudu lantip tarapti. Ulah waka kalinglap ku kingkilaban!

Linggabuana:

Majapahit téh keur nanjung, Rayi!

Loba ratu-ratu nu taluk di Nusantara. Unggal taun saréba ka dayeuh Trowulan.

Mangkubumi:

Tapi Nagri Sunda mah teu kaasup itungan, Raka Prabu!

Lingga buana:

Bener kitu pisan, Rayi! Ngan mun anaking Dyah Pitaloka kaselir jadi prameswari, Nagri Sunda baris nanjung komaraan!

(4)

Musik Ilustrasi

Narator:

Trowulan, puseur dayeuh Nagri Majapahit, taun 1279 Saka. Di pendopo kadaton geus dipajang dijéérkeun, gambar putri nu gareulis, permata ti saban nagri di Nusantara.

Mantri mancanagara wuwuh capétang perténtang. Nétélakeun ieu saha itu saha, di nagri mana Nyi Putri linggih.

Prabu Hayam Wuruk ayem jejem nalingaan. Lantip pikir nya tarapti, teuteupna reujeung jeujeuhan. Birahi teu ngancik-ngancik, rasana eunteup di saha.

Nya guligah Gajah Mada nu marengan. Ulatna keuyang bayeungyang, teu sabar nganti-nganti sabda ratu.

Hayam Wuruk:

Sangeus kaula ngimeutan sakabéh gambar, diteuteup ku panon lahir, diimpleng ku panon batin, Putri Citraresmi ti Nagri Sunda nu kapilih ku kaula!

Tangtukeun wanci nu mustari, pikeun kaula jatukrami!

(5)

Musik Ilustrasi

Juru Pantun:

*Raratan ka tatar wétan
ngaléngkah léngkah ka Bubat
cundukna lain rék taluk
datang lain rék sumerah
seja nyungsi jangji diri
seja nguji ku pangaji*

*Lampah diala ku raja
nu ngawasa tatar wétan
sejana didama-dama
diugung papayung agung*

*tanjakan angkat ka Bubat
mun cunduk nunggu saisuk
baris dipapag jampana
baris diarak ku pésta*

(6)

Musik Ilustrasi

Rampak:

*Wong Sunda wis teko...! Wong Sunda wis teko...!!!
Wong Sunda wis tekoooo...!!!*

Gajah Mada:

Sinuhun Prabu, urang Sunda geus cunduk!

Hayam Wuruk:

Geus cunduk, Paman? Geus cunduk? Bagja temenan diri kula. Putri nu dianti-anti geus nampeu na biwir mata. Geuwat! Kula kudu buru-buru nepungan!

Gajah Mada:

Ulah, Sinuhun Prabu!

Hayam Wuruk:

Naha?

Gajah Mada:

Sinuhun Prabu kudu sadar kana tangtungan.

Hayam Wuruk:

Maksud panjenengan?

Gajah Mada:

Teu pantes Maharaja nu ngawasa Nusantara kudu nyampeurkeun sémah. Komo sémah ti Nagri Sunda, nu baris jadi patalukan Majapahit nu pamungkas.

Hayam Wuruk:

Tapi apan Putri Sunda téh piprameswarieun kaula, Paman!

Gajah Mada:

Sinuhun Prabu ulah gagabah! Paman moal ngajujut pancakaki Ratu Majapahit jeung Ratu Sunda. Tapi Sinuhun kudu inget. Pikeun nancebkeun panji-panji kajayaan Majapahit di Nusantara, lain pagawéan énténg-énténg.

Hayam Wuruk:

Kula nyaho! Kula nyaho! Nanjeurna Majapahit téh lantaran jasa Paman. Tapi Paman poma ulah mawa éta perkara dina mangsa kula rék panggih jeung kabungah. Mun kitu mah, Paman téh rék megatkeun kabagjaan diri kula!

Gajah Mada:

Teu pisan-pisan, Sinuhun Prabu!

Keur diri Paman, nya ieu bangbaluh nu moal pialuseun mun disidem ku sorangan. Paman kungsi ngadalkeun sumpah kapan, yén paman rék reureuh sabada nalukkeun Gurun, Seram, Tanjungpura, Haru, Pahang, Dompo, Bali, Palémbang, Tumasik jeung Sunda!

Hayam Wuruk:

Tapi apan Nagri Sunda mah dulur urang!

Gajah Mada:

Demi Majapahit Raya! Demi Sinuhun Prabu Sri Rajasanagara nu agung! Paman moal incah tina sumpah Amukti Palapa! Sunda, jadi itungan pamungkas nu kudu taluk ka Majapahit Raya!

Hayam Wuruk:

Paman, Panjenengan teu ngajénan kadaton!

Gajah Mada:

Mun teu ngajénan, keur naon paman tuluy-tuluyan ngawula ka Majapahit. Keur naon nepi ka ngajungjung tilu ratu. Mun Sinuhun geus teu bisa ngaragap angen paman, batan kasupata ku sumpah sorangan, Paman mending milih undur ti Majapahit.

Hayam Wuruk:

Paman!!!

Gajah Mada:

Tada teuing Majapahit nyirorotna dina pangajén ratu-ratu Nusantara, mun Sinuhun Prabu sumujud ka ratu ti nagri Sunda.

Hayam Wuruk:

Tapi apan arinyana ogé arapaleun mun Prabu Maharaja Linggabuana téh pimitohaeun kula!

Gajah Mada:

Lebah dieu gagabahna Sinuhun Prabu téh! Naon sababna bet milih Putri Sunda?

Hayam Wuruk:

Jadi kahayang Paman kumaha?

Gajah Mada:

Demi Majapahit! Sinuhun Prabu teu kudu mapag sémah ti Nagri Sunda ka alun-alun Bubat!

Hayam Wuruk:

Naha?

Gajah Mada:

Nitiw wanci nu mustari. Nya ayeuna mangsan urang nalukkeun Nagri Sunda! Putri Citraresmi kudu jadi upeti!

*Hayam Wuruk:
Paman!!!*

*Gajah Mada:
Euweuh deui wanci nu mustari. Nagri Sunda kudu taluk ayeuna!*

(Dicutat tina Panggelar Sastra karangan Drs. Ahmad Hadi, 2004, Tangerang: Pamulang)

b. Pedaran Eusi Drama

Sempalan naskah drama di luhur téh mangrupa dramatisasi tina novel *Perang Bubat* karya Yoseph Iskandar, eusina ngalalakonkeun hiji prahara anu kaalaman ku nagri Sunda. Maksud rék ngadahupkeun Putri Citra Resmi ka Raja Hayam Wuruk ti karajaan Majapait, kalah dipapag balai, dibokong ku Patih Gajah Mada di Palagan Bubat. Putri anu tadina dijangjian seja didamel padmi kari-kari kudu disanggakeun salaku upeti. Sempalan drama anu dicontokeun kasup bagian anu kaitung lengkep.

Aya bagian prolog anu kieu unggelna:

*Narator:
Satulunya dicaritakeun
dina tanggal tilu welas
bagéan caang bulan badra taun 1279 Saka
Sang Prabu Maharaja Sunda
perlaya di Bubat di nagri Majapahit*

*Harita Sang Prabu Maharaja
jengkar rék nikahkeun putrina
nyaéta Sang Rétna Citraresmi
atawa Dyiah Pitaloka
jeung Bré Prabu Majapahit
nu ngaran Sri Rajasanagara
kitu asal mula jujutan caritana...!*

*Narator:
Panceg tanggal 14 bagéan caang bulan Palguna, taun 1272 Saka, Linggabuana diistrénan jeneng ratu Nagri Sunda ka-31 di dayeuh Kawali, kalawan abiséka Prabu Maharaja Linggabuana. Ti Prameswari Déwi Laralinsing, Prabu Maharaja Linggabuana ngarundaykeun seuweu dua. Cikalna awéwé, gelar ka dunya taun 1262 Saka. Citraresmi ngaran ti aki, Dyah Pitaloka ngaran ti rama. Nu bungsu lalaki, gelar ka dunya taun 1270 Saka, dingaranan Niskala Wastu Kancana.*

Aya bagian narasi sakumaha anu digalindengkeun ku juru pantun, saperti kieu:

Juru Pantun:

*Citraresmi sari wangi
si lenjang bulan ngalangkang
sampulur miindung layung
lampayak mirupa merak
sampayan kembang kamelang
kembang dada maharaja
nu ngageugeuh taneuh pageuh
di buana warna-warna*

*Geulis kaasih pohaci
kacapangan para raja
ti bumi terusing langit
bumi ancikan lalaki
langit ancikan birahi
diugung-ugung ku degung
ditimang-timang ku gondang
atina dina kacapi
rasana diri manusa*

Sarta tangtuna ogé aya bagian dialog, anu mangrupa bagian inti tina pintunan drama, upamana kieu:

*Linggaubana:
Kumaha ceuk pamanggih dia, Rayi Mangkubumi?*

*Mangkubumi:
Pareng aya di Hyang Séda Niskala, Raka Prabu!
Urang mah darma ngalalakon. Hanas kitu paménta ti Bré Majapahit, taya salahna mun dicumponan. Ngan tangtu baé kudu lantip tarapti. Ulah waka kalinglap ku kingkilaban!*

*Linggaubana:
Majapahit téh keur nanjung, Rayi!
Loba ratu-ratu nu taluk di Nusantara. Unggal taun saréba ka dayeuh Trowulan.*

*Mangkubumi:
Tapi Nagri Sunda mah teu kaasup itungan, Raka Prabu!
Linggaubana:
Bener kitu pisan, Rayi! Ngan mun anaking Dyah Pitaloka kaselir jadi prameswari, Nagri Sunda baris nanjung komaraan!*

c. Aprésiasi Unsur Drama

Dina kagiatan diajar 9 ieu, Ibu kalih Bapa guru basa Sunda kungsi niténan conto naskah drama anu judulna “Perang Bubat”. Dina éta naskah drama, aya unsur-unsur intrinsik anu bisa disungsi, di antarana dipedar sakumaha ieu di handap.

a. Prolog

Dina naskah drama ‘Perang Bubat’, unsur prolog bisa katitén sakumaha ieu di handap.

Narator:

*Satuluyna dicaritakeun
dina tanggal tilu welas
bagéan caang bulan badra taun 1279 Saka
Sang Prabu Maharaja Sunda
perlaya di Bubat di nagri Majapahit
Harita Sang Prabu Maharaja
jengkar rék nikahkeun putrina
nyaéta Sang Rétna Citraresmi
atawa Dyiah Pitaloka
jeung Bré Prabu Majapahit
nu ngaran Sri Rajasanagara
kitu asal mula jujutan caritana...!*

Narator:

Panceg tanggal 14 bagéan caang bulan Palguna, taun 1272 Saka, Linggabuana diistrénan jeneng ratu Nagri Sunda ka-31 di dayeuh Kawali, kalawan abiséka Prabu Maharaja Linggabuana. Ti Prameswari Déwi Laralinsing, Prabu Maharaja Linggabuana ngarundaykeun seuweu dua. Cikalna awéwé, gelar ka dunya taun 1262 Saka. Citraresmi ngaran ti aki, Dyah Pitaloka ngaran ti rama. Nu bungsu lalaki, gelar ka dunya taun 1270 Saka, dingaranan Niskala Wastu Kancana.

b. Dialog

Dina naskah drama ‘Perang Bubat’, unsur dialog bisa katitén sakumaha ieu di handap.

Linggabuana: “Kumaha ceuk pamanggih dia, Rayi Mangkubumi?”

Mangkubumi: “Pareng aya di Hyang Séda Niskala, Raka Prabu! Urang mah darma ngalalakon. Hanas kitu paménta ti Bré Majapahit, taya salahna mun dicumponan. Ngan tangtu baé kudu lantip tarapti. Ulah waka kalinglap ku kingkilaban!”

Linggabuana: “Majapahit téh keur nanjung, Rayi! Loba ratu-ratu nu taluk di Nusantara. Unggal taun saréba ka dayeuh Trowulan.”

Mangkubumi: “Tapi Nagri Sunda mah teu kaasup itungan, Raka Prabu!”

Linggabuana: “Bener kitu pisan, Rayi! Ngan mun anaking Dyah Pitaloka kaselir jadi prameswari, Nagri Sunda baris nanjung komaraan!”

Unsur dialog dina naskah drama kaitung babari pisan disungsina.

Anu paling babari mah urang bisa niténan unsur dialog téh tina cara nulisna dina naskah. Sakumaha katangtuan umum, cara nuliskeun

kalimah langsung atawa ungkara langsung dina wangun tinulis dicirian ku ngaran palaku, titik dua, jeung ungkarana dikekentengan. Geura titénan ieu conto di handap!

Linggaubana: “Bener kitu pisan, Rayil! Ngan mun anaking Dyah Pitaloka kaselir jadi prameswari, Nagri Sunda baris nanjung komaraan!”

Tina conto di luhur, katitén aya ngaran palaku Linggabuana. Hartina, nu nyarita téh Linggabuana. Omongan atawa cacaritaanna Linggabuana ditandaan ku tanda baca kekenteng (“”).

6. Éksprési Pintonan Drama

Drama salian ti bisa dibaca naskahna, bisa ogé dipintonkeun. Aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun lamun seug urang mintonkeun drama, di antarana ditétélakeun ieu di handap.

- a. Vokal atawa sora kudu bédas sangkan dialog atawa monolog urang téh bisa kadéngé ku nu lalajo.
- b. Artikulasi atawa lapal kudu jéntré sangkan nu lalajo henteu salah harti kana dialog atawa monolog anu ku urang diucapkeun.
- c. Intonasi atawa lentong nyarita kudu luyu jeung karakter tokoh anu dimaénkeun.
- d. Éksprési atawa kedaling rasa, palebah dieu héséna drama téh. Urang kudu bener-bener bisa ngaéksprésikeun eusi naskah nepi ka nu lalajo bisa napsirkeun hiji carita lain wungkul tina paguneman para palakuna, tapi ogé ngaliwatan paroman sarta paripolah anu maénna.
- e. Karakter atawa pasipatan tokoh. Unggal palaku dina drama wajib neuleuman karakter tokoh anu diperankeunana kalawan daria. Léngkah-léngkah neuleuman karakter nyaéta; mikawanoh karakter tokoh ngaliwatan bacaan atawa ngabandungan keterangan sutradara dina waktu ngabé dah naskah, obserpasi karakter ngaliwatan panitén langsung ka tokoh anu rék diperankeun atawa ngaliwatan prosés wawancara, saterusna ngalatih konséncrasi jeung “penghayatan” sangkan bisa merankeun éta karakter kalawan sampurna.

- f. Nyiptakeun pintonan anu ngirut panitén sarta pikaresepeun nu lalajo, di antarana baé bisa ku jalan milih naskah anu pikaresepeun, luyu jeung situasi katut kondisi anu lalajo. Lamun anu lalajona hétérogén (ti rupa-rupa kalangan jeung tanpa watesan umur), urang kudu milih naskah anu umum bisa ditarima ku sakabéh lapisan. Sedengkeun lamun anu lalajona homogén, di sakola upamana, urang bakal leuwih gampang milih naskah sabab sipatna leuwih husus tinggal nyaluyukeun baé jeung tingkatan sakolana.

Salian ti éta, aya sababaraha komponén anu ngarojong kana hiji pintonan drama, di antarana ditétélakeun ieu di handap.

- Sutradara nyaéta jalma anu ngatur sarta tanggung jawab kana widang artistik jeung teknis dina hiji pintonan drama.
- Skenario atawa naskah drama.
- Palaku nyaéta anu merankeun rupa-rupa karakter tokoh dina pintonan drama.
- Panata gending, jalma anu nyitakeun gending pirigan dina hiji pintonan.
- Panata artistik, jalma anu nyiptakeun sarta ngatur sétting dina hiji pintonan, kaasup di jerona aya panata sora jeung panata cahaya.
- Kostum nyaéta papakéan katut tatarias anu luyu jeung karakter tokoh nu diperankeun, sarta komponén-komponén séjénna anu kalibet dina hiji pintonan.

Lembar Kerja Kompeténsi Profésional

Pituduh:

- Pék titénan matéri wangun jeung unsur intrinsik drama basa Sunda dina Modul Kelompok Kompeténsi J!
- Diskusikeun dina kelompok pikeun ngajawab pertanyaan ngeunaan jenis-jenis drama basa Sunda!
- Tuliskeun jawaban hasil diskusi dina kolom ieu di handap!

Jenis Drama	Pedaran
Longsér	

Jenis Drama	Pedaran
Gending Karesmén	
Drama Modéren	

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtusan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna hasil diajar.
2. Baca pedaran bahan ajar nu dipidangkeun kalawan disiplin.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar tanggung jawab jeung disiplin.
4. Baca deui saliwat pedaran bahan ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung raguman bahan ajar kalawan kréatif.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa kréatif tur gawé bareng dina diskusi jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan/Pancén

Pikeun maluruh kacangking henteuna pedaran bahan, jawab sakur pasualan ieu di handap kalawan tanggung jawab jeung jujur!

1. Tétélakeun naon anu dimaksud drama!
2. Tétélakeun sajarah kamekaran drama basa Sunda!
3. Tétélakeun unsur-unsur intrinsik naon waé anu aya dina drama!
4. Tataan rupa-rupa wangun drama Sunda!
5. Tétélakeun bagian dialog dina conto drama “Perang Bubat”!

F. Tingkesan

Drama mangrupa carita atawa lalakon anu diwujudkeun dina wangun paguneman, pikeun dipintonkeun. Lalakon dina drama ilaharna carita hirup jeung kahirupan manusa nu dipagelarkeun di luhur panggung ngaliwatan média dialog, gerak, jeung paripolah dumasar naskah tinulis.

Sajarah drama basa Sunda nu kapaluruh dimimitian tina ayana pintonan longsér anu jejer caritana diadopsi tina carita-carita buhun anu geus nyampak di masyarakat, upamana bae sarita pantun jeung dongeng, saperti “Lutung Kasarung”, “Mundinglaya Dikusuma”, jeung “Si Kabayan”. Taun 1920an kakara medal naskah drama dina wangun Gending Karasmen nu dipagelarkeun ku Raden Kartabrate dina carita “Lutung Kasarung”, Dina taun 1950an, drama basa Sunda anjog kana babak drama modern. lantaran caritana ditulis dina wangun lancaran. Neki ka kiwari drama basa sunda beukii ngarekahan sarta lalakonna leuwih réalistik tur modérn.

Papasingan drama Sunda ngawengku longsér, gending karesmén, jeung drama modérn. Ari unsur-unsur intrinsik drama ngawengku téma, palaku jeung karakterna, latar, galur, amanat, prolog, monolog, dialog, jeung épilog.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék akurkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap ngawasa Sadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa nu dihontal ku Sadérék:

- 90 - 100% = alus pisan
- 80 - 89% = alus
- 70 - 79% = cukup
- 69% = kurang


Upama Sadérék ngahontal tahap pangabisa 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun ngaderes matéri Kagiatan Diajar 5. Tapi, lamun tahap pangabisa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui deres matéri dina Kagiatan Diajar 4, pangpangna bahan nu can dikawasa.

Réfleksi jeung Lajuning Laku

Ieu kgiatan dilaksanakeun pikeun ningali kahontal jeung éfektivitasna prosés pangajaran anu diiluan ku Sadérék. Lamun geus ngawasa matéri pangbinaan guru dina ngamangpaatkeun hasil analisis ambahan bajar ajar basa jeung sastra Sunda, Sadérék bisa nyontréng (✓) kolom “Kahontal”. Sabalikna, lamun can kahontal, Sadérék bisa nyontréng (✗) kolom “Can Kahontal”.

Tabél 4.1 Réfléksi jeung Lajuning Laku

No.	Tujuan Pangajaran	Kahontal	Can Kahontal	Kat.
1.	Ngalatih guru dina nganalisis ambahan bahan ajar basa jeung sastra Sunda kalawan ngalarapkeun ajén-inajén utama PPK.			
2.	Ngalempeng guru dina ngamang-paatkeun hasil analisis ambahan bahan ajar basa jeung sastra Sunda kalawan ngalarapkeun ajén-inajén utama PPK.			
Lajuning Laku:				



KONCI JAWABAN LATIHAN

Konci Jawaban Kagiatan Diajar 1:

1. Réfléksi nyaéta salah sahiji kagiatan nu dilaksanakeun ku guru pikeun maluruh informasi ngeunaan tugasna nu geus dilaksanakeun sarta jadi bahan obsérvasi pikeun mikanyaho kahontal henteuna tujuan atikan katut pangajaran anu geus dilaksanakeun.
2. Aspék anu diréfléksi di antarana 1) bisa métodena teu luyu jeung matéri nu diajarkeun, 2) bahan pangajarana anu lega teuing, atawa 3) tujuanana pangajaran anu teu luyu jeung kasang tukang murid.
3. Lajuning laku hasil réfléksi mangrupa kagiatan nu aya dina panalungtikan tindakan kelas (PTK). Éta hal dilaksanakeun ku guru sanggeus manggih kacindekan tina interpretasi data jeung réfléksi. Saméméh ngalaksanakeun éta panalungtikan biasana sok maluruh heula aspék-aspék anu jadi masalahna.
4. Ari léngkah-léngkah nu perlu diperhatikeun pikeun lajuning lakuna sanggeus réfléksi, upamana waé 1) ngimeutan deui tujuan PTK sangkan luyu jeung nu dipiharep, 2) maluruh deui nu nyababkeun gagalna atawa kahontalna tujuan tina analisis jeung interpretasi, 3) milih atawa nangtukeun topik pangajaran satulunya, 4) nangtukeun strategi pangajaran nu luyu, 5) nyusun skénario pangajaran dina wangu RPP, 6) nyusun perangkat pangajaran nu diperlukeun, 7) nyusun atawa menerkeun instrumén pikeun ngumpulkeun data, 8) nyieun jadwal kagiatan tindakan, 9) saupama diperlukeun bisa ngayakeun simulasi atawa uji coba skénario jeung perangkat.
5. Diagnosis dilaksanakeun pikeun maluruh aspék-aspék anu mangaruhan kana gagalna hasil diajar. Dilaksanakeun ku calon panalungtik séjén atawa jalma anu teu biasa ngajar di éta kelas. Hasil diagnostik bisa ditangtukeun dasar pikeun ngalaksanakeun PTK. Masalah anu kapanggih tina hasil diagnostik, upamana masalah strategi pangajaran, média pangajaran, jeung matéri pangajaran. Diagnosis teu perlu dilaksanakeun ku guru nu teu ngalaksanakeun PTK di kelasna sorangan.

Konci Jawaban Kagiatan Diajar 2

1. PTK nyaéta prosés ngungkulan pasualan di hiji kelas ku cara ngararancang, ngalaksanakeun, ngaobsérsasi jeung ngaréfléksikeun tindakan sacara kolaboratip jeung partisifatip kalawan tujuan pikeun ngoméan atawa ngaronjatkeun kualitas prosés pangajaran di kelas ngaliwatan hiji tindakan nu tangtu dina sababaraha siklus sarta dianalisis sakabéh pangaruh tina unggal tindakan nu dilakukeun.
2. Tujuan jeung mangpaat PTK nyaéta pikeun ngaréngsékeun pasualan nu kajadian di kelas sarta maluruh jawaban ilmiah tina éta kajadian. Ari karakteristikna nyaéta ayana tindakan nyata panalungtik pikeun ngoméan atawa ngungkulan pasualan. Tindakan nu dilakukeun minangka kagiatan dihaja kalawan didadasaran ku tujuan anu tangtu sarta dipilampah dina sawatara siklus kegiatan.
3. Cara ngaidéntifikasi masalah, nyaéta 1) Pasualanna nu dipaluruh téh kudu pasualan nu bener-bener nyata kalaman jeung karandapan boh ku guru boh ku siswa salila pangajaran, 2) pasualan nu kaidéntifikasi sipatna kudu problematik jeung *feasible*, hartina pasualan nu kapaluruh téh kudu geus kasawang bisa diungkulan atawa dipatotoskeun. Ku kituna, pasualan nu rék diungkulan téh kudu dirojong ku sumber daya panalungtik (waktu, dana, jeung kamampuh), literatur, sarana prasarana, atawa birokrasi anu nyumponan jeung ngarojong, jeung 3) pasualan kudu méré mangpaat anu jelas jeung nyata karasa ku sakabéh pihak (guru, murid, sakola, jsb.).
4. Aya sababaraha aspék nu diguar dina prakprakan kagiatan PTK, nyaéta 1) prosés pangajaran (kagiatan praktis nu dilakukeun ku guru pikeun ngahontal tujuan pangajaran.), 2) prosés niténan (ngumpulkeun informasi ngeunaan prosés pangajaran anu dilakukeun ku guru/panalungtik saluyu jeung tindakan anu geus disusun), jeung 3) prosés ngalenyepan (ngalenyepan hasil paniténan atawa obsérvasi anu geus dilaksanakeun di kelas, boh tina hasil obsérvasi guru, obsérvasi siswa, boh catetan lapangan).
5. Aspék nu dititénan dina obsérvasi nyaéta: (a) prosés tindakanana; (b) pangaruh tindakan (boh nu dihaja boh nu teu dihaja); (c) kaayaan jeung bangbaluh tindakan; (d) kumaha kaayaan jeung bangbaluhna dina ngayakeun tindakan nu dirarancang jeung pangaruhna; jeung (e) pasualan lain nu bakal timbul salila kagiatan PTK lumangsung.

Konci Jawaban Kagiatan Diajar 3

1. Aspék-aspék anu jadi prinsip tur kudu aya dina paguneman nyaéta, 1) aya dua jalma atawa leuwih anu cacarita (nanya-ngajawab), 3) bahan/matéri/pasualan anu keur diobrolkeunana, Jeung 3) tujuan gunem catur pikeun ngébréhkeun, ngabadamikeun hiji perkara, maksud, kahayang, pikiran, rasa ti panyatur ka batur nyaritana atawa sabalikna.
2. Anu ngabédakeun antara biografi jeung otobiografi téh di antarana mangsa nulisna. Eusi biografi ngariwayatkeun saurang tokoh boh nu masih aya dikieuna (hirup) boh geus taya dikieuna (maot) sarta ditulisna ku jalma séjén. Anu jadi subjék, kecap sulurna, sebutan tokoh dina biografi bisa ku nyebutkeun ngaran langsung, upamana Soekarno, Soeharto, Oto Iskandar di Nata, Déwi Sartika – atawa gaganti ngaran jalma katilu dirina, manéhna, anjeunna, mantenna.
3. Berita kudu ngandung ajén objéktif hartina yén berita nu dibéwarakeun ka balaréa téh kudu bisa ngabuktikeyun fakta, data.
4. Sarat nulis berita kudu merhatikeun (1) What, kudu jelas perkara naon anu jadi bahan berita. (2) Who, kudu jelas jalmana atawa ngaran tokohna anu diberitakeun. (3) When, kudu jelas iraha kajadianana, poé, bulan, tanggal, taun, jamna. (4) Where, kudu jelas dimana kajadianana, upamana di pasar, di stasion, jeung sajabana. (5) Why, kudu jelas alesan, fakta anu ngarojong atawa anu nyababkeun ayana éta berita. (6) How, kudu jelas kumaha lumangsungna éta berita (5W + 1H).
5. Hal anu dipidangkeun dina iklan layanan masarakat téh di antarana waé ngeunaan anjuran hirup séhat, hirup tartib, disiplin, miara lingkungan, jeung sajabana. Upamana waé (1) Iklan teu meunang ngaroko jeung Iklan bahaya ngaroko, (2) Iklan miara lingkungan, (3) Iklan budaya antri, (4) Iklan ulah miceun runtah dimana waé

Konci Jawaban Kagiatan Diajar 4

1. Drama nyaéta carita atawa lalakon anu diwujudkeun dina wangu paguneman, maksudna pikeun dipintonkeun.
2. Sajarah drama basa Sunda nu kapaluruh dimimitian tina ayana pintonan longsér anu jejer caritana diadopsi tina carita-carita buhun anu geus nyampak di masyarakat, upamana bae sarita pantun jeung dongeng, saperti “Lutung

Kasarung“, “Mundinglaya Dikusuma“, jeung “Si Kabayan“. Taun 1920an kakara medal naskah drama dina wong Gending Karasmen nu dipagelarkeun ku Raden Kartabratna dina carita “Lutung Kasarung“, Dina taun 1950an, drama basa Sunda anjog kana babak drama modern. Iantaran caritana ditulis dina wong lancaran. Nepi ka kiwari drama basa sunda beukii ngarekahan sarta lalakonna leuwih réalistic tur modérn

3. Drama mibanda unsur-unsur intrinsik nu ngawengku téma, palaku jeung karakterna, latar, galur, amanat, prolog, monolog, dialog, jeung épilog.
4. Drama Sunda aya rupa-rupa, di antarana longsér, gending karesmén, jeung drama modérn.
5. Conto Bagian dialog dina drama “Perang Bubat”

Lingga buana:

“Kumaha ceuk pamanggih dia, Rayi Mangkubumi?”0

Mangkubumi:

“Pareng aya di Hyang Séda Niskala, Raka Prabu! Urang mah darma ngalalakon. Hanas kitu paménta ti Bré Majapahit, taya salahna mun dicumponan. Ngan tangtu baé kudu lantip tarapti. Ulah waka kalinglap ku kingkilaban!”

Linggapuana:

“Majapahit téh keur nanjung, Rayi! Loba ratu-ratu nu taluk di Nusantara. Unggal taun saréba ka dayeuh Trowulan.”

Mangkubumi:

“Tapi Nagri Sunda mah teu kaasup itungan, Raka Prabu!”

Linggapuana:

“Bener kitu pisan, Rayi! Ngan mun anaking Dyah Pitaloka kaselir jadi prameswari, Nagri Sunda baris nanjung komaraan!”

EVALUASI

Jawab sakur pasualan ieu di handap ku cara milih salah sahiji abjad a, b, c, d, atawa e (jawaban) nu bener!

Kompeténsi Pédagogik

1. Dilibatkeunana murid dina réfléksi pangajaran téh dipiharep sangkan
 - a. maham kana matéri pangajaran nu dibikeun ku guru,
 - b. nepikeun kesan, pesen, harepan katut koméntarna,
 - c. leuwih disiplin dina diajarna
 - d. lancar dina ngalaksanakeun tindakan
 - e. ngahontal kamampuh hasil diajar nu geus ditangtukeun
2. *Murid mampu menghayati dan mengamalkan perilaku jujur, disiplin, tanggungjawab, peduli (gotong royong, kerjasama, toleran, damai), santun, responsif dan proaktif dan menunjukkan sikap sebagai bagian dari solusi atas berbagai permasalahan dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam serta dalam menempatkan diri sebagai cerminan bangsa dalam pergaulan dunia*
 - a. Indikator hasil diajar
 - b. Tujuan pangajaran
 - c. Kompeténsi Inti
 - d. Kompeténsi Dasar
 - e. Évaluasi pangajaran
3. Maluruh kalawan taliti kondisi di hiji kelas nu rék ditalungtik kaasup kana kagiatan
 - a. Diagnostik
 - b. Obsérvasi
 - c. Prasurvéy
 - d. Evaluasi
 - e. Panalungtikan

4. Kagiatan mutolaah, nganalisis, jeung ngainterprétasi data nu kapanggih pikeun nangtukeun atawa ngaévaluasi kahontalna tujuan pangajaran anu keur dioméan
 - a. Obsérvasi
 - b. Prasurvéy
 - c. Evaluasi
 - d. Diagnostik
 - e. Réfléksi
5. Salah sahiji ciri panalungtikan PTK nu teu dilaksanakeun dina jenis panalungtikan séjénna nyaéta
 - a. obsérvasi
 - b. tahap-tahapan
 - c. analisis
 - d. uji coba
 - e. siklus
6. Sajaba ti pikeun maluruh jeung ngaronjatkeun hasil pengajaran, panalungtikan jenis PTK ogé gedé mangpaatna pikeun
 - a. Ngaronjatkeun kualitas profési guru
 - b. Ngaronjatkeun kamampuh diajar murid
 - c. Ngaronjatkeun ajén sakola
 - d. Nangtukeun bahan pangajaran
 - e. Netepkeun alat évaluasi
7. Numuwuhkeun kabiasaan ngalaksanakeun panalungtikan jeung menulis artikel ilmiah di kalangan guru nu ngarojong kana profésionalisme jeung karir salaku pendidik kaasup kana
 - a. Kasang tukang PTK
 - b. Tujuan PTK
 - c. Mangpaat PTK
 - d. Masalah PTK
 - e. Panalungtikan PTK
8. Proposal PTK kudu disusun kalawanán sistematis jeung logis sangkan
 - a. jadi padoman anu jelas dina ngaréngsékeun masalah jeung ngahontal tujuan panalungtikan

- b. lancar tur kagambar kalawan rinci hasil panalungikan anu bakal dilaksanakeun
 - c. sagala rupa masalah nu patalina jeung kagiatan pangajaran di kelas bisa kaungkulan
 - d. babari nangtukeun instrumén panalungtikan nu bakal dipaké dina kagiatan obsérvasi
 - e. hipotésis panalungtikan anu geus ditangtukeun ti anggalna ngahontal
9. Medar ayana gep (patukangtonggong) antara kondisi nu sabenerna di lapangan jeung kondisi normatif nu dipiharep dina proposal panalungtikan sok disimpel di bagian
- a. hipotésis
 - b. kasangtukang
 - c. masalah
 - d. tujuan
 - e. mangpaat
10. "Kumaha kamampuh murid SD Sindangheula dina nulis *pangalaman* saméméh ngagunakeun métode karyawisata?"
- Kalimah di luhur sok dirumuskeun dina
- a. masalah panalungtikan
 - b. tujuan panalungtikan
 - c. mangpaat panalungtikan
 - d. pedaran hasil panalungtikan
 - e. analisis data panalungtikan

Kompeténsi Profésional

11. Komunikasi pikeun ngabadamikeun hiji perkara, maksud, kahayang, pikiran, rasa ti panyatur ka lawan nyaritana atawa sabalikna, kaasup kana kagiatan
- a. wawancara
 - b. biantara
 - c. paguneman
 - d. hutbah

- e. ngadoa
12. ngawanohkeun murid kana lentong, luhur handapna sora, réngkak, jeung pasemon tujuanana pikeun ngaronjatkeun
- a. kamampuh linguistik
 - b. Kamampuh ngagunakeun basa tulis
 - c. Kamampuh ngagunakeun basa lisan
 - d. kamampuh undak usuk basa
 - e. kamampuh verbal nonverbal
13. Ngawanohkeun murid kana wangun téks paguneman, paham tanda baca, kayaning kekenteng tanya, koma, titik, titik dua tujuanana pikeun ngaronjatkeun
- a. kamampuh linguistik
 - b. Kamampuh ngagunakeun basa tulis
 - c. Kamampuh ngagunakeun basa lisan
 - d. kamampuh undak usuk basa
 - e. kamampuh verbal nonverbal
14. Karya tulis anu eusina medar ngeunaan lalampahan dirina sorangan sok disebut
- a. carpon
 - b. novel
 - c. dongéng
 - d. biografi
 - e. otobiografi
15. Salami dipingpin Ali Sadikin, pangwanganan Kota Jakarta kacida majuna. Jalan-jalan aralus deui, lian ti loba nu anyar téh. Gedong sakola terus nambahana. Wewengkon nu tadina kotor, loba nu salin jinis jadi sehat. Geura ulin ka daerah Pluit ayeuna. Saha nu nyangka urut rawa. Nya kitu deui Cengkareng, Pulo Gadung, Ancol, atawa Kemayoran. Hasil usaha Ali Sadikin, jadi daerah pikabiteun. Malah Ancol mah jadi tempat wisata kacida mashurna. Ti mana-mana daratang ngadon pariknik. Hidep gé pasti kungsi ulin ka Ancol. Éta kabéh jasana anjeunna.
- Wacana di luhur kaasup salah sahiji sempalan karya tulis wanda
- a. Sajarah Ali Sadikin

- b. Biografi Ali Sadikin
 - c. Otobiografi Ali Sadikin
 - d. Carpon Ali Sadikin
 - e. Dongéng Ali Sadikin
16. Nuliskeun ngaran tokohna, tempat jeung tanggal lahir, riwayat sakola, rupa-rupa hasil karya jeung kaunggulan séjénna kasup kana unsur-unsur nu kudu aya dina karya tulis nu disebut
- a. sajarah
 - b. dongéng
 - c. carpon
 - d. biografi
 - e. otobiografi
17. Anu ngabédakeun antara karya tulis biografi jeung otobiografi téh nyaéta
- a. saha nulisna
 - b. sana nu macana
 - c. eusina
 - d. jalan caritana
 - e. tema jeung amanatna
18. Teu lila kuring ditugaskeun di Bandung téh, ngan dalapan bulan. Bulan kasalapan tauh 1999 ditugaskeun ka Jakarta. Salila di Jakarta dibaturan ku pamajikan. Sataun ti harita lahir si Cikal. Budak nu kadua jeung nu katilu mah lahirna téh di Palémbang.
- Wacana di luhur kaasup salah sahiji sempalan karya tulis wanda
- a. sajarah
 - b. dongéng
 - c. carpon
 - d. biografi
 - e. otobiografi
19. Informasi nu ditepikeun dumasar fakta nu aya, peristiwa nu kajadian, sarta aya patalina jeung kapentingan nu maca sok diebut
- a. berita
 - b. iklan

- c. dongéng
 - d. carita
 - e. hikayat
20. Berita ngeunanan hiji fakta anu ditarima langsung ti narasumber atawa sumber kajadian/peristiwa nyaéta
- a. berita langsung
 - b. berita teu langsung
 - c. informasi
 - d. sajarah
 - e. diary
21. Informasi anu dipidangkeunana aktual basana basajan, lugas, saayana, singget, padet, jelas, teu ngayayay, narik ati, jeung euyeub ku data kaasup kana
- a. sarat informasi
 - b. sarat berita
 - c. sarat carpon
 - d. sarat biografi
 - e. sarat wacana
22. *Investigative News, Explanatory News, Interpretative News, Depth News* kaasup kana kelompok
- a. berita langsung
 - b. berita teu langsung
 - c. berita kotan
 - d. berita majalah
 - e. tabloid
23. Beritanu dipedar kalawan rinci, madukeun antara pakta nu aya jeung opini nu nulis sarta dijelaskeun kalawan gemet tur panjang lébar dibarengan ku argumentasina, sok disebut
- a. *Explanatory News*
 - b. *Interpretative News*
 - c. *Depth News*
 - d. *Investigative news*

- e. *Hot news*
24. Tulisan anu kudu merhatikeun unsur-unsur kecap pananya kyaning *what, who, when, where, why, jeung how (5W + 1H)* kaasup kana
- prinsip-prinsip berita
 - bahan berita
 - berita kotan
 - berita majalah
 - tabloid
25. Informasi anu eusina mangrupa ajakan atau atawa anjuran ka masarakat sangkan milampah hiji hal pikeun kapentingan balaréa atawa kapentingan umum, upamana hirup disiplin, taat aturan, jeung sajabana sok disebut
- iklan
 - iklan kulawarga
 - iklan layanan masarakat
 - iklan wawaran
 - iklan sandi
26. Istilah drama téh asalna tina basa Yunani draomai anu hartina
- tingtrim atawa tiis
 - ngudag atawa néangan
 - ngalakukeun atawa ngaréaksi
 - nyokot atawa ménta
 - nurutan peta jalma
27. Drama mibanda unsur-unsur intrinsik nu ngawéngku téma, palaku jeung karakterna, latar, galur, amanat, jeung
- prolog, monolog, dialog, jeung épilog
 - prolog, kontradialog, jeung dialog
 - prolog, dialog, jeung monodialogis
 - prolog, dialog, monolog, jeung logis
 - prolog, logis, dialog, jeung monolog,
28. Drama dina hasanah sastra Sunda ngawéngku sawatara rupa, contona
- téater, sinétron, jeung léngsér

- b. longsér, génding karesmén, jeung drama modéren
- c. longsér, léngsér, jeung téater
- d. génding karesmén, léngsér, jeung téater
- e. sandiwara, longsér, léngsér, jeung téater

29. Narator:

*“Satulunya dicaritakeun
dina tanggal tilu welas
bagéan caang bulan badra taun 1279 Saka
Sang Prabu Maharaja Sunda
perlaya di Bubat di nagri Majapahit”*

Dina drama, bagian anu ditémbongkeun ku ungkara di luhur disebutna

- a. prolog
- b. dialog
- c. monolog
- d. épilog
- e. katalog

30. Drama salian ti bisa dibaca naskahna, bisa ogé dipintonkeun. Aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun lamun seug urang mintonkeun drama, di antarana

- a. nyiptakeun pintonan anu teu kudu ngirut panitén sarta pikaresepeun nu lalajo
- b. vokal atawa sora kudu bédas sangkan dialog atawa monolog urang téh bisa kadéngé ku nu lalajo.
- c. urang kudu bener-bener bisa ngaéksprésikeun eusi naskah nepi ka nu lalajo bisa ngiluan dina hiji carita.
- d. intonasi atawa lentong nyarita kudu siga keur ngadalang luyu jeung karakter tokoh anu dimaénkeun.
- e. kudu siga keur ngadalang luyu jeung karakter tokoh anu dimaénkeun.

KONCI JAWABAN

1. B nepikeun kesan, pesen, harepan katut koméntarna,
2. C Kompeténsi Inti
3. C Prasurvéy
4. E Réfléksi
5. A Ngaronjatkeun kualitas profési guru
6. B murid
7. C Mangpaat PTK
8. A jadi padoman anu jelas dina ngaréngsékeun masalah jeung ngahontal tujuan panalungtikan
9. B kasangtukang
10. A masalah panalungtikan
11. C paguneman
12. C Kamampuh ngagunakeun basa lisan
13. A kamampuh linguistik
14. E otobiografi
15. B Biografi Ali Sadikin
16. D biografi
17. A saha nulisna
18. E otobiografi
19. A berita
20. A berita langsung
21. B sarat berita
22. B berita teu langsung
23. B *Interpretative News*
24. A prinsip-prinsip berita
25. C iklan layanan masarakat
26. C ngalakukeun atawa ngaréaksi
27. A prolog, monolog, dialog, jeung épilog
28. B longsér, génding karesmén, jeung drama modéren
29. A prolog
30. B vokal atawa sora kudu bédas sangkan dialog atawa monolog urang téh bisa kadéngé ku nu lalajo.

PANUTUP

Sadérék geus réngsé ngulik opat Kagiatan Diajar dina modul Pembinaan Kompetensi Guru Basa Sunda Kelompok Kompeténsi J. Tina opat kagiatan diajar, gurat badagna mah ngawengku dua widang, nyaéta widang pédagogik jeung widang profésional. Dina widang pédagogik, dipedar 1) réfléksi pangajaran bahasa Sunda di SMA/SMK jeung 2) PTK dina pangajaran basa Sunda di SMA/SMK. Ari dina widang profésional dipedar 3) wanda téks jeung 4) drama basa Sunda.

Tangtu waé ieu modul téh lain mangrupa kaweruh nu lengkep lantaran ngan salasahiji tahap tina sapuluh Tahap Modul Basa Sunda pikeun guru Basa jeung Sastra Sunda SMA/SMK. Ieu modul mangrupa modul terahir, anu digunakeun pikeun guru anu teu lulus Ujian Kompeténsi Guru (UKG) dina Tahap X atawa anu geus lulus UKG dina Tahap I nepi ka Tahap IX.

Sadérék dina ngulik ieu modul kudu tahap demi tahap. Lamun geus ngulik Kagiatan Diajar I, Sadérék kudu migawé latihan, tuluy saruakeun jawabanana jeung konci jawaban nu geus disayagikeun dina unggal tungtung kagiatan. Kitu jeung kitu waé saterusna nepi ka réngsé Kagiatan Diajar IV. Lamun dina hiji Kagiatan Diajar can bisa ngawasa bahan, saméméh pindah kana Kagiatan Diajar satulunya, Sadérék kudu malikan deui jeung ngaderes deui éta bahan. Lamun geus réngsé sakabéh Kagiatan Diajar I—IV, Sadérék bisa migawé soal ujian pikeun ngukur tahap Sadérék nyangkem bahan ajar.

DAFTAR PUSTAKA

- Arikunto, S., Suhardjono, jeung Supardi. 2006. *Penelitian Tindakan Kelas.* Jakarta: Bumi Aksara.
- Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian. 2013. *Kompetensi Inti dan Kompetensi Dasar Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda.* Bandung: Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat.
- Balai Pengembangan Bahasa. 2008. *Kamus Besar Bahasa Indonesia.* Jakarta: Balai Pustaka.
- Budianta, Melainie, dkk. 2002. *Membaca Sastra.* Magelang: Indonesiatera.
- Danadibrata, RA. 2006. *Kamus Basa Sunda.* Bandung: Kiblat Utama.
- Dimyati dan Mudjiono. 2013. *Belajar dan Pembelajaran.* Jakarta: Rineka Cipta.
- Hadi, Ahmad. 2004. *Panggelar Sastra.* Tanggerang: Pamulang.
- Haerudin, Dingding. 2007. *Panyungsi Basa Sunda Kelas X.* Bandung: Kiblat Buku Utama
- Haerudin, Dingding. 2012. *Panganteur Kaparigelan Nyarita.* Bandung. Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI.
- Iskandarwassid. 2003. *Kamus Istilah Sastra.* Bandung: Geger Sunten
- Juhaendi, Deni, spk. 2006. *Nyangkem Basa Sunda Kelas Kelas IX.* Bandung: Pelita Ilmu.
- Kemmis, S. and McTaggart, R. 2014. *The Action Research Reader.* Victoria, Deakin University Press.
- Koswara, Dedi. 2013. *Racikan Sastra Pangdeudeul Pangajaran Sastra Sunda.* Bandung: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI
- Koswara, Dedi. 2010. *Sastra Sunda Modern.* Bandung: JPPD FPBS UPI
- Lembaga Basa jeung Sastra Sunda. 1995. *Kamus Umum Basa Sunda.* Bandung: Manglé.
- Liliweri, Alo. 2011. *Komunikasi: serba ada serba makna.* Jakarta: Kencana.
- Nuryiantoro, Burhan. 2001. *Penilaian dalam Pengajaran Bahasa dan Sastra.* Yogyakarta: BPFE.-Yogyakarta.
- Payong, Marselus R. 2011. *Sertifikasi Profesi Guru; Konsep Dasar, Problematika dan Implementasinya.* Jakarta: Indeks.
- Peraturan Menteri Negara Pendayagunaan Aparatur Negara dan Reformasi Birokrasi (PAN-RB) Nomor 16 Taun 2009 tentang *Jabatan Fungsional Guru dan Angka Kreditna*
- Peraturan Menteri Pendidikan Nasional (Permendiknas) Republik Indonesia Nomor 16 Tahun 2007 tentang *Standar Kualifikasi Akademik Dan Kompetensi Guru*
- Rusyana, Yus. 1984. *Bahasa dan Sastra dalam Gamitan Pendidikan.* Bandung:

CV Diponegoro.

- Sacadibrata, 2005. *Kamus Basa Sunda*. Bandung: Kiblat
- Salmun, M.A. 1958. *Kandasa Kasusastraan*. Bandung: Ganaco
- Sanjaya, Wina. 2009. Penelitian Tindakan Kelas. Jakarta: Kencana
- Sopandi, Atik. 1988. *Tetekon Padalangan*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Susanto, Hidayat. 2003. *Kurawa Pandawa*. Bandung: Geger Sunten.
- Susilowati, Herry. 2015. *Réfléksi dalam Pendidikan; Apa Arti Pentingnya?*
<http://publikasi/buletin/sancaya-volume-03-nomor-01-edisi-januari-februari-2015>
- Sutawiria, Ibnu. 2006. *Bagal Buntung Hayang Walagri*, Majalah Cupumanik. No. 35.
- Wiriaatmadja, Rochiati. 2009. “Metode Penelitian Tindakan Kelas”. Bandung: Remaja Rosdakarya.

GLOSARIUM

action research, penelitian tindakan.

ajén gotong royong, paripolah anu daék gawé bareng, rempug jukung sauyunan dian nyanghareupan pasualan, resep nyarita jeung teu kurung batok, sarta daék nulung ka nu butuh nalang ka nu susah.

ajén integritas, dadasar hiji jalma dina ngalaksanakeun pagawéan sangkan bisa dipercaya, boga komitmen jeung tuhu kana ajén kamanusaan katut moral.

ajén mandiri, sikep anu teu gumantung ka nu séjén jeung daék mikir tur bajoang pikeun ngahontal harepan jeung angen-angen.

ajén nasionalis, cara mikir jeung paripolah anu satia, *peduli*, tur ngajén kana bédana basa, lingkungan fisik, sosial, budaya, ékonomi, sarta pulitik.

ajén religius, paripolah pikeun ngalaksanakeun ibadah jeung kataatan kana ajaran agama nu dicepengna, ngajénan kana rupaning agama, tur ngariksa kana sakumna ciptaan Mantenna.

altruis, jalma anu ngutamakeun kapentingan balaréan (teu mentingkeun diri sorangan).

aprésiasi sastra, kagiatan ngararasakeun jeung nganiléy karya sastra ngaliwatan maca atawa ngaregepkeun.

biografi, riwayat hirup (saurang jalma) nu ditulis ku jalma lian.

diagnosis, nangtukeunjenis panyakit ku cara nalungtik gejala-gejalana.

éksprési sastra, kagiatan midangkeun karya sastra ku cara dibacakeun, dicaritakeun, diragakeun, atawa dituliskeun.

implementasi, ngalaksanakeunana atawa nerapkeunana.

indikator, hiji hal anu bisa ngajelaskeun jadi pituduh atawa keterangan.

intake, kamampuh rata-rata murid; jumlah duit nu ditarima, jumlah bahan anu dipaké.

komponen, bagian tina sakabéh unsur.

otobiografi, riwayat hirup ptibdi nu ditulis ku sorangan.

output, hasil.

PKB, Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan, hiji wong pembelajaran pikeun guru anu prak-prakanana tuluy-tumuluy ngaliwatan rupa-rupa cara jeung pamarekan sabada guru nyangking atikan jeung pelatihan salaku guru.

PPK, Penguatan Pendidikan Karakter, hiji gerakan di sakola pikeun nguanan karakter siswa ngaliwatan harmonisasi étik, éstétik, literasi, jeung kinéstétik, kalawan diwewegan ku pangrojong ti rupa-rupa pihak anu ngawangun rampak gawé antara sakola, kulawarga, jeung masarakat. PPK ogé mangrupa bagian tina Gerakan Nasional Revolusi Mental (GNRM). Tina sajumlahing ajén-inajén karakter bangsa Indonésia, aya lima karakter poko anu diintegrasikeun dina modul kagiatan Pembinaan Kompetensi Guru. Éta lima karakter téh ngawengku réligius, nasionalis, mandiri, gotong royong, jeung integritas.

quitient, hasil pikeun.

réfléksi pangajaran, kagiatan anu dilaksanakeun dina proses diajar ngajar anu prinsipna mangrupa kagiatan ngajén nu dilakukeun ku murid ka guruna.

réfléksi, gerakan, pantulan luareun nu dipikahayang (kasadaran) minangka jawaban kana hiji kagiatan nu jolna ti luar.

LAMPIRAN-LAMPIRAN

Lampiran 1 (Sampul Proposal/Laporan PTK)

PROPOSAL/LAPORAN PENELITIAN TINDAKAN KELAS (PTK)

JUDUL PTK:

.....
.....
.....



ku

.....
(ngaran lengkap jeung gelar)

NGARAN SEKOLAH
ALAMAT/KOTA/KABUPATEN/PROVINSI
TAUN NYUSUN PTK

Lampiran 2 (Lambar Pengesahan Proposal/Laporan PTK)

**LAMBAR PENGESAHAN
USULAN/LAPORAN PENELITIAN TINDAKAN KELAS (PTK)**

1. Judul PTK	:
2. Idéntitas Diri a. Wasta Lengkep jeung Gelar b. Jenis Kelamin c. Pangkat/Golongan/Ruang d. NIP atawa No. Identitas Séjén e. Ngaran Sakola f. Alamat Sakola g. No. Telp./HP h. E-mail	:
3. Pendanaan a. Sumber		Rp

Kauninga ku
Kepala Sakola,

Ngaran tempat, tanggal bulan taun
Guru Panalungtik,

Tanda tangan jeung Stempel Sakola

Tanda tangan

.....
NIP

.....
NIP

Lampiran 3 (Lambar Observasi Guru)

LAMBARAN OBSERVASI AKTIVITAS GURU
SIKLUS 1/2/3/jst.

Wasta Obsérver :
Poé, Ping :
Jam :
Kompeténsi Dasar (KD) :

10.1.1	Mensyukuri anugerah Tuhan akan keberadaan bahasa Sunda dan menggunakannya sesuai dengan kaidah dan konteks sosial budaya sebagai sarana komunikasi melalui teks biantara, paguneman, biografi dan otobiografi, aksara sunda, dongeng, carita wayang, carpon, guguritan, dan sisindiran .
10.2.1	Menunjukkan prilaku jujur, disiplin, peduli, santun, dan proaktif dalam berbahasa Sunda untuk memahami biantara (pidato) dan paguneman (percakapan).
10.3.1	Mengidentifikasi dan menganalisis teks biantara sesuai dengan kaidah-kaidahnya.
10.4.1	Menyusun, menanggapi, dan memperagakan teks biantara sesuai dengan kaidah-kaidahnya
Indikator Pencapaian Kompetensi	10.3.1.1 mengidentifikasi berbagai teks biantara dengan cermat 10.3.1.2 mengamati isi téks biantara dengan teliti 10.3.1.3 menganalisis bahasa yang dipergunakan dalam teks biantara dengan teliti 10.3.1.4 menjelaskan isi teks biantara dengan baik 10.4.1.1 menyusun teks biantara dengan baik 10.4.1.2 mengedit dan memperbaiki teks biantara dengan teliti 10.4.1.3 membacakan (memperagakan) teks biantara dengan memperhatikan kaidah-kaidahnya

No	Aspek nu Ditiénan	Dilaksanakeun		Skala Peunteun			
		Aya	Henteu	4	3	2	1
I	Bubuka						
	Orientasi Guru nepikeun tujuan diajar biantara kalawan daria.						
	Apersepsi Guru medar matéri biantara anu dipatalikeun jeung matéri saméméhna.						
	Motivasi Guru nepikeun pedaran perkara mangpaat diajar biantara.						
	Méré Papagon <ul style="list-style-type: none"> ✓ Guru medar ngeunaan mangpaat diajar aturan-aturan biantara. ✓ Guru ngabagi siswa jadi sababaraha kelompok pikeun maham eusi sababaraha teks biantara. ✓ Guru ngajéntrékeun mekanisme prak-prakan pangajaran. 						
2	Kagiatan Inti						
	a) Guru méré conto téks biantara jeung ngayakeun tanya jawab jeung siswa kalawan daria.						
	b) Guru ngaping siswa pikeun nyaritakeun eusi téks biantara kalawan hadé.						
	c) Guru ngajak siswa pikeun ngoméntaran eusi téks biantara.						
	d) Guru mancénkeun siswa pikeun néangan bahan bacaan séjén ngeunaan aturan jeung conto biantara.						

No	Aspek nu Ditiénan	Dilaksanakeun		Skala Peunteun			
		Aya	Henteu	4	3	2	1
3	Kagiatan ahir						
	a) Guru negeskeun deui matéri pangajaran anu geus ditepikeun.						
	b. Guru ngalaksanakeun evaluasi kana kaidah-kaidah biantara						
	b) Guru méré pancén siswa pikeun néangan bacaan perkara biantara tina sababaraha sumber (buku, majalah, internet, narasumber)						
	c) Guru Mungkas kagiatan pangajaran.						

Keterangan:

Béré tanda *chek list* (✓)dina kolom **aya** lamun katitén dilaksanakeun, atawa dina kolom **henteu** lamun teu katitén dilaksanakeun.

Skor Peunteun

- 1 : Dilaksanakeun tapi teu saluyu
- 2 : Dilaksanakeun tapi kurang merenah jeung teu sistematis
- 3 : Dilaksanakeun kalawan merenah tapi kurang sistematis
- 4 : Dilaksanakeun kalawan merenah jeung sistematis

Catetan obsérver:

.....

Bandung,

Obsérver,

Panalungtik ,

NIP/NUPTK

NIP/NUPTK

Lampiran 4 (Lambar Observasi Siswa)

**LAMBARAN OBSERVASI AKTIVITAS SISWA
SIKLUS 1/2/3/jst.**

Wasta Obsérver :
Poé, Ping :
Jam :
Kompeténsi Dasar (KD) :
 10.1.1 Mensyukuri anugerah Tuhan akan keberadaan bahasa Sunda dan menggunakannya sesuai dengan kaidah dan konteks sosial budaya sebagai sarana komunikasi melalui teks **biantara, paguneman, biografi** dan **otobiografi, aksara sunda, dongeng, carita wayang, carpon, guguritan, dan sisindiran**.
 10.2.1 Menunjukkan prilaku jujur, disiplin, peduli, santun, dan proaktif dalam berbahasa Sunda untuk memahami biantara (pidato) dan paguneman (percakapan).
 10.3.1 Mengidentifikasi dan menganalisis teks biantara sesuai dengan kaidah-kaidahnya.
 10.4.1 Menyusun, menanggapi, dan memperagakan teks biantara sesuai dengan kaidah-kaidahnya.
Indikator Pencapaian Kompetensi :
 10.3.1.1 mengidentifikasi berbagai teks biantara dengan cermat
 10.3.1.2 mengamati isi téks biantara dengan teliti
 10.3.1.3 menganalisis bahasa yang dipergunakan dalam teks biantara dengan teliti
 10.3.1.4 menjelaskan isi teks biantara dengan baik
 10.4.1.1 menyusun teks biantara dengan baik
 10.4.1.2 mengedit dan memperbaiki teks biantara dengan teliti
 10.4.1.3 membacakan (memperagakan) teks biantara dengan memperhatikan kaidah- kaidahnya

No	Aspek nu Ditiénan	Dilaksanakeun		Skala Peunteun		
		Aya	Henteu	4	3	2
I	Bubuka					
	Orientasi Siswa merhatikeun guru anu keur nepikeun tujuan diajar biantara kalawan daria.					
	Apersepsi Siswa ngaregepkeun pedaran guru ngeunaan biantara anu dipatalikeun jeung matéri saméméhna.					
	Motivasi Siswa ngabandungan pedaran ngeunaan mangpaat diajar biantara.					
	Méré Papagon ✓ Siswa nyangking pedaran ti guru ngeunaan mangpaat diajar aturan-aturan biantara. ✓ Siswa dibagi jadi sababaraha kelompok pikeun maham eusi sababaraha teks biantara. ✓ Siswa ngaregepkeun mekanisme prak-prakan pangajaran.					
2	Kagiatan Inti					
	e) Siswa niténan, tanya jawab ngeunaan téks biantara kalawan daria.					
	f) Siswa nyaritakeun eusi téks biantara kalawan hadé.					
	g) Siswa ngoméntaran eusi téks biantara.					
	h) Siswa néangan bahan bacaan séjén ngeunaan aturan jeung conto biantara.					

No	Aspek nu Ditiénan	Dilaksanakeun		Skala Peunteun			
		Aya	Henteu	4	3	2	1
3	Kagiatan ahir						
	d) Siswa ngaregepkeun pedaran guru nu keur negeskeun deui matéri pangajaran anu geus ditepikeun.						
	c. Siswa ngalaksanakeun evaluasi kana kaidah-kaidah biantara						
	e) Siswa meunang tugas néangan bacaan perkara biantara tina sababaraha sumber (buku, majalah, internet, narasumber)						
	f) Mungkas kagiatan pangajaran.						

Keterangan:

Béré tanda *chek list* (✓)dina kolom **aya** lamun katitén dilaksanakeun, atawa dina kolom **henteu** lamun teu katitén dilaksanakeun.

Skor Peunteun

- 1 : Dilaksanakeun tapi teu saluyu
- 2 : Dilaksanakeun tapi kurang merenah jeung teu sistematis
- 3 : Dilaksanakeun kalawan merenah tapi kurang sistematis
- 4 : Dilaksanakeun kalawan merenah jeung sistematis

Catetan obsérver:

.....

Bandung,

Obsérver,

Panalungtik ,

NIP/NUPTK

NIP/NUPTK

Lampiran 5 (Catatan Lapangan)

**LAMBARAN CATETAN LAPANGAN (*FIELD NOTES*)
SIKLUS I/SIKLUS II/jst.**

Wasta Observer :
Poé, Ping :
Jam :

Catatan lapangan	Refléksi jeung Analisis

(Wiriaatmadja, 2009:129)

Bandung,
Obsérver,

NIP/NUPTK

